12+

2

2016



# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**

Ахсар КОДЗАТИ

**Редакция**

Зам. гл. редактора, проза – Борис ГУСАЛОВ
Поэзия, драматургия – Казбек МАМУКАЕВ

**Общественный совет**

Руслан БЗАРОВ, Анатолий ДЗАНТИЕВ,
Станислав КАДЗАЕВ, Елизавета КОЧИЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2016

# МАХ ДУГ

2

2016

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**

ХЪОДЗАТЫ Æхсар

**Редакци**

Сæйраг редакторы хæдивæг, прозæ – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи, драматурги – МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег

**Журналы æхсæны уынаффæдон**

БЗАРТЫ Руслан, ДЗАНТИАТЫ Анатоли,
КОСТЫ Лизæ, КЪАДЗАТЫ Станислав,
КЪУСРАТЫ Анатоли, ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2016

## НОМЫРЫ ИС:


**ХОЗИТЫ ЯКОВ: 100 АЗЫ**

*ХОЗИТЫ Яков.* **Æмдзæвгæтæ, тæлмац** 7

*ДАУЫРАТЫ Дамир.* **Рухсы тæппытæ.** Мысинæгтæ 11

**КЪОДОТЫ АЛЬБЕРТ: 60 АЗЫ**

*КЪОДОТЫ Альберт.* **Æрдзы цæссыгтæ.** *Æмдзæвгæтæ* 33

*ХЪАЗИТЫ Мелитон.* **Чырыстийы фæдзæхст.** Новеллæтæ 40

*ДЫГЪУЫЗТЫ Тенгиз.* **Табуйаг ном.** *Æмдзæвгæтæ* 59

*БУТАТЫ-ХЕСТАНТЫ Победæ.* **Этюдтæ** 65

*ТОХСЫРТЫ Къоста.* **Æнæрæнцойæ хъуыдыгæнæг.** Сатирикон радзырд 67

**«МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ.** *Ирон дзырдаивады дæснытæ* 73

**НÆ РАЗАГЪДЫ ЛÆГТÆ**

*АЙЛАРТЫ Измаил.* **Арсæгты Горгайы фæстаг зарæг** 79

*ГУЛЬЧЕТИ Епо.* **Арсæгти Горгай зар** 93

*ХЪУЫСАТЫ Генри.* **Заманхъуйлаг хъæбатыр** 95

*БАГАТЫ Аврам.* **Агысайы хæстон фæндæгтæ** 109

**ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ**

*БУКУЫЛТЫ Алыкси.* **Фаризæт.** Радзырд 117

**АРВИСТОН** 134


*Журналы авторты хъуыдытимæ редакци алкæд разы нæ вæйыы*

Йæхицæн уынаффæ кæнынхъом цы наци нæу æмæ йæ монцты-цы-бæлты уацары чи бахауы, уымæн фæзыны æцæгæлон хицæуттæ æмæ дзы цагъар саразынц, цæвиттон, бар-æнæбары кæмæндæр лæггад-гæнæг свæййы.

Дæ уæнгæл чи у, уый цур лæуу
сæркъулæй
Æмæ йæ стау – æнцон хъуыддаг у
уый?

*Джон Мильтон*

# ХОЗИТЫ ЯКОВ: 100 АЗЫ

*Йæ курдиат æххæстæй равдисын нæ бантысти Хозиты Яковæн: æрмæстдæр ын 22 азы саккаг кодта Хуыцау цæрæнбон. Фæлæ æвзыгъд, суинаг лæппу бæрæг фæд ныууагъта нæ поэзийы.*

*Яков райгуырди Зруггомы Хозитыхъæуы. Æхсæз азы йыл цыдаид, афтæ йæ бинонтæ ралыгъдысты быдырмæ æмæ æрцардысты Кировыхъæуы. Лæппу ам каст фæци скъола æмæ ацыди Дзæуджыхъæумæ, ахуыр кодта облæстон фыццæгæм фæлварæн скъолайы, стæй та хъæууон хæдзарады техникумы. 1936 азы райста Цæгат Ирыстоны паддзахадон педагогон институты диплом æмæ сси наукон-иртасæг институты аспирант. 1938 азы сæрды йæхи Терчы надта, афтæмæй æвирхъау хуызы фæмард.*

*Поэты сфæлдыстадон бынты æххæстдæр æмбырдгонд рацыди 1982 азы Дзæуджыхъæуы.*

*ХОЗИТЫ Яков*

## ДОБРОЛЮБОВЫ МЫСГÆЙÆ

Цæмæн фæзынд ыстъалы арвыл
Зымæгон сау æхсæвы тары?
Цæмæн йæ сонт базыртæ дардыл
Цæргæс бæрзонд хæхтæм фæлвары?

Цæмæй йæ ирд цæхæры артмæ
Уый тар æхсæвы ‘нгас æрдара,
Æви цæмæй йæ фæдыл дардмæ
Æфхæрд уæнгты хъару ыссара.

Цæмæн йæ ферттывдимæ арвыл
Уый хаугæ ‘рттиваг фæд ныууагъта?
Цæмæн æвзонг уарийы мардыл
Æврæгъты ставд цæссыг æрхаудта?

Цæмæй æдзух лæууа мæ разы,
Уæлахиз тох йæ баст рæмудза,
Æмæ сæрибары фæндагыл
Æнусмæ уый цырагъау судза.

## МÆ ФЫНЫ ДÆР...

Æнайы чызг, цы боны уай,
Цы номæй дæм фыссын!
Ызнон та дæ, мæ хуры хай,
Мæнмæ æрхаста фын...

Æз бадтæн уаты иунæгæй.
Мæ хъуыдытæй мæ сæр
Уыд дзаг, – хъæлдзæг мæ фидæнæй.
Фæзындтæ мæм ды дæр.

Рæуæг, бæрæгбон дарæсты
Зæрдæрайгæ – дæ каст.
Дæ уындæй ме ‘взонг къабæзтæм
Уæд цины хур æркаст...

(Лæппу, æрра кæм нæ вæййыс
Ды ахæмты уындæй!)
Ысдзырдтон дæм: цæмæн лæууыс?
Чызгай, æрбад-ма, цæй.

Æрбадтæ. Æз дæ хъарм къухмæ
Куыд февнæлдтон – мæгъа.
Дæ мидбылты мæм бахудтæ
Æмæ дзырдтай: – Æрра!

– Мæнау фæуай, о хъал чызгай, –
Дзырдтон дын æз бæргæ, –
Кæд сау æрфгуыты бамбæхстай
Ды ме ‘нхъæлцау зæрдæ.

Кæд уый æхсæвæй, бонæй дæр
Дæу фæмысы æрмæст,
Кæд сусæгæй, æргомæй дæр
Дæ цинæй у æфсæст.

## ÆРЫХЪАЛ

*А. С. Пушкинæй*

Мæ фæлмæн баз –
Мæ нывæрзæн.
Мæ алыварс мæ хуыссæнтæн
Фæлыгъд сæ тавст,
Фæлыгъд сæ ад.
Мæ сæнттæ – саст,
Мæ зæрдæ – ‘нкъард...
Мæ уарзон цард,
Дæ бирæ маст,
Дæ бирæ уарзт,
Дæ нысæнттæ,
Дæ цин, дæ ад...
Зæрдæйы хъазт,
Дæ фæдыл баст
Лæджы сæнттæ...
Сæнттæ, сæнттæ,
Кæм и уæ ад?
Кæм дæ, кæм дæ,
Мæ адджын цард?
Фæлыгъд мæ фын,
Мæ хъæлдзæг фын
Фæсайдта мæн...
Кæсын, кæсын
Æмæ уынын:
Æз сидзæрæй,
Хæрз иунæгæй
Мæ тарф фынæй
Куы райхъал дæн...

## ЗАРÆГ УАДХÆССÆГЫЛ

*Максим Горькийæ*

Денджызы цъæх фæзы сæрмæ дымгæ мигъты ‘мбырд кæны. Мигътæй денджызы æхсæнты сау æрвнæрыны хуызæнау Уадхæссæг, сæрыстыр, хъæлдзæг, дардыл зилахар кæны.

Куы йæ базыræй ныццæвы денджызы ызнæт уылæнтæ, куы фæтæхы фатау мигътæм, хъæр кæны ‘мæ хъуысы мигътæм цинад уый уæндон хъæримæ.

Уыцы хъæры – уады мондаг! Масты тых, фæндоны зынг æмæ ‘ууæнк уæлахизадыл хъусынц уыцы хъæры мигътæ.

Ниуынц чайкæтæ йæ уындæй уадæн, ниуынц æмæ тагъддæр сты цæттæ сæ тарст æмбæхстмæ арфдæр денджызæн йæ быны уады фендæй...

Ниуынц ноджыдæр гагартæ, – уыдонæн, тæппуд гагартæн, нæй сæ туджы тохы цинад: арвы нæрынæй куы тæрсынц.

Гъе, ‘рра пингвин! Акæс, уый дæр тагъд-тагъд къæдзæхы дыдагъы арф йæ нард буар ныр æмбæхсы... ‘Рмæстдæр Уадхæссæг – сæрыстыр – зилы бархийæ, уæндонæй фурды знæт уылæнты сæрмæ!

Тагъддæр, тагъддæр æмæ ‘ввахсдæр ‘рцæуынц цъæх денджызмæ мигътæ, æмæ зарынц æмæ тонынц уылæнтæ сæхи уæлвонгмæ арвнæрыны размæ цырддæр.

Арв ныннæры. Знæт фынчытæй схъæрзы денджыз сонт дымгæимæ быцæуы. Мæнæ ‘рбамбырд кодта дымгæ уылæнты дзыгуыртæй иумæ зыд, тыхджын, уæрæх хъæбысы ‘мæ сæ фехста дард фырмæстæй сау къæдзæхты риуыл уыдон пырх ныккæнгæйæ тых цæфæй.

Уадхæссæг тæхы хъæргæнгæ сау æрвнæрæгау бæрзæндты фатау мигътимæ хæцгæйæ, базыртæй рæдувы денджыз.

Мæнæ ‘рбазилы, куыд демон, сатæгсау тымыгъы демон, куы ныххуды, куы ныккæуы... Уый сæнтсау мигътыл ныххуды, уый йæ фырцинæй ныккæуы!

Арвы сонт нæрыны масты хъусы уый къæрцхъус фæллайын, хъусы рагæй æмæ ‘ууæнды: мигътæн нæй нымбæхсæн хуры, – нæй нымбæхсæн!

Дымгæ ниуы... Арв ныннæры...

Ирд цъæх арт ысуадзынц мигътæ денджызы сæрмæ фырмæстæй. Денджыз арвы фæттæ ахсы ‘мæ сæ арф йæхимæ ‘мбæхсы. Раст сырхзынг кæлмытау доны тагъд къæдз-мæдзытæ кæнгæйæ арвæрттывды ирд тæмæнтæ денджызы ныгъуылынц къордгай.

– Уад! Рæхджы бон уад ныннæрдзæн!

Уый тымыгъты ‘хсæн уæндонæй зилы Уадхæссæг хъæбатыр денджызы фыцæны сæрмæ, уый ныхъхъæр кæны ныфсджынæй дард, уæлахизы фидиуæг:

– Уадз тыхджындæр уад ныннæræд!

*ДАУЫРАТЫ Дамир*

# РУХСЫ ТÆППЫТÆ

## ÆЗ ÆМÆ ГОГЫЗ

Иугæр мæ кæддæры сабидуг зæрдыл æрлæууыдис, зæгъгæ, афтæ мæ цæстытыл хъуамæ æнæмæнг ауайа нæ сыхаг Æлбегаты стыр сау гогыз йæ фæлурс лæппынтимæ уынджы бæстастæу. Мæ гыццыл хъæдын къори се ‘хсæнмæ батылдис, æмæ йæм куыд фæцæйуадтæн, афтæ мадæл гогыз мæ размæ æрлæууыд, йæхиуыл хæрдмæ схæцыд, йæ базыртæ ныппæлæхсар сты, йæ сырх бохъхъырыл зыр-зырæг бахæцыд, йæ хъоппæг цæстытæ мæм сдзагъултæ кодта æрбагæппæввонг. Æз дзы фæтарстæн æмæ кæугæ нæхимæ – лидзгæ. Мæ мадæн мæ хъаст ракодтон. Чи зоны, уæд мыл цыдаид цыппар, кæнæ фондз азы, фæлæ уæдæй фæстæмæ гогызтæй ме сæфт федтон. Цы мæргътæ нæм нæ уыдис хæсты фæстæйы мæгуыр азты – кæрчытæ, хъазтæ, урс æмæ сау бабызтæ... Гогызтæ та иннæ сыхæгтæй уæлдай – никуы, уымæн æмæ йæ мæ фæлмæн мад зыдта: йæ иунæг лæппу сæ нæ уарзы.

Æвæццæгæн, ацы дунейыл исты уæларвон тыхтæ ис, æмæ уыдон та мæн нæ бауарзтой, æндæра, дæлдæр цы цауты кой ракæнинаг дæн, уыдон мыл цæмæн æрцыдысты?..

...Æхсæзæм къласы фæстæ нæм сæрды райдиан иу райсом æрбацыд мæ мадыфсымæр Доцци, нæ кæрдо бæласы бын мæ йæ цуры æрбадын кодта æмæ загъта:

– Фæлæг кæныс, мæ хæрæфырт... Афтæ бакæн: колхозмæ бацу, фæллойбонтæ бакус. Скъолайы къæсæрæй цæмæй фæззæджы ног дарæсы бахизай, ууыл дæхæдæг батыхс, дæ мадæн уый стыр æххуыс уыдзæн...

Хъæугæрон æфсæнфæндаджы чысыл станцæйы – Дудараты станцæйы цур уыдысты уæд халсарты куыстгæнæг бригады зæххытæ æмæ уым ме ‘мбæлттæ Саукуыдз, Тимохæ, Дзатте æмæ Æхсаримæ рывтам цæхæра, джитъри æмæ къабускайы хуымтæ. Нæ хæдæттæ-иу кæрдæгмæ фехстам, нæхи-иу сбæгъæввад кодтам æмæ афтæмæй хъазгæ-худгæйæ, æз фæраздæронæй рæнхъыты ‘хсæнты Дермецыччы суадонæй уагътам дон. Изæр та-иу фæллад, фæлæ хъæлдзæгæй быдыр-быдыр нæ хæдзæрттæм æрбацыдыстæм.

Иу хатт ныл цы зæд атахти, цы хæйрæг нæ сардыдта, цы ‘фсонæй, уый абон нал хъуыды кæнын, фæлæ фæстæмæ хъæумæ цæугæйæ, Майрæмыхъуаты обау кæй хонынц, уый уæллаг фарс дæлбылы дзыхъхъы кæйдæр æртæ хъазы æмæ иу гогыз æрцахстам. Сæ сæртæ сын сæ базырты бын банорстам æмæ сæ тигъыл, сæ хицæуттæ горæтмæ кæмæн алыгъдысты, уыцы хæдзары цары сæвæрдтам. Боныцъæхтыл гогызæн йæхи суæгъд кæнын бантыст, кæртмæ æртахт æмæ катай систа. Йæ хъæрмæ сыхæгтæй чидæр кауы сæрты бакаст, маргъ дзæгъæлы йæхи афтæ нæ дардзæнис, зæгъгæ. Уæдмæ та хъазтæй дæр иу раласта йæ сæр базыры бынæй, æмæ уынг йæ хъæрæй байдзаг.

Сихормæ сбæрæг ис, кæй хъазтæ æмæ гогыз сты, уый – дæлæсыхаг Царахаты. Изæрæй нын сæ лæг Хадзыбатыр нæ дуар æрбахоста: базыдтой нæ. Мæнмæ хорз хъуысти, мæ мад дзы хатыртæ куыд куырдта, уый, æз, дам, æм тынг фæзагъд кæндзынæн, гогызмæ, дам, мæ лæппу æмгæрон дæр нæ бацыдаид, йæ дзидза дæр ын нæ хæры. Ныллæгъстæ йын кодта, Хуыцауы хатырæй, дам, скъоламæ ма бахæццæ уæд ацы хабар... Нæ бахæццæ.

...Мæ мад иу фæссихор нæ кæрты сæрдыгон пецы кæрдзынтæ фыхта æмæ дзы фыццаг уæлартæй кæй райста, уый мын урс хæцъилы батыхта æмæ загъта:

– Туатæм æй ныддав, цалынмæ хъарм у, уæдмæ дзы ахæрой...

Туатæ йæ цæгатæй загъта, махæй фондз хæдзары дæлдæр цардысты.

Кæрдзын сæм куы балæвæрдтон, сæ кæртыдуар сын мæ фæдыл куы рахгæдтон, уæд мæ тæккæ размæ фæцис нæ сыхаг лæппулæг Борыхъуаты Тæфцæг. Ахæм æнахуыр ном ын цæмæн

уыд, уый нæ зыдтон. Хъуыды дæр ыл никуы акодтон, Тæфцæг æмæ Тæфцæг. Иууылдæр æм уыцы номæй дзырдтой. Ныр дæр æй нæ зонын, йæ базонын мæ тынг куы бафæндид, уæддæр мын дзы ницы рауаид, уымæн æмæ йæ карæнтæй нæ сыхы ничиуал ис, се ‘цæг дунемæ ацыдысты. Фæлæ йæ хъæуы администрацийы архивы ссарæн уаид...

Гъемæ мын уыцы Тæфцæг уæд афтæ:

– Мæнæ тигъыл Малсæгæй райдай, стæй дарддæр ацу æмæ бадзурдзынæ Сабазмæ, уæхи Дауыраты Дзибимæ, Симкæмæ, Дзыцылмæ, стæй Федумæ æмæ сын афтæ зæгъ: Бедойты Дзыбыст Бынатыхицауæн æртæ чъирийы акодта æмæ уæ изæры сæхимæ хоны...

Кæй ранымадта, уыдон нæ сыхы зæронд лæгтæ уыдысты. Цалдæр къахдзæфы акодтон æмæ та мæ фæдыл радзырдта:

– Исчи дæ куы фæрса, æргæвст æм цы ис, зæгъгæ, уæд-иу зæгъ – гогыз. Дынджыр нæл гогыз...

Уымæн йæ дыккаг бон æз æмæ ме ‘мбæлттæ, нæ фадгуытæ уæрджыты онг стылдтам, афтæмæй уынджы цæугæдоны бацыдыстæм æмæ кæрæдзийыл нæ армытъæпæнтæй æмæ нæ бæгъæмвад къæхтæй хъарм дон калдтам, нæ цины хъæртæ æмæ æнахуыр хъыллистытæй уынг байдзаг. Уалынмæ кæсын, æмæ нæм дæлæ Дзыбыст мæсты цыд скæны. Йæхи комкоммæ мæнырдæм сарæзта. Не ‘хсæн ма цалдæр къахдзæфы бæрц куы баззад, уæд ын йæ тызмæг цæстæнгас федтон æмæ йæ бамбæрстон: мæн ахсынмæ хъавы. Цыдæр тых мæ доны астæуæй былмæ раппæрста æмæ – лидзгæ. Дзибиты цур гыркъобæласмæ сгæпп кодтон, уайтагъд йæ тæккæ цъуппыл балæууыдтæн.

Дзыбыст мæм хæрдмæ кæсы, йæ хъомтæ скъæрæн лæдзæгæй мæм æвзиды:

– Сар дæ сæр кæны!.. Кæдмæ фæраздзынæ уым ауыгъдæй?

Нæ уынæрмæ хæдзарæй рацыд Дзыбийы бинойнаг Ладинка. Хабар бамбæрста. Куы мæнмæ скæсы, куы Дзыбыстмæ, стæй йæ фæрсы:

– Цы дын кодта мæ гыццыл тиу?

– Куыд цы кодта? – Хорз мæм хъуыст Дзыбысты тызмæг ныхас. – Знон изæр сыхыл æрзылд, Дзыбыст, дам уæ сæхимæ хоны, æз та никæй хуыдтон... Æз сæ фарстон, уæ дуæрттæ уын чи бахоста, зæгъгæ, æмæ, дам, уæлæ Ханджерийы сырхсæр лæппу. Куы æрбакалдысты, уæд ма мын цы гæнæн уыдис...

Никуы мæ ферох уыдзæн, Ладинка куыд ныххудти æмæ йын цы загъта, уый.

– Дзыбыст, мæ хур, дæхæдæг уый карæн никуы уыдтæ? Куыд хъуамæ æрцахстаид уымæн йæ сæр афтæ бакæнын? Уæдæмæ чидæр фæрæдийын кодта гыццыл лæппуйы...

Дзыбыст ма иу чысыл алæууыд, иу хатт ма мæм йæ къобола лæдзæгæй бавзыста æмæ – дæлæ араст.

Ладинка йæ фæдыл аджих, исдуг хъуыдыты аныгъуылд, стæй загъта:

– Тынг раст дын бакодтой, чъынды цыдæр!..

...Ивгъуыд æнусы æхсайæм азты райдиан æфсады уыдтæн Гуырдзыстоны горæт Ахалцихы, артиллерион полчъы хайады кæстæр сержант. Мæ бæрны фондз салдаты. Сæ иу бынæттон цæрджытæй. Куыд мын радзырдта, афтæмæй йæ фыд, сæхимæ хæстæг куыд уа йæ иунæг лæппу, уый тыххæй уæлдæр хицауадæй кæимæдæр баныхас кодта.

Иу сабат мæм æрбацыд æмæ мын афтæ:

– Æфсады хæдразмæ ус ракуырдтон, ауадз мæ нæхимæ æмæ йæ фенон. Къуырисæры сæумæцъæхыл ам уыдзынæн, мацæмæй тæрс.

Æз уыцы ныфс мæхимæ нæ райстон, фæлæ йæ бакодтон не старшинамæ, уый та – сомихаг. Дзæуджыхъæуккаг, дзæбæх зæрдæ мæм дардта. Хабар ын куы загътон, уæд ног усы коймæ бахудти æмæ гуырдзиагæн йе уæхск æрхоста:

– Æмæ нын демæ цы ‘рбаласдзынæ?

– Гогыз, – фæцырд ис лæппу, – гогызтæ нæм бирæ ис, урс гогызтæ. Сæн дæр...

Нæ фæзындис гуырдзиаг нæдæр сæумæцъæхыл, нæдæр – сихæрттыл, нæдæр афтидармæй, нæдæр æд хуын.

Æхсæвы мæ сомихаг сыстын кодта, йæ хъæлæсы уаг æмæ йын йæ митæй бамбæрстон: цыдæр æрцыдис.

– Бæллæхы нæ нытъæыста дæ гуырдзиаг, – загъта уый. – Йæ ног усы кæйдæримæ байййæфта æмæ сын сæ сæртæ къултыл фæхоста. Æрцахстой йæ... Дæуæй та курын: фæрсдзысты дæ æмæ-иу мæ кой ма скæн. Дæуæн ницы кæндзысты, мæн та фæтæрдзысты...

Æз æй æмбæрстон.

Дыккаг бон фæссихор æгас полчъы дæр слæууын кодтой рæнхъгай. Булкъон Цветков, цы ‘рцыдис, уый бамбарын кодта. Иунæг æз разындтæн аххосджын. Æгъдау халынмæ рæнхъон

салдатæн кæй фæахъаз дæн, уый тыххæй, дам, амæй фæстæмæ кæстæр сержант нал уыдзынæ, фæлæ – ефрейтор. Дæ бæрны иу æфсæддон дæр нал уыдзæнис!..

Ууыл бирæ азтæ рацыдис. Иу райсом Дзæуджыхъæуы проспекты æнæнхъæлæджы фембæлдтæн сомихаг старшинайыл. Хабар дæр æрымысыдыстæм, зæрдиаг худт фæкодтам...

...Æфсадæй куы сыздæхтæн, уæд кусын райдыдтон Елхоты районы газеты уацхæссæгæй. Йæ редакци рæстæгмæ æрбынат кодта Терчы был кæройнаг уынджы Чеджемты хæдзары. Иу уаты бадтыстæм æз, Ходы Камал æмæ Къубалты Махар. Æз афтæ бадт фæдæн, æмæ нæм мидæмæ чи цыд, уыдоны-иу фыццагдæр æз федтон. Иу фæссихор кæсын, æмæ æрбацæуæн асинтыл алæууыд сыхæгты зæронд ус, йæ хъæбысы гогыз, йæ къухы карды ком хурмæ æрттывтытæ калдта. Æз хабар бамбæрстон, фæгæпп ластон, пыхс мæ сæрыл ахастон. Къæсæрыл куы алæууыдтæн, уæд зæронд ус фæстæмæ фæзылд æмæ дæлæ уынджырдæм стырындз, стæй æвиппайды фæзылд æмæ загъта:

– Нæ, нæ, нæ!.. Мæн де ‘ргæвст гогыз нæ хъæуы!.. – æмæ дуары æдде фæци.

Æз сагъдауæй баззадтæн, мæхинымæр зæгъын, æвæццæгæн, мæм истæуыл хæрам у, æрæджы нын сихорхæрдмæ иу дзаджджын уæливых æрбахаста, сыхæгтæ, дам, афтæ хъуамæ кæной. Æз ын зæрдиаг арфæтæ куы ракодтон, йæ тæбæгъы йын дзæбæх къафетт куы сæвæрдтон, уæд ын уый циу – йæ гогыз æргæвдынмæ мæныл цæуылнæ бауæндыд?..

Уый мæнæн цы хъыг уыдис, уый мæнæн куыд зын уыдис! Мæ къæхтæ мæ быны фæтасыдысты, мæ мидбынаты æрбадтæн.

Æрæгмæ куы здæхтæн, уæд мæм Махар агурæг рацыд, мæ уавæр мын куы федта, уæд ныккатай кодта:

– Исты дæ риссы? Дæ цæсгомыл хуызы цъыртт куы нал ис...

Æз ын мæ хъаст ракодтон, уый бахудти, мæ цуры æрбадт æмæ загъта:

– Ау, æмæ дæ рох фæцис, кæм кусыс, уый? Елхот у пысылмон хъæу, ам æндæр диныл хæст лæджы æргæвст нæ хæрынц...

Æз уый уæд нæма зыдтон.

Фæлæ уæдæй фæстæмæ нæхи хъæуы дæр никуы никæмæнуал бакуымдтон маргъы хурхыл кард сæвæрын...

* * *

Арæх æмбæлтты астæу, кæнæ фынджы уæлхъус бадгæйæ, æз ракæнын мæ сыхаг Беккуызары кой. Мæнæ ма не стыр Советон Цæдисы заман адæмон къантрол йæ тæккæ хъаруйæ куы уыдис, æбæрнон разамонджытæ, давджытæ æмæ æхсæнадон мулк хæлæттаггæнджытæ дзы æмризæджы куы рызтысты, уæд уый нæ районы уыцы куысты сæргъы лæууыд. Арæх-иу æмбырдæй, иннæ æхсæнадон бæрæггæнджытимæ ацыдысты колхозтæм, совхозтæм, суанг горæты промышленнон куыстуæттæм. Уыдоны разамонджытæ йæ зыдтой, Беккуызар урс гогызы фыд кæй уарзы, уый, хорз-иу æй федтой, уæдæ нын кæд не ‘ппæт хъæндзинæдтæ нæ рахъæр кæнид, зæгъгæ. Лæгъстæйаг ын уыдысты.

Уый-иу хорз банызта, хорз бахордта, стæй-иу йæ фæстаг сидты йæ арфæ фæци мæнæ ахæм ныхæстæй, æнæмæнг цæмæндæр уырыссагау:

– Мне у вас понравилось, мы еще придем!... – Æмæ ма-иу æй уæд фысымтæн цы бамбарын хъуыд...

* * *

Чи мæм фæхъусы, уыдон тынг фæхудынц, мæ иу хæлар цы бакуыста, уый сын куы радзурын, уæд. Цæвиттон, иу райсом раджы йæ гогызты сæ дарæнæй куы рауагъта, уæд кæсы, æмæ сæ егъаудæртæй иу уым – нæ. Цы фæуыдаид? Сæ бынатмæ сын бакаст – нæй. Цæхæрадоны алы къуымты æрзылд, уым дæр та – ницы. Æмæ уæд фæгуырысхо, йæ дæллаг фарс чи цæры, ууыл. Бирæ фæкатай кодта, ныццæуа сæм, æви ма нæццæуа, фæлæ уæддæр фæссихор нал фæлæууыд æмæ сын сæ кæрты дуарыл бахæцыд.

Сæхимæ сæ гыццыл чызг йеддæмæ ничи разынд, уæлæ, дам, не ‘рвадæлтæм, Зилгæйы, куывд ис æмæ уырдæм хуын ахастой... Мæ хæлар йæ машинæйы абадт æмæ Зилгæйы балæууыд. Хæдзары æфсинмæ дуармæ бадзурын кодта æмæ йæ фæрсы:

– Хуымæллæгæй уæм уе ‘рвадæлтæ ссыдысты?

– О...

– Æмæ цы уыдис сæ хуыны?

– Мæнæ куыд вæйыы, афтæ. Æртæ чъирийы, арахъхъы графин, иу нæл стыр гогыз, стæй мæнæн лæвар – куатæ... Ныртæккæ сæ сыхбæстæм дæр равдисдзыстæм...

– Уæдæ афтæ, – йæ худын тыххæйты уромы мæ хæлар, –

чъиритæ, графин æмæ куатæйæн цы дæ зæрды ис, уый кæн, фæлæ гогыз мæ гогыз у æмæ мын æй рахæссут...

Æфсин хорзау нал фæци, скатай, мæнæ, дам, цæуын æмæ дын дæ сыхæгтæн сæхи бафæрсон, сæхи сын рарвитон, æз уын уæ дæлгоммæ ныхæстæн ницы ‘мбарын...

Мæ хæлары сыхæгтæ йæм сæхæдæг нæ рацыдысты. Фых гогыз ын целлофан дзæкъулы иу лæппуйæн рарвыстой, фæстæмæ йæ Хуымæллæгмæ æрласта...

## УЫЦЫ ДЗУРАГ ПЪЫРЫПЪЫФ

Ныр цыппæрæм бон æз нымад дæн районы газеты литературон кусæгыл. Райсомæй мæм редактор Таутиаты Умар йæхимæ фæсидти æмæ загъта:

– Мæнæ дæ хæдразмæ ныхас кодтон хуыйæн цехы хицау Дойаты Ларисæимæ, уый дын дæ ныццыдмæ демæ ныхасмæ бацæттæ кæндзæн сæ раззагдæр кусджытæй иуы, æмæ дзы сылгоймæгты бæрæгбоны номыræн интервью райс. Æцæг, дам, æгæр дзурынмондаг вæйиы, уымæ гæсгæ дæхæдæг кæс, исты-иу ын дзы равзар сæдæ рæнхъы фаг. Къаддæр дæр нæ, фылдæр дæр... Дæ иу къах ам, иннæ – уым...

Ларисæ мын кæртмæ ракодта иу ныллæджытæ, йæ дæргъæй, йæ уæрхæй бæрæг нæу, зæгъгæ, кæмæй фæзæгъынц, ахæм сылгоймаджы. Мæ хæлар Кокайты Виктор-иу, ахæмтæ уынджы нæ размæ фесты, зæгъгæ, уæд-иу мæ басхуыста:

– Кæс-ма, пъырыпъыф нæу, зæгъыс?.. Фæйнæрдæм фæцыд...

Кæнæ та-иу мæ афарстаид:

– Мæнæ ацы богалимæ хъæбысæй нæ рахæцис?..

Бæласы бын æрбадтыстæм, æз мæ диктофон систон, ныллæг хъæдын стъолыл æй æрæвæрдтон æмæ йын къухæй ацамыдтон уырдæм, зæгъын, дзур.

Зыбыты иунæг минут дæр нæма фæдзырдта, афтæ мын Ларисæ мæ диктофон фелвæста, мæ къухыл мын ахæцыд:

– Цом-ма, ай, газетæн цы дзурын хъæуы, уый куы нæ зоны...

Пъырыпъыф уым бадгæйæ баззад.

Рацыдыстæм, йæ кусæн уатмæ æндæр сылгоймаджы æрбакодта, уый дæр, дам, уымæй фæстæдæр нæ зайы куысты. Фæны-

хас кодтам, фæфарстон æй, ссыдтæн редакцимæ фæстæмæ, ныффыстон æй.

Бæрæгбоны хæдфæстæ та мæм редактор йæхимæ фæсидти, мæнæ, дам, мæм ныртæккæ партийы райкомы секретарь Батиаты Изæтбег дзырдта, иу сылгоймаг, дам, уыл хъаст кæны, мæн, дам, дзурынмæ сцыбæл кодтой, газеты та æндæр кæйдæр рауагътой... Куыд у уый?

Æз ын радзырдтон, цы рауадис, уый. Стæй, зæгъын, кæд хъæуы, уæд хъастгæнæгæн йæ раныхас диктофоны фыстæй баззади. Рахæссын мын æй кодта Умар, байхъуыста йæм æмæиу куы ныххудтис. Æрæджиау мын афтæ зæгъы, гæххæттыл, дам, ма йын рафысс йæ ныхæстæ, æз сæ райкоммæ ахæссон, уадз æмæ уым дæр фæхудой.

Рафыстон æй. Нæ секретарь æй рамыхуыр кодта дыууæ экземпляры æй, иу дзы редакторæн, иннæ та – мæхицæн ныууагътон. Цасдæр æй мæ дзыппы фæхастон, куы-иу æй кæмæн бакастæн, куы – кæмæн.

Мæнæ ис Пъырыпъыфы кæддæры раныхас. Куыддæриддæр уыдис, афтæмæй, ницы дзы æппаргæ акодтон, ницы æфтаугæ:

– Йæд у... Мæ мад мæ раздæр сахуыр кодта мæнæ судзины хуынчъы æндах аласыныл. Уый тагъд базыдтон. Æндах бынæй балхынцъ кæнын, стæй та æмпъузын. Уыцы азты ног дзаума кæмæ хаудта, æмæ æз дæр æнцад мæхицæн æмпъузæнтæ кодтон. Суанг ма-иу мæм нæ сыхæгтæ дæр æрбадавтой... Уже æвдæм къласы, нæ дæ бауырндзæн, мæхицæн хæцъил дзабыртæ бахуыдтон. Йæ зындæр хъуыддаг уыди уафсимæ архайын. Цы ма?.. О хæдæгай... Æппæтæй тынгдæр цæуыл цин кодтон, уый зоныс, мæнæ дзæбæх læппу? Уый дæуæн диссаг уыдзæни... Дæсæм къласмæ куы бахызтæн, уæд нæ къласы чызджытæн се 'ппæтæн дæр лифтæ æз бахуыдтон. Цæуыл худыс?.. Сæ иуæй-иутæн-иу сæ риутæ, мæнæ рагуалдзæг хæрисбæласы къалиуты цъæх къуыбæртты йас систы – малюсенькие. Дæ цæстытыл ма сæ ауайын кæн. Иннæтæн та фæззыгон тымбыл къухы йас фæткъуытау. Æз-иу, уыдонæй læппуты къух кæуыл андзæвыд, уый дæр базыдтон...

Иу хатт мæм мæ первый падругæ Зитæ урочы астæу йæ лиф партæйы бынты куыд æрбацæйлæвæрæдта, афтæ йæ ахуыргæнæг, тыххæссæг, куы ауынид, йæ къухтæй йын æй акъахта. Тыххæссæг!.. Уыцы Зитæйæн йæ фыццаг уарзонæн йæ лифы

цæппузыртæ æфтауын нæ куымдтой æмæ сæ уæд æррæдывта... Ахæм рæстæг æй дæхицæй нæ зоныс?..

Умар æй редакцийы нæлгоймæгтæн дæр бакаст. Изæтбег дæр, дам, хъæрæй фæхудти. Цехы хицау Ларисæйæн, дам, афтæ зæгъы, кæдæм, дам, батагъд кодтай, цы фæлæбурдтай диктофонмæ, бауагътаис ма дзурын дæ хуыйæджы, кæд ма æндæр исты диссæгтæ дæр радзырдтаид...

## ТИРЕ

Хицæн чиныгæй мæ документалон уацау, «Меню æртæ бонæн», зæгъгæ рацыд. Ныхас дзы цæуы, 1982 азы Хуымæллæджы колхозмæ Мæскуыйæ коммунистон партийы Центрон Комитеты секретарь Егор Лигачев куы ссыдис, уый тыххæй.

Гъемæ мæм чиныгкæсджытæй чидæр æрбадзырдта, иу цымыдисаг цау, дам, дæ ферох. Æмæ мын æй радзырдта.

Цæвиттон, стыр уазæджы ссыдмæ колхозы правленийы цур уынджы дыууæ даргъ хъæдыл фæндаджы сæрмæ æрцауыгътой сырх хъуымацыл фыст лозунг. Уыдысты йыл, Леонид Брежнев фæстаг партион съезды цы фæдзæхста, уыцы ныхæстæ: «Рабочее время работе!»

Лигачев райсом ссæудзæн, зæгъгæ, афтæ партийы райкомы секретарь Гæлинæ Большакова фæзынд уыцы лозунг бæрæггæнæг. Кæсы, æмæ дзы рæдыд ссардта. Цы чындæуа? Колхозы сæрдар Кæсæбиты Русланмæ бацæуын нæ бауæндыд, къæйных у, цы йын фæхъыг уыдзæн, Хуыцау йæ зонæг. Райкомы фыццаг секретарь йеддæмæ иннæты ницæмæ дары. Фæстæмæ йæ машинæйы багæпп кодта, ссыдис æмæ хъуыддаг бамбарын кодта райкомы дыккаг секретарь Дзиуаты Эльбрусæн.

Ныр та уый балæууыд Хуымæллæджы. Русланы æддæмæ рахуыдта, лозунджы бынмæ æрлæууыдысты. Эльбрус тызмæгхуызæй бафарста:

– Уæлæ уым тире кæй хъæуы, уый нæ зоныс?

– Ницæмæн дзы хъæуы! – рамæсты Руслан. – Искæй фæлмæны ма батъыссут уæ тире... – Æмæ дæлæ араст.

Дзиуы-фырт уынджы астæу лæугæйæ баззад.

Хабар æнæхъæн районыл дæр ахъæр, æмæ уæдæй фæстæмæ Русланыл ныффидар фæсномыг:

– Тире...

# ЧЪЫНДЫ ЛÆГ ФÆХÆРДЫ

Куы цæрын, уæдæй нырмæ бирæ анекдоттæ фехъуыстон, кæсгæ та – ноджы фылдæр, фæлæ мæ цæмæндæр уайтагъд ферох вæййынц. Иуæй фæстæмæ...

Мæ кусæн уатмæ-иу мæ нæ сæйраг бухгалтер, чъынды лæг Науырызы цурты цæуын хъуыд. Иу райсом æй иннæ бонтæй уæлдай æнкъардæй баййæфтон, цыдæр æнахуыр тызмæг цæстæнгас ын.

Æз тынг фæдис кодтон, бауæндыдтæн æй бафæрсын, зæгъын, цы кæныс, Науырыз, дысон дæ дзæбæх усимæ фæхыл дæ. Уый дзургæ ницы скодта, æрмæст йæ сæр батылдта, фæлæ йæ цуры лæугæйæ куы баззадтæн, уæд æй, æвæццæгæн, бамбæрста æнæ дзуаппæй мæ бынатæй нæ фенкъуысдзынæн, уый, скасти мæм æмæ загъта:

– Ма тыхс... Бон цæуы æмæ мæстытæ йемæ ахæссы...

Стыр сихæрттæ сси. Науырыз ма уыцы хуызæнæй бады. Нал та йæм фæлæууыдтæн:

– Науырыз, æз дæ ныртæккæ схудын кæндзынæн...

– Нæ мæ схудын кæндзынæ...

– Æмæ дæ куы схудын кæнон, уæд та?

– Ацу дæ фæндагыл, дæ рæстæг дзæгъæлы ма саф...

Алчидæр æй зыдта, нæ бухгалтер коньяк йеддæмæ кæй ницы нуазы, уый. Æмæ йын загътон:

– Кæд не схудай, уæд дын мæнæй хъызлайраг коньяк, кæд схудай, уæд дæуæй та бæгæныты асыкк. Ды йæ иунæгæй нуаздзынæ, мах та æнæхъæн редакцийæ. Баныхас кодтам?..

Науырыз мæм хæрдмæ скаст, йæ дынджыр къæдз фындзы рагъ йæ амонæн æнгуылдзæй æрсæрфта, æмæ йæ уæд йæ цæстæнгасæй бамбæрстон – баныхас кодтам.

Æмæ райдыдтон:

– Æрæджы газет «Рæстдзинад»-ы бакастæн болгайраг горæт Габровы цæрæг адæмы хъæлдзæг ныхæстæ. Иу дзы ахæм уыд... Лæг, ус æмæ сæ гыццыл лæппу кинотеатрмæ бацыдысты. Лæг кассæйы цур æрлæууыд æмæ кассирæн афтæ зæгъы:

– Радт мын дыууæ билеты ас адæймæгтæн, иу та сывæллоны билет, мæ гыццыл лæппуйæн...

Билеттæ уæйгæнæг йæ сæр æддæмæ радардта æмæ ныддис кодта:

– Уæртæ уымæй зæгъыс гыццыл лæппу?.. Æмæ уый уæртæ дынджыр даргъ хæлаф куы дары!..

– Уæдæ уæд сывæллоны билет мæ усæн æри, уый цыбыр хæлаф дары, – фæцырд æм лæг...

Науырыз йæ цæстытæ хæрдмæ нæ систа, йæ сæр батылдта, стæй йыл худæг бахæцыди, йе уæхсчыты зыр-зыр нал æмæ нал æнцад.

Ходы Камал бæгæныты асыкк рахаста редакцийы кæрты астæу цъæх нæумæ...

## ДАРГЪ ФЫНДЗ КÆМÆН ВÆЙЙЫ...

Уæд ма студент уыдтæн. Иу хатт мыл проспекты ме ‘мхъæуккаг Фидараты Æхсар амбæлд. Иу-цалдæр азы кæрæдзи нал федтам, кæмдæр балцы уыдис. Бацин мыл кодта зæрдиагæй, стæй мæм æдзынæг ныккаст, хинхудт бакодта æмæ загъта:

– Ды зоныс, хæдзар сæйрагдæр цæмæй фæфидауы, уый?

Æз ын æвиппайды дзуапп дæттынмæ куы нæ сарæхстæн, уæд йæхæдæг фæразæй:

– Йæ рудзгуытæй!..

Цы зæгъдзынæн уый фæдыл, уымæ та нал банхъæлмæ каст, ногæй та мыл фарст æрбаппæрста:

– Уæдæ адæймаджы цæсгом та цæмæй фæфидауы?

Уыцы фарстайæн дæр та æвæстиатæй дзуапп раттынмæ цæттæ нæ уыдтæн, æмæ та уæд йæхæдæг нал фæлæууыд:

– Йæ фындзæй, мачи дзы уа! – Æмæ хъæрæй ныххудти.

* * *

Мæ фындз стыргомау кæй у, уый мæхимæ æрæгмæ бахъардта, цалынмæ мын æй милицæйы хицау нæ бафидис кодта, уæдмæ. Уый та афтæ уыд.

Нæ сыхаг Туаты Бист милицæйы бæхтыл куыста. Изæр-иу йæ бричкæ сæ уæрæх кæрты бæрæгастæу баурæдта, бæхты-иу суагъта, сæ дзылæрттæй-иу сæ цæлхытæм бабаста æмæ-иу уыдон гуыффæйæ цъæх кæрдæг мерс кодтой.

Иу сæрдыгон бон та сæ сæ цæхæрадоны кæрон акъаци бæласыл бабаста. Быдыр сæ тæккæ чъылдыммæ ис æмæ сын уырдыгæй

кæрдæг æрбахаста, сæ цуры сын æй æркалдта. Мах æй Бисты хистæр æфсымæр Батыры сидзæр лæппу, мæхи æмгар Æхсаримæ бахъахъхъæдтам æмæ, дæлæсыхы Цъæхилтæм хоры куывдмæ куы ацыд, уæд бахъуызыдыстæм, дзылæрттæ райхæлдтам, бæхты кауы цурмæ бакодтам, уайтагъд сын се рæгътыл балæууыдыстæм æмæ хъæуы фале Дудараты станцæмæ нæ ных сарæзтам. Æхсар – разæй, æз – фæсте.

Ам нæм, Алагиры поезд кæй хуыдтой, уый вагæтты рудзгуытæй бæлццæттæ сæ къухтæ куы тылдтой, уæд махæй амонджындæр ацы зæххыл ничиуал уыдис.

Бæх дæр бафæллайын зоны, уый нæ ферох, æмæ сæ ног хуымгонд зæххы батардтам, ууылты Туацъæйы суадæттæм фæндаг цыбырдæр уыдис. Сæ læф-læф куы ссыдис, уæд сæ доны астæу баурæдтам. Сæ былтæ-иу дзы фæтъыстой, сæ сæртæ-иу батылдтой æмæ-иу уазал æртæхтæ махыл дæр æрбакалдысты, æхцондзинад нын хастой.

Уæдмæ Бист сæхимæ раздæхт. Йæ бæхтæ сæ бынаты куы нæ разындысты, уæд фæдис систа. Мах хъамылты астæу куыд лæууыдыстæм, афтæ милицæйы дыууæ кусæджы нæ уæлхъус фегуырдысты. Иу мæ дзы уыцы мæстыйæ мæ цонгæй æривæзта, æмæ уазал доны мæ тъæпп фæцыд.

Нæ дыууæйы дæр милицæмæ акодтой, уым нæм хицауы кабинеты æнхъæлмæ каст иу стыр тызмæг лæг, пыхцыл сау-сауид æрфгуытæ йын. Къæсæрыл æрбахизæны Бист Æхсары фæлмæнтæ ехсæй ныццавта. Уый скуыдта, йæ цæссыг фемæхст, æз та лæууын, ницы дзурын, мæ цæстытæ пъолыл баныхæстысты.

Милицæйы хицау мын мæ роцъойыл схæцыд, стæй мын мæ галиу хъус сивæзта, йæхимæ мæ скæсын кодта æмæ загъта:

– Æз дын, мæнæ бурсæр, дæ дæргъæццон фындз дæлæ дæ къæхты быны онг æриваздзынæн, уый дæ уырны?

Куы ницы та дзырдтон, уæд ыл, æцæгæйдæр, ныххæцыд æмæ йæ æррæдувæгау кодта. Тынг мын фæрыст æмæ ныр та æз куыдтон.

Уæдæй абоны онг уыцы дæрзæг æнгуылдзты уазал мæ фындз æнкъары, стæй мын цыма уæд, æцæгæйдæр, фестырдæр, фæдаргъдæр, афтæ мæм кæсы... Уымæй фæстæмæ мын милицæйы кусджытæ куыддæр фенад сты, цыма иууылдæр, мæн чи бафхæрдта, уыцы læджы хуызæн æгъатыр сты.

Партийы райкомы куыстон æмæ мæ милицæйы хицау баййардта, махмæ, дам, политикон хайадмæ мæ хæдивæгæй рацу,

тæккæ фыццаг бон дын майоры цин раттын кæндзынæн. Æз æй ской дæр нал бауагътон, æмæ уæд уый нæ фыццаг секретарæн ныллæгъстæ кодта, партион фæдзæхсты хуызы, дам, æй махмæ рарвит. Уый дæр ын не сразы, нæхи, дам, хъæуы. Нæ ныууагъта уæддæр йæ фæнд милицæйы хицау.

Иу ахæмы нæм партийы обкомы фыццаг секретарь Хъæбæлоты Билар æрцыд. Милицæйы хицау мæ Билары цурмæ баскъæфта, йæ фæндон ын загъта. Билар дзургæ ницыма скодта, фæрсæгау мæм куы æрбакаст, уæд ын æз, кæддæр мын милицæйы хицау мæ хъус куыд сивæзта, мæ фындз мын куыд рацæйтыдта, куыд мын бафидис кодта, уыдæттæ куы радзырдтон, уæд тынг ныххудти, бынæй мæм хæрдмæ скаст, йæ галиу къухæй мын ме уæхскмæ сæвнæлдта æмæ загъта:

– Ацу æмæ дæхи куыст кæн...

* * *

Иу дзæбæх æрдхорд мын уыдис – Къозаты Мурат. Уæздан, хъазæн ныхас уарзаг. Уымæн, мæгуыр, йæ фындз мæ фындзæй дзæвгар стырдæр уыд, уайтагъд ын-иу æй бафиппайдтой. Нæлгоймæгты æхсæн-иу уый тыххæй ныхас куы рацыд, уæд-иу йæхицæй æппæлын систа:

– Мæн мæ фындзы тыххæй сылгоймæгтæ фылдæр уарзынц, уый сымах зонут? Цæмæн? Уый цыдæр у, цыдæр. Цыдæр бæрæггæнæн...

Æмæ та-иу йæ арм йæ дæргъæццон фындзыл рæвдаугæ æрхаста.

Æмдзæвгæтæ фыста Мурат дæр. Иу хатт æй хынджылæджы хуызы баййардтон, зæгъын, цæуыл нæ хардз кæныс поэтикон рæнхъытæ, ахæм куы ницыуал баззад, бавдæл æмæ ма дæ фындзы тыххæй дæр рифмæтæ ссар. Зæрдæ мын бавæрдта, фæлæ цыдæр æрæгмæ фыста. Уыцы рæстæг æз поэт Регистаны, мæнæ Михалковимæ Советон Цæдисы гимны ныхæстæ чи ныффыста, уый чиныджы фæкомкоммæ дæн æмдзæгæ «Нос»-мæ. Уыцы уысм, цыма мæхи фындз йæ мидбынаты базмæлыд, афтæ мæм фæкаст. Дыууæ хатты йæ бакастæн æмæ йæ мæ зæрдыл бадардтон. Мурат мын æгæр æрæгмæ куы æххæст кодта мæ курдиат, уæд мæхинымæр скарстон, зæгъын, æз дын цы хъæуы, уый куы нæ бакæнон.

Фæззæджы, нартхортонæнты афон, горæтæй хъæуæн æххуыс кæнынмæ цы студентты къорд æрцыд, уыдонимæ фембæлдмæ

мæн æмæ Мураты семæ ахуыдтой районы библиотекæйы кусджытæ, æмдзæвгæтæ, дам, сын бакæсут. Студенттæй иутæ сæхи нартхоры кæритыл æруагътой, иннæтæ та сæ дзаг чыргъæдтыл бадтысты. Мæ рад æппæты фæстæ куы æрхæццæ, уæд æз райдыдтон Регистаны уыцы æмдзæвгæ дзурын. Чи йæ ныффыста, уый мыггаг сын нæма загътон æмæ уыдон, æвæццæгæн, æнхъæлдтой мæхи фыст у, зæгъгæ.

*Нос мой, видно по всему,*
*Семерым предназначался.*
*Вероятно, одному*
*По наследству он достался...*

Студенттæ мæм цымыдисæй кастысты. Æз дын, стырдæр фындз дзы кæмæн уыдис, ахæм чызджы цурмæ бацыдтæн, нымдзаст æм дæн, æргуыбыр æм кодтон æмæ, цыма уымæн дзурын, уыйау дарддæр ахæцыдтæн:

*Твой поменьше, но – большой,*
*Злостный расхититель крема.*
*Поцелуй для нас с тобой –*
*Постоянная проблема...*

Цæлыччы быдыры астæу ахæм худт æмæ къухæмдзæгъд, æвæццæгæн æмæ, фыццаг хатт фехъуысти. Тынг фемдзæгъд кодтой, фæстагмæ цы загътон, ууыл дæр:

– Ацы ‘мдзæвгæйы автор у мæнæ ме ‘рдхорд Мурат, йæхæдæг сæ бакæсынмæ æфсæрмы кæны...

Мурат, æцæгдæр, ныфсæрмытæ, исты ныхас зæгъынмæ нал сарæхст, чызджытæ йыл амбырд сты, радт ма нын æй, мах дæр æй найзуст сахуыр кæнæм, зæгъгæ. Уый, мæгуыр, стыхст, мæнмæ æрбакæс-æрбакæс кæны, æмæ йæ уæд æз фервæзын кодтон, зæгъын, мæнæ йæ фыссæн машинкæйыл ныммыхуыр кæндзыстæм æмæ уын æй сæрмагондæй æрбаласдзыстæм...

Æвæццæгæн, Муратæн йæхи зæрдæмæ дæр фæцыд мæ хъазæн ми, æмæ мын никуы ницы загъта. Æмæ та уæд æз мæ ныфс бахастон уыцы ‘мдзæгæ бакæсын, нæ культурæйы Галуаны поэзийы изæр куы уыдис, уæд. Уыдысты дзы цалдæр зындгонд ирон фыссæджы дæр. Каст куы фæдæн æмæ та куы загътон, мæнæ йæ нæхи Мурат ныффыста, зæгъгæ, уæд Хъайтыхъты Геор йæ бынатæй сыстад, нымдзæгъд кодта, стæй Муратмæ бадзырдта:

– Кæд ма дæм ахæм æмдзæвгæтæ ис, уæд ма нæм сæ Фысджыты цæдисмæ сæрвит...

Геор йæхæдæг дзурынмæ куы рацыд, уæд адæмыл афæлгæсыд, бахудт æмæ загъта:

– Цалынмæ уæ размæ цыдтæн, уæдмæ мæнæ ахæм рæнхъытæ райгуырд мæ сæры:

*Муратæн, æцæгдæр, даргъ у йæ фындз,*
*Хæлæгæй йæм амард Сау хохы рындз...*

Стæй мæнырдæм разылд:

*Ды дæр, Дамир, ма цин кæн, фæлæуу, –*
*Дæ фындз дæр бирæ къаддæр нæу...*

Адæм фырхудæгæй гуыбындихтæ фесты.

Цасдæры фæстæ Мурат Зæронд Бæтæхъойыхъæумæ газеты хъуыддаджы фæдыл ацыд. Фæндагыл йæ машинæ цыдæр кодта æмæ йæ быны салд зæххыл фæхуыссыд, уазал дзы бацыд, æмæ йын дохтырты бон дæр ницыуал бацис...

* * *

Æз мæ хъус дарын, даргъ фындзты тыххæй адæм цы фæдзурынц æмæ цы фæфыссынц, уыдæттæм. Æрæджы уыдтæн Гæбуты Жаннæйы концерты. Куыддæр сценæмæ рацыд, афтæ, мæ разæй чи бадт, уыцы сылгоймæгтæй иу иннæйы хъусы бадзырдта:

– Кæсыс, куыд срæсугъд ис. Афтæ зæгъынц, Израилмæ, дам, атахт сæрмагондæй йæ фындз фæкъаддæр кæнынмæ... Æмæ федтай?.. Се ‘хцатæ цæуылты хардз кæнынц иуæй-иутæ?!.

– Иу ранмæ дæр нæ атахт, – сбыцæу йемæ йæ фарсмæ бадæг. – Уæдæмæ, йæ раздæры мæллæг цæсгомы хуыз бацыди, нынныæрсти æмæ йæ фындз фыццаджы хуызæн даргъ нал зыны...

Æз сæм хъуыстон æмæ мæ зæрдыл æрбалæууыд, Францы президент Саркози сæ телеуынæны хицауæн цы ныффæдзæхста, уый:

– Дæ кусджытæн зæгъ: иуварсырдыгæй мæ ма ‘вдисæнт! Мæ фындз даргъ кæй у, уый уæд тынгдæр рабæрæг вæйиы, бынтондæр мæ фыдуынд кæны æмæ æрмæст уый тыххæй дæр æвзæрстыты фæхæрд уыдзынæн...

Мæн мæхи дæр, чысыл ма бахъæуа, мæ фындзы ахаст кæддæр ма бахъыгдара. Ме ‘взæрст чызджы хæдзармæ мæ минæвæрттæ æнæхъæн цыппар хатты ссыдысты; нæ мын æй лæвæрдтой. Цæуылнæ, зæгъгæ, уæд-иу мыл цалдæр фауы авæрдтой, иу та дзы уыдис ахæм:

– Фыдуынд лæппу у. Æгæр даргъ фындз ын ис...

Ныр уыдæттæ куы æрымысын, уæд мæ сызгъæрин бинойнаг Фатъимæт фæзæгъы:

– Дзæгъæл дзырд ма ма кæнæнт, тынг дзæбæх фындз дын ис.

Æцæг лæджы фындз!.. – Æмæ та зæрдиагæй ныххудæм.

## БЫТТУ, ÆВИ ЫППУ?

Кæддæр мæ мæ фыдыфсымæр Михал æхсынæны хъæдæй куыд фæнадта, уый уын радзурон...

Нæ хæстæг æрвад Хъасполатмæ æз дæр æмæ адæм дæр дзырдтой йæ фæсномыгæй – Ыппу. Ацы дунейыл нал ис, фæлæ хатгай йæ кой куы рацæуы, уæд та мæ цæстытыл ауайы ивгъуыд æнусы фæндзайæм азтæй иуы фæззыгон бон.

Уæд Ыппу сыздæхт æфсадæй. Махмæ дæр бæрæггæнæг æруад. Æрбахъæбыс мæ кодта, йæ матросы худ мыл æрсагъта. Абон дæр ма æнкъарын, фæсте мын мæ фæсонтыл уымæн йе ‘рттиваг лентытæ йæ хъарм армытъæпæнæй куыд æрлæгъз кодта, уый.

Æз уынгмæ разгъордтон æмæ уым ме ‘мбæлтты æхсæн мæнæй амонджындæр ничиуал уыди.

Æлбегаты Валодяйы та адæм Бытту хуыдтой. Киномеханикæй куыста. Хуымæллæджы фæсхæсты фæлтæр, колхозы клуб кæуыл сбадт, уым фыццаг кинонывтæ уый руаджы федтам. Искуы-иу лæгтимæ лæууы, зæгъгæ, уæд-иу мах дæр нæхи уырдæм байстам, Быттуйы хæстæгмæ фенæм, зæгъгæ.

Иу фæссихор скъолайæ æрцыдтæн, мæ хæцъилын хызын сынтæгмæ баппæрстон æмæ фæстæмæ уынгмæ згъоргæ, Зенайы тигъ кæй хуыдтам, уырдæм лæппутæм. Тырыса скъæфынтæй нæ тæккæ хъазгæйæ уыдыстæм, афтæ федтон, нæ дуарæй мæм Михал йæ къух куыд фæтылдта, уый. Сызгъордтон æм, мæ лæфлæф нал æмæ нал æнцайы.

– Уæлæ ма... суай, æрцу ма, зæгъ, æмæ мын мæ сæр алвын...

Кæд ма мын ноджыдæр исты зæгъинаг уыд, уæддæр æм нал фæлæууыдтæн, æцæг ма йæм тигъæй иу каст ракодтон. Æлбегаты кæрты дуар цалдæр хатты бахостон, стæй та сæ рудзынг, фæлæ мæм æддæмæ ракæсæг нæ фæци. Мæхинымæр, зæгъын, Бытту, æвæццæгæн, клубы уыдзæн, уæдæ æндæр кæм хъуамæ уа. Нæ билеттæ нын-иу, мидæмæ цæугæйæ чи скъуыдта, уыцы

фæлмæнтæ дзураг ус Кучиты Настя мын загъта, уый, дам, ацафон ам никуы вæйиы, уæлæ ма йæ Хъайтмазты Алиханатæм фен, чысыл раздæр сæ дуармæ цыдæр змæлд цыма уыдис.

Æз – уырдæм. Сæ кауын дуары зыхъхъырæй федтон, Бытту даргъ фынджы уæлхъус лæгтимæ куыд бады, уый. Æвæццæгæн, сæм мæ къæхты хъæр фехъуыст – мæнырдæм ракастысты. Зæгъын, Бытту мæ хъæуы. Æмæ мæм, æз хæстæгмæ йæ фенынмæ кæмæн фæбæллын, уый рацыд:

– Цы мæ кæныс, лæппу?

– Михал мæ сæрвыста дæумæ ...

– Михал чи у?

– Дауыраты...

– Æз Дауыратæм Михалы нæ зонын. Æндæр исты ном ма йын ис? Кæцы уынджы цæры?

– Дæлбылы фале, Æлбегаты Бабеттаты бакомкоммæ...

– Æмæ йæ, уагæры, цæмæн бахъуыдтæн ацафон? Нæ дын æй загъта?

– Афтæ, дам ын-иу зæгъ, æрцу æмæ мын мæ сæр алвын...

Бытту аджих, фæрсæгау, нæ ныхасмæ нын чи хъуыста, уыцы лæгтæм дæр акаст, стæй фæлмæн бахудтис, йæ къух мын ме уæхскыл æруагъта æмæ загъта:

– Дæ Михалæн фехъусын кæн, дæ сæр, зæгъ, æнæлвыдæй нæ баззайдзæн. Фæстæдæр æм ныууайдзынæн...

Æз нæхирдæм дæс-дыууадæс санчъехы дæр нæма скодтон, афтæ мæм фехъуыст, Хъайтмазты кæрты лæгтæ куыд ныккæлкæл кодтой, уый. Æвæццæгæн, сæм уæдмæ Бытту бахæццæ æмæ сын исты худæджы ныхас загьта...

Хъæуы сывæллæтты библиотекæйы цур мæ размæ фæци амы кусæг Бзарты Фуриат. Бацин мыл кодта:

– Æмæ æз дæу куы хъахъхъæдтон. Рауай-ма, мæ къона, мæнæ дын ног чиныг равзæрстон. Фадеевы «Метелица»... Æз никуыдæмуал тагъд кодтон, мæ фыдыфсымæры фæдзæхст мын æххæстгонд æрцыд, Быттуйы ссардтон, афонмæ йæм рараст...

Сахаты фæстæ ма ме ‘мбæлтты ныййæфтон тигъыл хъазгæ. Тырыса скъæфынмæ мæ рад нæма ‘рхæццæ, афтæ федтон, Михал та мæм йæ къух куыд фæтылдта, уый. Цас æм хæстæгдæр кодтон, уыйас мæм тынгдæр зынд йæ хъоппæг цæстытæ масты цæхæртæй куыд дзаг кодтой, уый æмæ ма мын æй цы бамбарын хъуыд: цыдæр æрцыдис, æвæццæгæн, цыдæр раст нæ бакодтон.

– Нырмæ кæм уыдтæ?

– Быттуйы агуырдтон. Сæхимæ нæ уыд æмæ...

– Бытту та чи у?

– Мæнæ кинотæ чи февдисы, уый. Æлбегаты...

– Æмæ дæ æз та кæмæ арвыстон?

Уыцы фарст мæнæн æнæнхъæлæджы уыд æмæ йын цы дзуапп радтон, ууыл цалынмæ хъуыды кодтон, уæдмæ та уый фæразæй:

– Цу-ма, уæртæ сарайы бынæй иу ставд æхсынæны хъæд æрбадав...

Цæмæн æй бахъуыд уыцы уысм æхсынæны хъæд, æз ууыл хъуыды дæр нæ акодтон. Куы йæм æй бадаргъ кодтон, уæд мын мæ цонгыл æрхæцыд, иннæрдæм мæ тыхзылд æркодта æмæ мын уыцы æхсынæны хъæдæй мæ фæстагыл ралæууыд:

– Уый дын Бытту! Уый дæр дын Бытту! Ныр æй зондзынæ, Бытту чи у, уый!

Мæ кæуын, æвæццæгæн, нæ сыхаг Æлбегатæм фехъуыст, сæ зæронд ус гуыбыр Бабетт дуарæй ракаст, Михалы къухтæй мæ байста, уайдзæфты бын æй фæкодта:

– Кæдæм марыс мæгуыр лæппуйы? Йæ сидзæр ын æгъгъæд нæу? Уагæры дын ахæмæй цы ракодта?

– Æз æй уæлæ нæхи Ыппумæ арвыстон, ай та мын цавæрдæр Быттуйы агурыныл схæцыд æгас хъæуыл. Куы йын дзурай, уæд дын лæмбынæг ницы хуызы байхъусдзæн ныхасмæ...

– Гыццыл лæппу афтæтæ фæкæны. Ды дæхæдæг уый цахъхъæн никуы уыдтæ? – загъта ма Бабетт. – Æнгæс нæмттæ йæ сдзæгъæлтæ кодтой.

Стæй мыл иуварсмæ ахæцыд, йе ‘нцъылдтæ куатæйы фæлмæн кæронæй мын мæ цæстысыгтæ ныссæрфта.

## ИВДДЗАГ МÆРДТÆ

Фыццаг хабар мын Заманхъулы йæ фæрныг хæдзары радзырдта дзæнæтыбадинаг Дзиойты Мухтар.

Сæ хъæуккаг Мырзæйæн, дам, йæ хистæр æфсымæр хæсты быдыры фесгуыхт, фæлæ йæ райгуырæн хъæумæ нал ссыд – Мæскуыйы йæ хæстон хъуыддаджы фæдыл кусынмæ баурæдтой. Мырзæмæ ныффыста, ардæм, дам, рацу, уым уæ мæгуыр колхозы айдагъ фæллойбонтыл кæдмæ хъизæмар кæндзынæ,

æз дæ ам исты куысты фæтъысдзынæн, дæ капекк-иу æдзух дæ дзыппы уыдзæни, зæгъгæ.

Иу фæззыгон райсом Мырзæ, Хуымæллæгæй Заманхъулмæ пост чи фæласы, уыцы бæхтæрæджы фарсмæ сбадт, Дудараты станцæйы æрхызт æмæ йæ поезд Мæскуыйы балæууын кодта. Уым фыццагдæр цы милиционерыл сæмбæлд, уымæ гæххæттыл фыстæй йе ‘фсымæры адрис равдыста æмæ йын уый бацамыдта, кæцы трамвайы йæ сбадын хъæуы, кæцырдæм ацæуын æмæ кæм æрхизын, уыдæттæ.

Мæскуыйæгтæ уайтагъддæр сæ митæй, сæ цæстæнгас æмæ сæ дарæсæй æрцæуæг адæймаджы базонынц, уæлдайдæр та давджытæ. Мырзæ трамвайы рудзынгыл баныхæст, цымыдисæй алырдæмты куыд ракæс-бакæс кодта, афтæ йын чидæр æхца æнхъæлæй йæ фæстаг дзыппæй йæ документтæ фелвæста æмæ цæугæ-цæуыны æддæмæ атæррæст ласта.

Дарддæр цытæ ‘рцыд, уымæ ма кæсут. Йæ къæхтæй иу дæр, æвæццæгæн, зæххыл нæма андзæвыд, афтæ йæ дзултæласæн машинæ æрбаййæфта, сцавта йæ, йæ разæй йæ фæласта, бассæста, ныцъцъæл æй кодта. Фындз бæрæг, цæст бæрæг дзы нал уыд...

Мырзæ, цы йыл æрцыд, уымæн ницы бамбæрста, хъулонмулон хъæлдзæг трамвай дарддæр тылдис æмæ тылдис...

Милицæ дзыпкъахæджы документтæм гæсгæ дыккаг бон Дзæуджыхъæумæ сдзырдтой, уе ‘мзæххон, дам, Мæскуыйы машинæйы бынмæ бахаудта. Уыдон та Хуымæллæджы милицæйæн загътой фыдбылызы хабар. Афтæмæйты Заманхъулмæ дæр бахæццæ. Мырзæйы æрвадæлтæ Мæскуымæ се ‘фсымæры мард ласынмæ ацыдысты. Уым сын ныффæдзæхстой, чырыны сæрмæ, дам-иу ма бавналут, ма йæ сыгом кæнут, лæг равдисынмæ дæр нал бæззы...

Рауад цалдæр мæйы. Иу сæрдыгон райсом Заманхъулы хъæугæрон автобусæй ‘рхызт дзæбæх арæзт лæппу-лæг. Фыццагдæр кæуыл сæмбæлд, уыдон æй базыдтой, дистæ кодтой, мæрдтæй, дам, раздæхти нæхи Мырзæ...

Хабар ын куы радзырдтой, уæд уый уæлмæрдмæ баздæхт, йæ цырт сласта, сæхимæ йæ йе ‘ккойы бахаста, ныссаста йæ, арт ыл бандзæрста...

Æндæр ахæм цауы тыххæй та мын радзырдта нæхи хъæуккаг Кокайты Толик.

Æмбисæхсæв, иу-дыууæ сахаты бæрц, дам, уыдаид, афтæ мæ тарфынæйæ нæ телефоны зæллангмæ фехъал дæн. Зонут

æй, ахæм афон цæй тыххæй фæдзурынц, уый, æмæ, кæй зæгъын æй хъæуы, мæ зæрдæ ныссæххæтт кодта, фæтарстæн, кæд, зæгъын, нæхиуæттæй искæуыл исты бæллæх æрцыд...

Дзырдта сæм кæугæйæ се ‘рвадæлты чындз Светæ:

– Бабын стæм, Толик. Мæнæ мæм ныртæккæ Кæсæджы милицæ сдзырдтой, дæ фырт Алан, дам, авари скодта æмæ... – Ныббогъ та ласта.

Æз рæвдз-рæвдз мæ дзаумæттæ акодтон, мæ фарсмæ цæрæг ме ‘рвад Оледжы рудзынг ныххостон, зæгъын, афтæ æмæ афтæ. Æмæ уæд иумæ фаллаг уынгмæ бацыдыстæм. Светæйы æрсабыр кодтам, ныфсытæ йын бавæрдтам, стæй уыцы афон мæхи машинæйæ Налцыкмæ ахæцыдыстæм. Арæныл нæ размæ милицæйы кусæг рацыд, тæфæрфæсы ныхæстæ нын загъта, Аланы паспорт нæм радта, йæхæдæг, дам, мæнæ хæстæг хъæутæй иу рынчындоны, дзæгъæл мæрдтæ кæдæм ласынц, уым ис, ома – морджы, мæ фæдыл, дам, рацæут.

Уыцы ныхæстæ фехъусгæйæ Светæ йæхимæ фæлæбурдта, тыдта йæ сæрыхъуынтæ. Мах ын лæгъстæ кæнынмæ фестæм, дæхи уал фæуром, зæгъгæ. Куыннæ, стæй, мад мад у.

Бахæццæ стæм уыцы хъæумæ æмæ Светæ моргмæ мидæмæ бахизын нæ комы, йæхи зæххытыл хойы, Олег дæр йæ зæрдæйысæрыл хæцы. Цы гæнæн мын уыд, æз бацыдтæн. Пъолыл дæргъæй-дæргъмæ лæг хуыссы, йæ цæсгом урс хæцъилæй æмбæрзт. Мæхинымæр, кæд ма исты зонын, уæд Алан ахæм дæргъæццон нæ уыдис. Йæ цæсгом мæм равдыстой æмæ – æнæ зонгæ лæг. Милицанер мын афтæ зæгъы, дыууæ, дам, уыдысты мæрдтæ , иннæйы цæмæндæр Налцыкмæ аластой...

Уырдæм дæр та ахæцыдыстæм. Ам дæр та моргмæ мидæмæ мæхи цæуын бахъуыд. Æркастæн та уыцы мардмæ дæр æмæ та уый дæр Алан нæу. Рацыдтæн æмæ Светæйæн афтæ зæгъын, уый дæр дæ фырт нæу, кæуынæй дзæгъæлы дæхи марыс.

Ау, куыннæ, дам, у, мæнæ йæ паспорт, мæнæ дохтыры къухæй фыст справкæ нæ уыныс, ахæм æмæ ахæм Кокайтæй фæндаггон фыдбылызы уæд æмæ уæд фæмард ис, уал æмæ уал сахатыл... Æмæ та ныббогъ кодта.

Æрæджиау кæддæр Светæ куы ‘рсабыр, уæд æй фæрсын, зæгъын, Алан Налцыкмæ цæй фæдыл рацыд. Æмæ, дам, мæ хомæ.

Телефонæй сæм дзурæм, дзурæм æмæ хæтæл ничи исы.

Бацыдыстæм сæм, сæ рудзынг сын бахостам. Светæйы хо нæм йæхæдæг рауад æмæ йæ фæрсын, зæгъын, Алан кæм ис? Æмæ, дам, уæртæ хуыссы. Æз йæ разæй мидæмæ фæдæн. Кæсын æмæ, мæнæ уырыс куыд фæзæгъынц, афтæ уæртæ Алан живой и невредимый. Сыстын æй кодтон, зæгъын, дæ паспорт кæм ис, хъæуы нæ. Мæ дзыппы, дам. Иу дзыппы асгары, иннæ дзыппы асгары – иу ран дæр нæй. Æвæццæгæн, дам, мын искуы ахауди...

Фæстæдæр куыд сбæрæг, афтæмæй æмбисæхсæв Налцыччы кæрон дыууæ машинæйы кæрæдзи куы скъуырдтой, уæд Аланæн дæр уырдæм йæ бахæццæ. Милицæйы кусджытимæ мард шофыры æддæмæ райсынмæ куыд æргуыбыр кодта, афтæ йæ паспорт йæ риуы дзыппæй æрхаудта. Æмæ банхъæлдтой, уый мард læджы у, зæгъгæ.

Иудзырдæй, дæлæмæ ‘нкъард, мæтгæнгæ ацыдыстæм, фæстæмæ та хъазгæ æмæ худгæйæ раздæхтыстæм. Куы схæццæ стæм, уæд нæ Светæ сæхицæй нæ рауагъта, æртæ чъирийы акодта. Фæкуывтам Хуыцау æмæ Уастырджимæ, арфæтæ сын фæкодтам...

# КЪОДОТЫ АЛЬБЕРТ: 60 АЗЫ

*КЪОДОТЫ Альберт*

# ÆРДЗЫ ЦÆССЫГТÆ

* * *

Чи ма и, ничи царды мæнæн дæр,
Æмæ хъæугæ дæр нæ кæны лæджы.
Зон мæ æрмæстдæр, дар мыл дæ зæрдæ,
Уарз мæ æрмæстдæр, мæ Ирыстон, ды.

Бирæ сты адæм, нæй сын нымæц дæр,
Фæлæ сæ чи зоны уарзын мæнау?
Мад дæ нæ хонын, нæ хонын мæ дзæцц дæр,
Фæлæ дыл дарын мæ зæрдæ фыртау.

Риссын дæ рисæй. Дæ цинæй мæ зардыл
Базыртæ зайы. Гæрæнтæ йын нæй. –
Хъуысы йæ амонд азæлдау дардыл,
Æрдзæн йæ лæвæрттæ уидзы зыдæй.

Æмæ цы уæлдай у, амонд кæй нæ и,
Уарзт мæ кæй хизы фылдæр хатт йæхи?
Æмæ фылдæр бартæ царды кæмæн и?
Чи загъта, иунæг мæгуыр кæй у, и?

Рагæй дæн иунæг, фæлæ нæ тыхсын, –
Иунæгæн амонд фылдæр дæтты цард.
Уарзы йæ тынг, æмæ хъуамæ куыд тыхсон,
Иугæр мын радта фырмонц æмæ зард.

Иугæр ма зоны риссын мæ зæрдæ...
Æмæ хъæугæ та цы кæны лæджы? –
Зон мæ æрмæстдæр, дар мыл дæ зæрдæ,
Уарз мæ æрмæстдæр, мæ Ирыстон, ды.

* * *

Ехх, læджы куыд тынг фæнды
Раст æмæ æхсарджынæй
Рæстæгæн «уыдтæн» зæгъын
Царды кæрон барджынæй.

Ахæссин мæ цæстæнгас
Дун-дунейыл хъазгæйæ
Æмæ йын хæрзбон зæгъин
Кувгæ æмæ уарзгæйæ.

Ехх, læджы куыд тынг фæнды
Уарзты мæсыг самайын,
Хуры тынæй кæрдæгыл
Иры дзыхъхъы баззайын!

Фæлæ цард læджы удæй
Не ‘мбæхсы йæ мæстытæ,
Æмæ мæнæ нал исын
Сау зæххæй мæ цæстытæ.

Хойын къултæ зарæгæй,
Лидзын зæххæй хуримæ.
Цыма тохы бацыдтæн
Царды кæрон дуримæ.

* * *

Æдылы дæ... Цы бакуыстай дæ цардæн?
Дæхицæн цардтæ. Цардтæ – æмæ цæр.
Фæлæ дæм зынд дæ сыхæгты цард дардæй
Æмæ дæм каст дæхи цардæй хуыздæр.

Цы дæ хъуыд? Ницы. Ма рæди æрмæстдæр.
Уыдтæ сæрибар, онджын æмæ раст.
Тыхæй нæ истай рæстæгæн йæ цæстæй
Нæдæр дæ цин æмæ нæдæр дæ уарзт.

Дæ фæдыл кодтай рухс фидæнмæ зæххы,
Дæхицæн цардтæ, никæй кодтай хъыг.
Нымадтай рисыл рис, фыд та – бæллæхыл
Æмæ læууыдтæ намысæн уырдыг.

Нæ дардтай дур дæ сыхæгтау дæ роны,
Уыди дæ бæллиц дун-дунейæн хур.
Ныр ма цы дæ? Ныр ма дæхи цы хоныс?
Дæхæдæг дæ дæхи цардæн цæлхдур.

Ныр де знæгтимæ чи лæгдæрæй хъазыс,
Æмæ дæ хъазынц. Худынц дыл æргом.
Дæ адæмæн сæ фæстаг туг ды нуазыс,
Ызнон сын нал и æмæ нал и сом.

Ныппырх кодтай, ныммур кодтай дæ бынтæ.
Лæгуын дæ ныр, куыдфæнды дæр дæ фас.
Нæ дæм хъары – пехуымпар дæ, хуырым дæ,
Уæйгæнæгимæ чи кæны ныхас.

Уæддæр хæцыс дыууæ къухæй дæ исыл.
Æдылы дæ æви куырм дæ бынтон?
Зæгъ-ма, кæй хъæуыс? Чи риссы дæ рисыл?
Рæйыс ма ныр... Фæлæ цы у дæ бон?

* * *

Ехх, æвæдза, рухс фæндтæ
Цас уыди мæ уды!
Ныр мæхи дæр нал уынын,
Нал зонын, тæхуды.

Знонтæй æмæ абонтæй
Хус сыфтæрау хъазын,
Сау бонæн йæ цæссыгтæ
Урс сæнау æз нуазын.

Стæм хатт ма мæ цæстытæ
Дидины фæтъыссын.
Хæйрæг дæр æй нал зоны,
Кæй æмæ куыд мысын.

Худын – цыма хурх кæнын,
Лидзын – цыма цудын.
У мæ хъысмæт худинаг,
Фæлæ йыл нæ худын.

Афтæмæй цы нæ зыдта
Знон кæддæр мæ уд дæр.
Катаимæ хъазыдтæн,
Амондимæ худтæн.

Ныр мæхи дæр нал уынын,
Нал зонын, тæхуды,
Æмæ мыл мæ сау хъысмæт
Хаст гадзайау худы.

* * *

Уарзт æнæ рисæй нæ вæййы,
Уарзт дæр низ у, уæдæ цы.
Кæнæ ацæуы бынтондæр,
Кæнæ басудзы лæджы.

Иугæр бахаудтæ йæ къухы,
Уæд – фыдбылыз! Уæд – бæллæх!
Стъалы нал уыдзæни стъалы,
Зæхх та нал уыдзæни зæхх.

Мæнæ, мæнæ та зæрондæй,
Мæнæ, мæнæ та æз дæр
Уарзтæн бахаудтæн йæ къухы
Æмæ фесæфтон мæ сæр.

Дон мын доны ад нæ кæны,
Æмæ та – кæсыс – цæрын.
Ногæй фидæныл æууæндын,
Ногæй амондмæ бæллын.

* * *

Арвыл амбырд ысты мигътæ, –
Арв цыхцырджытæй кæлдзæн...
Згъоры цард, бырсынц мæ низтæ, –
Цас ма баззади мæнæн?!.

Иу бон здæхдзынæн фæстæмæ, –
Иу бон скæндзынæн гамхуд,
Æмæ Иры кæмтты заргæ
Зилдзæн рухсгæнгæ мæ уд.

Æмæ дзурдзысты хуыцæуттæ,
Хæхтæ тилдзысты сæ сæр:
«Охх, куыд рæсугъд у йæ зарæг,
Кæд къуыдайраг у, уæддæр!..»

* * *

Урс хохæн йæ фындзыл
Зæхмæ тар æрхызт.
Аныхъуырдта кæмттæ,
Горæтыл æртыхст.

Фæлæ цард нæ фæтыхст,
Тынг сæрæн у цард.
Зоны йæ, нæ кæны
Тохы фæндаг дард.

Рухсытæ ыссыгъта,
Аныхта йæ сæр,
Æмæ калы горæт
Фæскъæвда цæхæр.

Æхсæв у æлутон,
Хъарм æмæ æхсад,
Æмæ зæрдæ хъуамæ
Ма уаид æнкъард.

Ма кæнид сæ кой дæр
Маст æмæ мæтæн, –
Фæлæ цард æнæ рис
Чи дæтты лæгæн?!.

* * *

Сты ‘мæ не сты? – Сты æмæ уыдзысты
Амонд, фарн, æгъдау æмæ æхсар.
Цъиутæ арвмæ зарджытæ хæсдзысты,
Намыс цинæй араздзæни дзуар.

Сты ‘мæ не сты? – Чи уæ загъта, не сты
Адæмæн сæ зæрдæтæ сыгъдæг?
Рæстæгæн йæ гæнæнтæ кæй фесты,
Хорзæхыл кæй фæтых и хæлæг?

Чи уæ дзуры? Чи уæ загъта, уарзтæй
У йæ зæрдæ тар æхсæвау сау?
Нал и фарн нæ удты, æмæ тарстæй
Адæймагæй азылди Хуыцау?

Нæй цæрæн фæсмон æмæ хъынцъымæй,
Иугæр дæ, уæд хъуамæ уай нæртон.
Рис, гадзрахат, маст æмæ фыдрынæй
Ма сæттой дæ тых æмæ дæ бон.

Чи стæм царды, иугæр не стæм цардæн?
Чи стæм царды, кæд ыстæм æдых?
Чи уæ загъта, фарны зæрдæ мард у
Æмæ уарзтæн бахуыдтой йæ дзых?

Нæ, рæдийут, адæм дæр тых ысты,
Æмæ цардыл мауал дарут сау.
Сты ‘мæ не сты? – Сты æмæ уыдзысты
Амонд, фарн, æхсар æмæ æгъдау.

* * *

Ма тыхс, мауал кæс фæстæмæ,
Абад иу гыццыл мæ фарсмæ.
Рухс, фырмонцы рухс, ныфсхæццæ
Бафтау иу гыццыл дæ кастмæ.

А-ма, ферох кæнæм абон,
А-ма, алцыдæр ныууадзæм
Æмæ урс бæлæттау арвмæ
Уарзты рухс тæмæн ысуадзæм!..

Сты Хуыцауы игæр адæм,
Фæлæ масты аккаг не сты...
Сты нырма нæ бонтæ разæй,
Азтæ иууылдæр нæ фесты.

* * *

Бын бауай, уалдзæг, диссаг у дæ зæрдæ!
Цыма дæ мад æндæр уыди дæуæн...
Тыхми нæ зоныс, зымæг æмæ сæрдау,
Дæ къæвда дæр æхсызгон у лæгæн.

Кæд бон-изæрмæ зæххы риу æнхъæвзыс,
Уæддæр æм фарн, уæддæр æм хорзæх и.
Уый зæхх ыстыхсти зымæгæн йæ гæвзæй
Æмæ æхсы дæ цæссыгтæй йæхи...

Æмæ дæ лæг куыд бафхæра йæ зардæй?..
Куыннæ зæгъа фырдиссагæн йæ цин?! –
Кæй уарзыс мах... Кæй нын дæ!.. Æмæ цардау
Кæй нæ дæ ды хъæстæ марг æмæ хин.

Ды – фидæн. Ардæм амондимæ ‘рцыдтæ...
У амондæн йæ фыццаг къахдзæф зын.
Ды – саби. Æмæ саби та кæд зыдта
Æнæ цæссыгтæй дунемæ кæсын?

Фæлæ уæддæр ныфсæй æхсыст – дæ зæрдæ,
Æдзух хæссыс æцæг æхцон лæгæн.
Нæ зонын, чи уыд йе сфæлдисæг сæрдæн,
Фæлæ, æнæмæнг, уарзт уыди дæуæн.

Цæфхæдтæ садзыс адæм æмæ æрдзыл,
Тæрыс сæ размæ. Архайыс, цæмæй
Цæссыгтæй ма уой Рæстæгæн йæ фындзыл
Æмæ уыргæфтыд ма кæной мæтæй...

Æз дæр фæцæуын, сау туджы мæцгæйæ! –
Ныфсæй æхсиды, гъери-гъа, мæ уд,
Мæ хæррæгъ фæндыр нал халын мæстыйæ,
Мæ хъуыды у цæстысыгау рæсуг.

Æз фарнагур мæ дзыллæимæ иумæ
Цæуын, нæ зæххæй не ‘мбæхсын мæ уарзт.
Æрбалхъивын æй, сабийау, мæ риумæ,
Æмæ æрмæстдæр размæ у мæ каст.

*ХЪАЗИТЫ Мелитон*

# ЧЫРЫСТИЙЫ ФÆДЗÆХСТ

*Новеллæтæ*

## ТÆСКЪ

Тулынц уæрдæттæ... Хæстон уæрдæттæ... Галуæрдæттæ... Бæхуæрдæттæ... Чи дзы – дыууæцалхыг, чи – цыппарцалхыг, бынтон стæмтæ – æхсæзцалхыг... Тулынц æфхæрдæй, æмрызтæй, хъыллистгæнгæ: «Чи – фæхæрд... Чи – фæрыст... Чи – фæлыст... Чи – æрмист... Чи – фæхист...» Иутæ сæ – сысджы, нартхор æмæ хорæмдзаг... Чи сæ ласы дарæс, хæрд, хæдзары мигæнæнтæ, хотыхтæ... Кæуыл сæ – дыгай, æртыгай тугæрхæм, талф-тулфбаст цæфтæ... Сæ фылдæрыл – æртыгай, цыппæргай, фæндзгай... амæй-ай фидæрттæ, базыхъцонгдæр лæппутæ... сæ туджы къуыбылæйттимæ бæстытæ æрдæгмард хæстонтæ... тугамæст, салд... судзаггаг ласгæ мæрдтæ...

Се ‘мбæрзтытæ иуварс абырыдысты. Æмæ зынынц сæ ностæ, сæ цæфтæ... Уыцы нуарджын, зачъеджын, тугхъулон цæсгæмттыл æрфысым æнусон хъизæмар. Уæрдæтты цыдимæ салд буæрттæ æмызмæлдæй архайынц, цыма сæ зæрды кæмæдæр, цæмæдæр æртхъирæн кæнын ис æмæ йæ æргом нæ дзурынц.

Уæрдæттæ тулынц æфхæрдæй, æмрызтæй, æлгъыстæй хъыллистгæнгæ: «Чи – фæхæрд... Чи – фæрыст... Чи – фæлыст... Чи – æрмист... Чи – фæхист...» Фæлæ сæ искæй хъул абадт сах, исчи сæ хæсты быдыры

æцæгæй рамбылдта, зæгъгæ, уый кой сæ йæ фæсонæрхæджы дæр никæмæн ис.

Уыдон фæдыл – знæт бæхты, ставдкъах фосы, фысфосы æгæрон рæгъæуттæ... Рассæнд-бассæнд кæнынц дыууæрдæм. Сæ тарст мыр-мыр, се 'мбу, сæ бæгъ-бæгъ æмæ зæрдæуынгæггæнæг мехъхъæй ныффæлурсуæвæг мигътæ фæлыгъдысты арвæй. Зæхх сæм скъуыдтæ кæны. Сæ къæхты бын стигъынц æнæвнæлд кæрдæг. Фæлæ, цыма сомыгонд сты, сæ фырдиссагæй йæм æвналгæ дæр нал кæнынц. Алчи сæ йæ фыртарстæй хъавы йæ сыхаджы бынат байсынмæ, цыма уым йæ тыхст удæн æдасдæр уыдзæнис.

Уæрдæтты разæй, чысыл, хæстон къордтæй – сæ фæсчъылдымты, цæхæр калæг хотыхтимæ, бæхтыл хъазгæ цæуынц риубæгъд, саджы фисынтыламад хæстонтæ æмæ сæ амонджын, разыйы худтæй арв исынц сæ сæрыл. Йæ фæллад, йæ карды комæй амад уæнгтæ сæ йæ хъуыдыйы кæрон дæр никæмæн сты. Уæззау уæрдæттыл сæ туг-стæджы къуыдырмæрдтæ сæ никæй уал æндавынц... Ахæм бакаст сын ис, цыма нарты куывдæй здæхынц.

Арв ныффæлурс. Ныттугдзыд. Ныхъхъус. Нæ ныкъулы йæ цъæх цæст. Ныдздзагъырдзаст, афтæмæй у фестъæлфынæввонг. Зæххы цъарыл цы фыд, цы æгъатырдзинад цæуы, уыдонæй йын æнæфенгæйæ мацы аирвæза. Бадара сæ йæ зæрдыл, уæдмæ цы бирæ æгъатыр тугкæлдтытæн уыдис æвдисæн, зæххон адæмæн зæххон цардæй аирвæзæн, хи фæтылифгæнæн кæмæй нæ уыдис, уыдонау.

Уæддæр хатт ныкъкъæс-къæс кæны хæстцагъд, тугæрхæм хæстонты æнæмæт худтмæ – цы у сæ цин, сæ рад, сæ хъæлдзæг ахасты сæр? Уæрдæттыл кæй ласынц, знон дæр ма кæимæ хъазыдысты æмæ кафыдысты, уыцы рæзинаг удты рыст сæ не 'ндавы? Тагъд сæ ласгæ мæрдты дудгæбонæй сæ хиуæттæ куыд марой кæндзысты, уый сæ цæстытыл нæ уайы?

Стæй та сæм дисгæнгæйæ ныккæсы ногæй. Арв. Йæхиуыл никуы феууæнды, адæймаг адæймаджы туг ныккалынмæ, къæхты бын æй ныссæндынмæ йæ удыбыцъынæг куыд фæтоны, лæгмарынæй куыннæ зоны æфсис, уымæ кæсгæйæ.

Бæхтæ знæт кæнынц туджы тæфмæ, фæлæ сæ бадт зондæй ахсынц, ныр сæ стыр тугкалды фæстæ фæуыдзæнис сысджы æмæ хор хæрыны, сæхирдыгæй фарс цъæх-цъæхид хъугæмтты

зул-мул кафыны, сæ тыхтæ æвзарыны рæстæг æмæ развæлгъау цинæй цæуы сæ хъæлдзæг, цины хуыррытт. Хоры нæмгуытау, уыцы адджынгомауæн æууилынц сæ идæтты æфсæнтæ æмæ, цыма, цæкуытæ хæрынц, афтæ цæуы сæ дæндæгты къыбар-къыбур. Сæхи фæндиаг сæ хæдзарæрдæм нæй гæпдугъæй уадзæг æмæ уый хайуанты зæрдæмæ нæ цæуы, фылдæр кафынц сæ мидбынæтты.

Фæлæ Арцтохмæ бынтондæр ницы цинаг ис. Нæдæр æм дзурын цæуы. Худыны кой чи кæны? Цыма йæ бæхы саргъыл амайгæ счындæуыд. Йæ уæнгты уыцы уазал уахъæз цыма азгъорынмæ хъавы. Рох ын кæны йæ уæлахизы цин. Лæмбынæг æм бакæс, уæд цыма уæрдæттыл цы ласгæмæрдтæ цыбыр кæнынц се ‘нусон дунемæ сæ иунæг фæндаг, уыдон сæ тыхстхуызæй йæ зæрдæйы рæбын хуыссынц. Уыцы тыхстхуыз адзайлæгты буæрттæй цыма хохыйас хæстоны сыгъдæг нуарæй конд къабæзтæ салддæр сты. Нæ йæ фæндыд сæ райхалын. Йе ‘взонджы бонтæй ахуыр куыд уыдис, афтæ йæ ныр нæ фæндыдис йæ зæрдæйы фæндиаг йæ бæзджын, зæллангæнаг хъæлæсы дзаг ныййилæлæй кæнын, йæ иузæрдыг ставдыстæг Æрæфыл уæлахизы кафт æркæнын. Цыдысты уыцы æнæзмæлгæйæ. Цæнгæтмады ‘нгæсæй. Ацæргæ хæстон сæрыстырæй, æнæ цæстныкъулгæйæ каст дард æрвгæронмæ...

Фæлæ йын йæ зæрдæ сусæгæй хордтой цыдæр бынбауинаджы кæрчытæ. Фæсхæст йе згъæр хæдоны хъуыр дæр нæ байгом кодта. Йе згъæр худ тохы размæ куыд ныссагъта йæ сæрыл, афтæмæй дзы ферох. Раздæр ахуыр куыд уыдис, афтæ йæ фæстæмæ нæ аппæрста йæ фæтæн чъылдымыл. Ныр ын, тохмæ сидæгау, къæрцц-къæрцц кæнид йæ цирхъы фистоныл. Йæ хæстон фидыцæй рахиза, йæ хидудæст куырæтæн хур фенын кæна, йæ тахъа нымæт худæй фæива, уый йæ сæрмæ ‘руадзыныл нæу. Нæу ахæм уæлæнгай митыл. Уыдæттыл рахъуыды-бахъуыды кæнынмæ йæ не ‘вдæлы. Нæдæр æй æндавынц. Мидæгæй, хуылфы йын æндæр, бынбауинаг маст æгъатырæй æууилы, сау калмау, йæ зæрдæ. Нæ йæ уадзы зæрдæйы фаг сулæфын. Æмæ уый лæджы домбай æмæ салд уæнгты æвæрдæй тынг хорз æмбæрста йæ иузæрдион, йæхиау – уæйгуытæарæзт æмæ хæрзхаст дугъон Æрæф.

Дыккаг ахæм стæм хайуан дзы нæма фендæуыд æмæ фехъуыстæуыд. Дзæгъæлбаззаинаг хайуан, иу хатт Арцтох тугкалæн быдыры уæззау куы фæцæф... Хохыйас лæг... Цирхъæй йын йæ

сæр чъылдымæрдыгæй чи ныххафта, уымæй зæгъын. Дæ къухы æрмæрины дæргъæн цирхъ уа æмæ цыфæнды згъæр тахъа дæр ма афадай, дæ цонджы магъз куы уа, уæд! Фæлæ, æвæццæгæн, уыцы домбай лæг дæр, Арцтохæн йæхиау, хæсты быдыры туг калын æмæ марынæй бафæллад. Бафæллад амæй-ай разагъддæр лæппуты марынæй... Лæджы зæрдæ зоны фæхауын марын æмæ туджы лæсæнтæм кæсынæй.

Адæймаг туг æмæ стæгæй дарддæр цы у. Æмæ, æнæмæнг, лæгмарынæй бафæлладаид. Арцтох дæр æгæр фæцис размæ бырсыныл. Йе ‘взонг зæрдæ йæ æппæрста иу хъæбатыр хæстонæй иннæ хъæбатырдæрмæ. Æндæр, уæдæ, гормон фæуинаг, знаджы бæгъатыры йæхимæ куыд бауагъта афтæ æввахс балæгæрдын. Уæддæр, цирхъы ныццæф æмæ, уыцы æнæсæр йæ къух бынмæ нæма æруагъта, йе згъæрхудæй йæ гуыры ‘хсæн йæ хъуыр згъæрæй нæма ахгæдта, афтæ йын Арцтох, ахуыр куыд уыд, йе ‘хсаргардæй чъылдымырдæм уыцы æгъатыр сæрфтæн ахауын кодта йæ хурхы сæртæ. Ахæм сырх-сырхид туг сæ ныппæххæтт кодта фæйнæрдæм. Хæнт чысыл размæ дæр ма бæгъатыры ном чи хаста, уыцы хæстон, уæгъдæвæрд хъæмпы голлагау, бæхы рагъыл фæстæмæ фæзæбул уайтагъд. Фæлæ, цы кары уыдис, уый ацахсын Арцтохы бон нал бацис... Йæ цæсгом ын тахъа ‘мбæрзта... Стæй Арцтохы, уый кар зонынмæ ‘вдæлдис?!.

Æмæ амæлæгыл, æвæццæгæн, æрцыд, йæ уды арфы кæмæ бæллыд, уыцы цин – йæ сæр нæ фæцис къулбадджытæн хъазæнхъул, ома, ды хорз хæстон куы уыдаис, уæд зæры кармæ цæргæйæ нæ баззадаис. Искуы, дам, æгъатыр хæсты быдыры ссардтаис дæ кады адзал. Æрмæстдæр, хæсты быдыры чи ‘рхауы, уыдонæн ис адæмы ‘хсæн æцæг нæлгоймаг æмæ бæгъатыр хæстоны кад. Уыцы фидисæй йæ ферваæзын кодта уæд – ныр ма æвзонг хæстон – Арцтох.

Фæлæ йæхицæн дæр разылд йæ сæр. Æнæрхаугæ йын нæ уыдис саргъæй. Хæстон, знæт бæхты къæхты бын уæддæр исты кодтаид. Барæй дæр ыл балæгæрстаиккой. Æмæ йæ уайтагъд бамбæрста зондджын Æрæф. Æвиппайды фæгуыбыр кодта йæ сæр. Тугуарæнæй йæ иуварс куыд ахаста, лæг-иу иуырдæм куы фæцæй зæбул кодта, уæд-иу æй уый йæ уадмæ гæсгæ иннæрдæм куыд разылдта, уый алæмæты кадджыты радзурынæн дæр æвгъау уыдзæнис.

Ныр дæр хаты Арцтохы чем Æрæф. Дзурын ын ницы хъæуы. Лæджы зæрдæйы уагмæ гæсгæ у йæ къах-айст: уæлдай змæлд, уæлдай лæуд ма фæкæна. Ма йæ фæиппæрд ласа йе ‘рхæндæг

хъуыдытæй. Уый гæнæн нæй. Байрагæй схъомыл Арцтохы къухы æмæ сæ кæрæдзи зæрдæтæ кæсæнмæ кæсæгау уыдтой æмæ уынынц рагæй фæстæмæ.

– Уæдæ та дæ амонд рæстмæ фæлвæрд нæ фæцис æмæ уый зæгъ!.. – Арцтохы цур йæ гæрæм дугъоныл хынджылæг мидбылхудтимæ æркафыд цыргъбоцъо Кæфци.

Фæлæ йæ хохыйас лæг куыдзы хъуыды дæр куынæ ‘ркодта, йæ барон ныхас ын – сыхæгты мæлинаг у, йæхицæн адарддæр кæныны аккагыл куынæ банымадта, ома, цы дæ рæмпъузæн дзырд, цы – дæхæдæг (Арцтохæн æд бæх йæ цирхъы иу разылдваг не суыдзысты), уæд тихалæджы ‘нгæс лæппулæг фембæрста хъуыддаг. Кæд, удæгас кæй баззадисы цинæй, йæ тæккæ ахынджылæг кæныны зæрдыл у (ахæмтæ, сæ бон тыхæй цы нæу, уый хыгъд искæмæй ахъазойыл тынгдæр вæйыйнц), уæддæр ын, бецау, цы базонын хъуыдис, йæ хынджылæджы ныхас бынатыл кæй нæ сæмбæлд. Йæхицæн фыдбылыз кæй къахы.

Арцтох ныртæккæ хъазыныл кæй нæу, уый сын иууыл дæр рагæй зындгонд у. Фæлæ дæ фыдгул-фыдзæрдæйыл Арцтохы хæрам цæстæнгас æрхæца. Иу хатт иу саджы фисынтыл амад хæстоны йæ цирхъы мæсты æрдзæхстæй æд бæх сæ тæккæ астæутыл афаста. Федтой йæ иууылдæр – хионæй, æддагонæй. Уæдæй нырмæ дзы йе ‘мхæстонтæ дæр сæхи иуварс фæласынц. Йæ зæрдæхудт ын, Хуыцау бахизæд, исчи райса.

Хуыцауæй тынг фæбузныг Кæфци. Иу галы бузныг. Æгъатыр хæстон лæг æй куыдзы хъуыды кæй не ‘ркодта, йæ хъазæнрæмпъузæн дзырдæппарæн ын йæ хъусы иувæрсты кæй ауагъта, ома, куыдз рæйы, дымгæ дымы, уый тыххæй. Лæджы ‘нæсдзырд ын æфхæрд кæй уыдис, уый фырцинæй ницæмæ уал æрдардта.

Фырцинæй Гæрæмы рохтæ фæуæгъддæр кодта æмæ, цингæнгæ, аразæй. Йæхæдæг дæр рæстмæ нæ бамбæрста, цы фыдæй фервæзт, фæлæ йæм цыдæр амонд кæй каст, уый йæ мидуды фæхатыд. Уыцы цин æй ныззарын кодта. Фыццаг – нымдæй, стæй – чысыл хъæлæсыдзагæйдæр:

*Уæй, ой, дæ рынтæ дын бахæрæм!*
*Уæй, ой, дæ рынтæ дын бахæрæм,*
*Дæ нывонд æрбауæм,*
*Урсбоцъо Уастырджи, ой!*

Арцтохæн цы базонын хъуыд Кæфцийы цъæхснаг хъæлæс. Зарын дæр æй иу æмæ дыууæ хатты йæхæдæг нæ ахуыр кодта. Кардæй хæцын дæр. Фæлæ йын йæ ныхасæппарæнау йæ зарæгæн дæр дзуапп нæ радта. Тар цæсгомæй йæ хъусы иувæрсты ауагъта уый дæр. Ома, куыдз – дæхæдæг, куыдз – дæ зарæг.

Æнæ Арцтох дæр ын уæлахиздзау, цинæфсæст хæстонтæй фаг хъырнджытæ разындис. Адæймаджы зæрдæ цины уылæнты куы ленк кæна, уæд æй зарæг йæхæдæг кæй фæагуры, уый дызæрдыггаг нæу. Зæрдæрай удуæлдæйттæ йын уыцы æмгуыр æмæ амонджынæй ныццæлхъ ластой:

*Уæ-уæй, дæ хорзæх нæ уа, дæ хорзæх,*
*Уæ, Уастырджи, уæй!*

*Ой, фыдæлты рæстæджы мæгуыртæ де уазæг, ей!*
*Уæйт, уæйтæ, де уазæг!*
*Уæй, уæ-уæй, бакувæм уæдæ, табу дын, уæ-уæй!*

Æвзæр лæппу нæу Кæфци. Фæлæ йыл хатт йæ цины æнкъарæнтæ цыма æгæр фæтых вæййынц. Нæлгоймагау, алы хатт арф нал фæхъуыды кæны. Йæ фезмæлд, йæ дзыхы дзырдæн алы хатт бынат нал фæары. Йæхи куы кæм фæтъыссы, куы – кæм. Æмæ йæм, мæгуыртæг, æнæхъуаджы дæр æрхауы маст. Фылдæр хатт – йе ‘мкарæн хæстонтæй. Йæ дзырдау йæ митæн аккаг æрæвæрæн кæй нæ фæзоны, уый тыххæй. Æмæ нæлстæгыл уыдæттæ нæ фидауынц, нæ.

Ахæмтæ, алчи дæр æй зоны, алы хатт дард нæ фæцæуынц. Сæ уавæрæй сыл се ‘взаг бирæ тынгдæр вæййы гадзрахатæй цæуæг. Æмæ уый дæр хъуыдыйаг у. Сæхи къахæй смидæг вæййынц зынг цæхæры. Уæлдайдæр, тугкалæн, лæгæй лæгмæ хæсты, сæхи сæ зонд æмæ арæхстдзинады фæрцы карды бынæй фæтылиф кæнын куы фæхъæуы, растдæр уæд.

«Куыдзы-фырт... Алчи йæхи амондæй цæры, – миднымæры ‘нкъардæй багуым-гуым кодта Арцтох. – Æндæра, кардæй цас ракъуыринаг дæ? Чи йын цы зоны, хур нæ кæуыл кæм скæсдзæнис?!. Нæ дыууæ дæр тохсæр Уастырджимæ кувджытæ стæм æмæ кæдæм тагъд кæныс... Цы дæ уæлфад гал лæууы?..»

Арцтох ацы тугкалæнмæ куы цыд, уæд æй ныфс уыдис, йе ‘цæг хур кæй стулдзæн арвыл... Уæдæ цæрæнбонтæм уый цæрдзæнис? Æмæ йæм йæхи сæрмагондæй цæттæ кодта. Фыццаджы-фыццаг

уал йæ цæст бæстæтты фæхаста йæ бæхы идон æмæ саргъыл. Баивинаг дзы цы уыд, уыцы хæйттæ раивта; бампъузинаг чи уыдис, уыдон бæстон бахуыдта, стæй æркаст йæ иузæрдион Æрæфмæ.

Уыцы рæвдаугæйæ фæныкдонæй нынадта йе ‘мтохгæнæг, йе ‘нæфæсайгæ, йæ кæддæры фервæзынгæнæг саулохаджы. Бæххафæнæй йын уыцы лæмбынæг фæфаста йæ тасæфтауæг бæзджын, тарсырх барц. Чысыл ын æй фæцыбырдæр кодта. Æххæст йæ цæстыты онг куыннæ ‘ххæстаид. Фæйнæрдæм кæсынæн æй куыннæ хъыгдардтаид. Йæ къæдзилы хъистæ йын бæстон фастæй сбыдта æмæ бакодта цасмæлхынцъ.

Афтæ базылд йæхимæ дæр. Скодта ног дарæс. Æнæдзургæйæ. Никæмæн бацума кодта. Æнæуый дæр хæдзары йæхи æмæ йе ‘фсин,ræхснæг – нырма йе ‘взонджы рæсугъд бакаст æмæ арæхстджын фезмæлдтытæ нæ фесæфта – Уацирæтæй дарддæр ничи уыд. Уыцы фадат сын сарæзтой иннæ бинонтæ. Æмæ йæ нæ фæндыд йæ иузæрдыг æмкъайы батыхсын кæнын. Уырныдта йæ, тагъд рæстæджы йын йæ цæстыты хаутæ сæ кæрæдзийыл авæрыны бон дæр кæй нал уыдзæнис. Судзаггаг хъарджытæй йæхицæн æвæрдзæн ныфсытæ, цалынмæ уымы бæсты, се ‘нусон дунейы æмбæлой æмæ уым зæрдæхцонæй цæрой, уæдмæ йын йæ номыл фæнык бакалын кæй никуы бауадздзæнис, йæ цæхх æмæ йæ кæрдзын, йæ ногхаст доны къус дæр уыимæ кæй дих кæндзæн.

Лæппу йæ хæстон згъæр фæлыст раджы скодта. Гæрзифтонг æмæ сæрыстырæй ахызт æддæмæ. Чындз дæр сывæллæттæм хъус адарыны ‘фсон батагъд кодта йæ фæдыл. Æргом ныхас кæныны фадат сын кæд нæ фæуа, уæддæр-иу йе ‘взонг æмкъайыл йæ цæстæнгас уарзгæйæ акъуырдзæнис рæстæгæйрæстæгмæ. Уадз, йæ цæстытæ йе сыздæхынмæ йæ уындæй баззайой дзагæй. Зæрдæзæгъгæ амонд кæм ис, фæлæ йын цалынмæ стæрæй фæстæмæ здæха, уæдмæ йæ уындæй уæддæр уыдзæнис æфсæст æмæ дзы, фæззыгон хуры хъæрмуст тынтæм хи хъармгæнæгау, рæвдаудзæнис йæ уарзтмонц, æвзонг уд. Уый дæр ын цъус нæ уыдзæн раскъæфæггаг амондæн. Æмæ уымæй дæр йæхи амонджын хондзæн сæ ног фембæлдмæ.

Хæдзары Арцтох æмæ Уацирæтæй дарддæр, о, ничи уыдис, æмæ-иу сылгоймаг йæ цæстытæ уыцы дзаг хаст акодта йе ‘мкъайы æмтынг, цармæмдзаг, нуарджын уæнгтыл. Æвзонг чызгау æм къæмдзæстыгæй не ‘фсæстис кæсынæй. Цыма йæ знон æрдавта. Йæ уынд ын æхсызгон уыд.

Стæй æрмæст ныр нæ. Рагæй фæстæмæ дæр ын йæ бакастæй никуы бафсæст. Цыма йе ‘мкъай нæ уыд. Афтæмæй-иу æм йæ чызгæмбæлттæ куыд тæхуды кодтой: «Цæй амонджын дæ, ахæм саджы фисынтыламадыл цинтæй чи бафсæддзæн»!

Фæлæ цæй цинæфсæст æмæ цæй цыдæр! Фыццаг дзы лæппу, уынгæ дæр æй нæма фæкодта, нæ йæ зыдта, афтæ йе ‘мгæрттимæ æгъдаумæгæсгæ афæдзы æмгъуыдмæ стæры фæцыд. Афтæ мачи зæгъа: «Уый цæй лæг у?! Худинаджы къæлæу – уайтагъд йæ усы фæдджийы бын абырыд!», зæгъгæ.

Стæй дæр ын йæ ныййарджытæм уайсæста. Ног чындз. Æгъдауы сæрты нæй ахизæн. Дæ дзыхы дзаг де ‘мкъаймæ макуы бахуд. Дæ цардæмбал куы ‘рæхснырса, уæддæр ын «Цæр!» макуы зæгъ. Адæм дыл, æнæгъдау, æнæхъомылгонд у, зæгъгæ, къуыппæнзарæг скæндзысты æмæ стæй, ацу, æмæ дæ амонджын æмкъаимæ дæ царды бонтæ тон се ‘хсæн.

Фæстæдæр, сабитæ куы рахъомыл сты, уæд уыдонæй дæр аргъуц хъуыд. Чындзытæ, сиæхстæ сын куы фæзынд, уæд та уыдон зæрдæхудтæй хызтой сæхи...

Цард диссаг у. Æмбис карæй фæстæмæ, цыма, адæймаг уырдыджы фæдугъ кæны. Афæдзы афонтæ сæ кæрæдзи разæй куыд кæндзысты, уый ахсын нал уыдзæнис дæ бон. Тынг дæ куы фæнда, уæддæр рæстæджы цыд нал бауромдзынæ, æнæрай дзы макуы скæна йæ хицау.

Уæддæр сæ зулдзыхæй абадгæ сæ кæстæртæ дæр никуы федтой. Сæ кæрæдзи фыццаг фендæй фæстæмæ цæсты зулæй æмбæрстой. Æмæ, нæлгоймаг кæд фылдæр удмарæн тохты цыбыр кодта йæ цард, уæддæр Хуыцауы фæрцы райгонд уыдысты сæ хъысмæтæй. Уæлдайдæр, сæ цотæй.

Ныр дæр сылгоймагæн æнæзонгæ нæ уыдис йæ удыхайы ахаст. Йæхинымæры тынг хорз æмбæрста, йæ цæнгæтбуар нæлыстæг йæхи, стæй йæ иузæрдион æмтохгæнæг æфсургъы афтæ бæстæтты цæмæн æмæ кæдæм цæттæ кæны...

Фæлæ-иу уыцы хъуыдыйæ барызт йæ зæрдæ. Хатыд, охх, куыд хатыд, бæрæгбонмæ цæуæгау, цæй охыл рæвдз ласта лæг йæхи хæсты размæ. Зыдта, йæ царды фæстаг дыууæ-æртæ азы-иу нæлгоймаг хаттæй-хатт куыд ныхъхъуыста йæ зæрдæмæ. Йæхиимæ дзурæгау-иу дзы сирвæзт: «Мæ худинагæн тæсчъы тулинаг куынæ фæуаин»...

Фыдæлтæй нын баззад уыцы ‘гъдау – нæлгоймаг хæсты быдыры

куынæ ссара йæ адзал, зæрондæй йæ царды бонтæ сылгоймæгтæ æмæ сывæллæтты ‘хсæн куы тона, уæд уый мæлæтæй фыддæр у. Йе ‘гуыдзæг, йæ тæппуды тыххæй йæ мæрдтæ дæр нæ исынц сæхимæ, зæгъгæ. Уыдæттæй фидис кодтой.

Ахæм нæлыстæгæн кæд намыс ис, нæлгоймаджы хъаруйæ кæд йæ уæнгты исты хъазы, уæд хъуамæ йæ лæппуйæн сбийын кæна тæскъ. Уым ныххиза. Лæппу хъуамæ уисæй сæхгæна тæсчъы сæр. Сæккой йæ кæна. Йæ фырт. Ахæсса йæ. Æмæ йæ атула уалæ Сæрсæфæн къæдзæхæй. Уый фæстæ йæ бафтауа йæ фыдæлты уæлмæрдыл. Скæна йын стыр хист, ома, фæмард æцæг лæджы мардæй.

Уацирæты зæрдæйы тугтæ-иу ныттагъдысты. Цæй зæронд? Куыд зæронд?!. Нырма цыма тæккæ знон баиу кодтой сæ цард. Сæ кæрæдзи уарзынæй куынæма бафсæстысты. Цæмæй стыхст, цардæй сæ зæрдæты фаг куы ницы ма федтой, уæд? Нырма кæд хъуамæ базæронд уа? Сылгоймаг-иу ын лæджы уыцы катæйттæм æргом уайдзæфтæм уый тыххæй фæцис:

– Алæ-ма! Хæстонты тохсид дæхæдæг дæ, афтæмæй нырма дæ сæрмæ куыд хæссыс ахæм ныхæстæ? Уанцон диссаг нæу, гормон, уанцон диссаг... Де ‘нусон дунемæ цæуын... Кæстæртæ кæуыл хъомыл кæндзысты?

Ныр дæр Уацирæт, мæгуыр, йæхи нал баурæдта. Йæ чъылдымæрдыгæйты йæхи фæкодта къуыммæ цæуæг. Аивæй йын йæ чъылдымыл басæрфта йæхи. Йæ ризгæ æнгуылдзтæ йын уыцы рæвдаугæ æрхаста йæ уонтыл. Стæй йын йæ фæсонтыл авæрдта йæ фæлурс, фæлæ гæзæмæ фыдæвæрд уадул. Йæ цæссыгтæ тыхныхъуырд акодта. Байы мондагæн æй ауарзта ризгæ былтæй.

Сылгоймаджы буары лæджы хæстон фæлысты згъæртæ цыма ныгъуылгæ акодтой. Бахастой йæм сæ уазал. Йæ рихиты цыргъ хъуынтæ йын ахъыдзы кодтой йæ былтæ. Фæлæ сæ ницæмæ æрдардта. Йæ былтæ асæрфын нæ бауарзта йæ цæст. Цас сæ нал ныхсдзæн, йе ‘мкъайыл хъуыды кæнгæйæ, уый дæр æй нæма æндæвта. Фæндыдис æй цыдæр зæгъын. Фæлæ, цы загътаид, уый нал зыдта. Нал æй зыдта, æнæрайы зæрдæ фæуа. Æмæ, чындздзон чызгау, уыцы тарстгомауæй тæлфыд йæхимидæг.

Нæлгоймагæн æхсызгон уыд йе ‘мкъайы ныфс. Сæ кæрæдзийыл бацин кæныны фадат дæр сын никуы фæвæййы. Сæхи сывæллæттæ, уыдон хъæбултæ... Ныр хистæртæй ирвæзт уыдысты. Уæддæр йæ цæстæнгас уайтагъд андæгъд зыхъхъыр дуарыл.

Мачи сæ æрбахизæд. Кæстæртæй. Хистæртæ дзы аргъуц кæнынц, фæлæ йæ фырты кæстæр, къæбæда лæппуйæн басæттæн ницæмæй ис, нæ. Кæмфæнды йæ ауынæд, йæхи йæм, саджы сæныккау, гæппытæгæнгæ раскъæры:

– Дада, дада!..

Гæдыйæ уæлдай нæу. Сбыры лæджы хъæбысмæ, цыфæнды йыл тыхæй хæц иуварс, ницы йæм хъары. Хъуамæ йæ æрбатухай дæ хъæбысы, барæвдауай йæ æнæмæнг. Лæг йæ сыхбæстæй æфсæрм фæкæны – уанцон диссаг нæу, нæлгоймаджы ном хæсс, уымæй дæр, зачъеджын зæронд лæг æмæ чысыл сывæллæтты упп-упп кæн дæ зæрдæйы дзæбæхæн.

Лæг фефсæрмы йæхицæй. Йе ‘мкъайæ дæр. Сæ кæстæры афтæ кæй суæндын кодта, уый тыххæй. Сæ кæрæдзиимæ сæ æнæнхъæлæджы дæллагхъуыр-уæллагхъуыргæнгæ мачи æрбаййафæд? Гæды сæ уайтагъд бафтаудзæн адæмы цæсты – йæ дада æмæ æнайы гæботæгæнгæ федта! Уæддæр иу къухæй зæрдæбын хъæбыс æрбакодта йе ‘мкъайы. Йæ тæвд былтæн ын ныккодта, йæхимæ гæсгæ, дæргъвæтин тæвд ба.

Æмæ та йæ зæрдыл æрбалæууыд Гæды. Ныр – æртæаздзыдæй стырдæр у. Кæстæр ын нæма зыны æмæ йæ фырт æмæ йæ чындзæн къæссацæгъдæнтæн æгæр раджы нæу? Алы ‘гуыдзæджы дæр йæ тых бæгъатыримæ ‘взарын фæфæнды. Æмæ нæ мыггаг нæ фыдызнæгты азарæй æгæр куынæгмæ нæ цæуы? Бирæ, тынг бирæ кæстæртæ нæ хъæуы. Уæлдайдæр нæ уавæрты – лæппу кæстæртæ.

Кæд къæссацæгъдæнтæ у, зæгъгæ, Арцтохæн Гæды иннæтæй уæлдай уый тыххæй фæадджындæр. Уый охыл æй тынгдæр рæвдауы хæдзары хистæр. Йæхæдæг дæр, гыццыл лæппу, кæмфæнды уæд – дугъ, дугъ, дугъ æмæ та, фысы уæрыккау, йæ фыдыфыды хъарм хъæбысы смидæг вæййы цыдæртæ дыгъалдыгъулгæнгæ. Худгæ æмæ райгæйæ. Куыд ыл ахæцдзынæ иуварс? Куы йыл ахæцай, уæддæр дæм хъусы? Уæлдай...

Æниу, ныйййарæгæн хъæбултæй цы уæлдай ис? Йæ рахиз цонг йæ рæбыныл нæ ралыг кæндзæнис Арцтох, стæй – Уацирæт йæхæдæг дæр, йæ кæстæртæй искæй фæсвæд куы авæра, уæд. Фæлæ, адæймагыл азтæ сæ фæд куыд фылдæр феварынц, афтæ йæхицæн тыхæй фæуырнын кæны цыдæртæ. Афтæ уыд, уфтæ у...

«Йе, зæронд, дæ сæры сывæллоны зонд цæуын райдыдта, æмæ йыл басæтт», – лæг хъазгæйæ йæхинымæры бауайдзæф

кодта йæхицæн. Иу хатт ма ‘ррæстытæ кодта йæ фадыварц æмæ ацахста Гæдыйы скъуыдтæ хъæлæс:

– Да… да… Мæ… нæ… у-у-у… уадзынц!..

Уæддæр Арцтохы ныртæккæ, стыр, тугкалæн тохы размæ бынтондæр ницæуыл фæндыд дзурын. Уæлдайдæр, царды дæлæуæлæтыл. Диссаг куыд нæ у – хъуыды кæнын дæр æй ницæуыл фæндыд. Нæ йæ фæндыд хъуыды кæнын дæр. Йæ хъуыры цыдæр стыр рыны цæф тымбыл кодта. Дудгæ. Судзгæ. Уыцы хъылмайы ад хаста лæджы уæнгты. Цавæрдæр «цыдæр». Хатыд æй йæ мидбуарæй.

Лæг фæтарст, уыцы мæрдтыхайфæуинаг æххæстæй куы æртымбыл уа, уымæй. Чындзæй дæр æй уыдис æфсæрм: афтæ нæ зæгъдзæнис, уæдæй-уæдмæ дуарæхгæд хæдзары иумæ цы ми кæнынц йæ хицау æмæ йе ‘фсин? Се ‘фсарм бахордтой æви сæ цæсгæмттæ сæ уæлæ алæбырдысты, зæгъгæ?

Сылгоймагыл иуварс ахæцын йæ цæст нæ бауарзта, афтæмæй батагъд кодта æддæмæ ахизыныл. Хæдзары ныллæг къæсæрæй авæрдта йæ къах æмæ йæ цæст скъуырдта уынджы кæронмæ йæ чындз æмæ Гæдыйыл. Сылгоймаг æй асайдта хæдзарæй дæрддзæф ранмæ. Гæдыйы. Ныттыхта йæ йæ хъæбысы. Армæй йын ныххæцыд йæ дзыхыл. Лæппу здыхсы…

Арцтохæн цы базонын хъуыд – чындз йæ хицау æмæ йе ‘фсинæн арæзта сæ кæрæдзийæн хæрзбон зæгъыны фадат. Лæппуйæн ныххæцыд йæ дзыхыл дæр. Фæлæ сывæллон уымæ хъуыста? Рæдывта йæхи. Æмæ йæ нæ урæдта йæ мад.

Саби йæ фыдау ставдхъул æмæ ставдыстæг рахаста. Уый та, йæ фырт, Арцтохы æнгæс у. Уæнгæй дæр. Бакастæй дæр. Суанг – зондæй дæр. Æмæ фырт фыды хуызæн куы уа, уæд амонджын вæйиы, зæгъынц. Хуыцау куы зæгъид, бæргæ.

– Дада! – сабийы фæцис йæхи атоныны бон. Абадт йæ уисбæхыл, дардыл ныззылдта йæ хъæдын кард. – Æз дæр демæ цæуын хæстмæ! Зыпп! Зыпп!.. Бындзагъд сæ фæкæндзыстæм! Демæ цæуын! – Гæды йæхи раскъæрдта æмæ ныттыхст йæ фыдыфыды уæрджытыл. – Дада! Демæ мæ кæныс хæстмæ?!. Æз дæр хæстмæ цæуын!..

Хицау фефсæрмы йæ чындзæй. Йæ дзæмбы армæй сабийы уарзгæ æлхъывта йæ уæрагмæ. «Уæдæ, уæдæ…» – гуым-гуым кодта. Фæлæ, искæмæ хъуыст – нæ хъуыст йæ хъæлæс, уый нæ ахста йæ хъуыды.

Чындзы цур йе ‘мкъай дард нæ лæууы. Йе ‘фсургъы, цыма йæ бæхты дугъмæ рæвдзытыл у, уæлдай цæттæтæ кæны тугкалды размæ. Æмæ сылгоймаг уымæ хæстæг бацæуын нæ уæнды. Искæй цæст сыл æнæмæнг æрхæцдзæнис. Æмæ йæ сæрыхицауыл уыйфæстæ йе ‘мбæлттæ пыррыччытæ кæндзысты:

– Дæ цæссыгтæ дын асæрфта?

– Йæ хисæрфæн ын рахастай демæ? Уæд та дæ зæрдæ суынгæг!

– Уæддæр, Хуыцау хорз, æмæ дын дæ галиу къах фынджы къахмæ рæхсæнæй нæ бабаста!..

Удуæлдай адæймаг диссаг у – искæмæн дæр нæ бары йæ лæмæгъ. Худинагæй чи тæрсы, уый искæй лæмæгъ дæр нæ хæссы йæ сæрмæ. Лæппулæг æмæ йе ‘мкъай, сæ кæрæдзимæ æргом нæ кастысты, афтæмæй сæхинымæры адджын ныхæстæ уымæн кодтой:

– «Дæхимæ кæс», – дзырдта сылыстæг.

– «Цы мæ фæдзæхсыс. Фыццаг хæст мын у? Ма тæрс. Хуыцау æмæ дæм Уастырджийы фæрцы сæрæгасæй æрыздæхдзынæн», – ныфс ын æвæрдта нæлыстæг. Æмæ сæ дыууæ дæр разы уыдысты сæхицæй.

– Æз дæр хæстмæ цæуын! Зыпп – хъуынджын сыстсæрæн! Зыпп – куыдзы фыртæн! – Гæды нал хæцы зæххыл. – Мæн дæр дада хæстмæ кæны!.. Гъе-гъе-гъе!.. Хæстмæ цæуæм! Хæстмæ!..

– Гъе, гъе, гъе-е-ей!.. Лæджы худ уæ чи хæссы йæ сæрыл, хæстмæ чи цæуы, уый фæтагъд кæнæд Æмбырдгæнæн фæзмæ! – фидиуæг нал ауæрды йæ хурхы сæртыл. – Гъе, гъе, гъе-е-ей!.. Лæджы худ уæ чи хæссы йæ сæрыл... Хæстмæ чи цæуы!..

Уацирæт, хистæры раз нæ ирон æгъдау куыд амыдта, раст афтæ йе ‘мкъай Арцтохы бæх раласта йæ рохтæй. Фæндыдис æй, идон ын йæ къухмæ куы радтаид. Се ‘рмттæ кæрæдзийыл уæддæр аныдзæвиккой. Гæды сæ нæ бамбардзæнис, уыдæттæ зонынхъом нæма у, фæлæ бафсæрм йæ чындз æмæ йæ фыртæй.

Сылгоймаг æвзистæфтыд идон айста хъуыдыхуыз бæхы сæрты. Йæ кæрон ын æрæвæрдта саргъы гоппыл. Æрæфы сæр ахъæбыс кодта. Йæ русыл ын байы æфсон уыцы рæвдаугæ авæрдта йæ ризгæ тæвд былтæ. Æмæ йе ‘рфгуыты æлхынцъимæ ныйирд кодта йе стыр цъæх цæстытæ. Бæлццоны, уæлдайдæр хæстоны фæстæ хъынцъым нæ фæччы – Лæгтыдзуармæ хъыг фæкæсдзæн. Мыйййаг, дзы цæссыджы ‘ртах ма ‘рхауа.

Бæхæн уыцы æхсызгон уыд йæ хицауы уынд. Бынмæ-уæлæмæ,

цыма йæ барцæй хъазыд, арфæгæнæгау, ныттылдта йæ зонджын сæр. Йе ‘хцон мыр-мырæй балхæдта йæ хицауы зæрдæ. Æмæ Арцтох бæхы саргъмæ уыцы райгæ сæхста йæхи. Цыма стыр куывд кæнæ чындзæхсæвмæ рараст. Фæлæ йæ уæнгты змæлд Уацирæты цæстæнгасы акодта сæлæгау. Сылгоймаджы хъуыды уыд: «Æ, махон, дæ фезмæлд æцæг фæуæззау».

Уæддæр, хæстоны йе ‘фсургъ уыцы сæрыстыр, уыцы хохыйасæй куы фæцæй хаста уыртт-уыртгæнгæ, йæхæдæг цыма саргъыл ныдзæвгæ дæр нæ кодта, афтæмæй, уæд дзы барад йæ сылгоймаджы зæрдæ. Дæ хæдзарæй ахæмы куынæ арæвдз кæнай... Уадз, хæсты быдырмæ дæр фестæд!.. Уæдæ сæныччы мехъхъæй чи фæтæрсдзæнис? Æмæ йæ фырт дæр атагъд кодта йæ фæстæ. Уый та – иннæ хæстон!

– Æз дæр хæстмæ цæуын, хæстмæ! Зыпп – хъуынджын сыстсæрæн!.. Зыпп – иннæмæн дæр!.. – Гæды нал ауæрды йæ уисбæхыл. Скъуыны йын йæ уд. Æрцыдис ыл йæ хъæдын кардæй дæр.

– Лæгтыдзуар, дæ фæдзæхст фæуæнт!.. – сылгоймаг суагъта йæ кæлмæрзæны кæрæттæ. Æмæ чындз дæр бафæзмыдта уый. Фæлæ сæ цæссыгтæ барвæндæй ма ауадзой – сæ кæрæдзимæ нæ бакастысты. Сæ уды сусæг тас фыддæрадæнгæнæгау æмбæхстой сæ дурзæрдæты. Нырма сæ кæрæдзийы цæстмæ фидар фæлæууын хъæуы. Уыйфæстæ иунæджытæй цыфæнды кæнæнт.

– Æз дæр... Хæстмæ... – Гæды бæргæ нæ саста йæхи, бæргæ йæ фæндыд хæсты цæхæры йæ хъару бавзарын, фæлæ уайтагъд аззад хæстонты фæстæ. Йæ бон базыдта – фæсайды. Æмæ иуцъус алæууыд цавддурæй. Стæй йын цыма исчи йæ бацæвиттæ бакъуырдта – зæххыл ныххаудта дæлгоммæ. Йæ кард æмæ йæ бæхы барц не суагъта, афтæмæй хæкъуырцц кодта йæхи мидæг...

Ныр, хæстмæ ацæуæг, тохы быдыры сæ туг ныккалæг удуæлдæйттæ уæлахизимæ здæхтысты тохы быдырæй. Йæ уд сæ кæмæн аирвæзт, йæ бинонтыл удæгасæй, фæфосгонд хуынтимæ чи ‘мбæлдзæнис, уыдон фырцинæй зæххыл нал хæцынц. Зарынц, кафынц сæхийау хъалзæрдæ бæхтыл. Цин кæндзысты сæ хиуæттыл. Иу абонæй иннæ абонмæ сæ зæрдæты дзæбæхæн баддзысты уæлахизы куывды...

Фæлæ Арцтохæн нæй æмæ нæ хæлд йæ зæрдæйы судзгæ ‘лхынцъ. Æнæдзургæйæ цыд æмæ кодта ноджы æрхуымдæр. Нæ фæхатыд фæндаджы дæрццæг. Нæ базыдта нæууытæй фæндаджы хъæбæрмæ куыд рахызтысты, куыд ссардта...

Ægас хæдзары цæрынæн ма у? Æви тагъд уый дæр сæркъулæй æгуыдзæг, цæнкуыл, æгад зæрæдтимæ баддзæнис кæстæрты цур æмæ йыл сылгоймæгтæ дæр худæгæй хæсдзысты сæхи? Худдзæн ыл йæ цард, йæ уд Гæды... Уыдзæнис ын дæнцæн, нæлгоймагæн куыд не ‘мбæлы цæрын. Нæлгоймаг зæры кары куыд ма хъуамæ хойа æвæджиаг зæххы чъылдым, уый кæстæртæ уындзысты сæхи цæстæй...

– Гъе, гъе, гъе-е-е!.. Дада-а-а!.. – дард кæцæйдæр æм хъуыст Гæдыйы цины хъæлæс. – Гъе, гъе-гъе, дада!.. – Æмæ лæг фæирд кодта йæ дзагъыр цæстытæ. Ныхъхъуыста ногæй: уый фыны ис æви йын, æцæг, фырзæрондæй цæстсайæнтæ райдыдтой æмæ дзыллæйæн рæхджы суыдзæнис худæджы сæр?

Кæцæй хъусы Гæдыйы хъæр? Ау, æцæг æй йæ хъустæ сайынц? Æмæ бæлвырдæй, бынтон бæлвырдæй ахсы: «Гъе, гъе-е-ей!.. Да-да-а-а!..»

Цæстсайæн нæу. Æцæгæй йын хъусы йæ хъæлæс!

Хæствæллад лæг йе стыр цæстытæ ахаста дæрдтыл æмæ æввæхсты. Уалæ йæм уæлвæндагæй æд уисынбæх, йæ кард йæ сæрмæ дæрдтыл тилгæ, хотыхджын æфсады ‘хсæнты рафсæры цинæфсæст Гæды!..

Лæджы уæнгты ацыд ихдон. Уæзæджы хъармæй стыррыккуд бæхтæ йæ ныртæккæ афсæрдзысты сæ къæхты бын. Сæ сæртæ æврæгътыл чи хафы, уыцы цинæрра хæстонтæ йæ хатгæ дæр нæ фæкæндзысты. Худинаг æмæ тæригъæды хай кæндзысты ныртæккæ.

– Æрлæуут! – тохмæ сæм куыд фæсиды, афтæ Арцтохы бæзджын хъæлæсмæ ныддыз-дыз кодта арв.

Æфсад бæхæй, лæгæй фæкодтой уыцы дзыхълæуд. Йæхæдæг йæ цырыхъхъыты зæвæттæй фесхуыста Æрæфы тæнтæ. Зонджын æфсургъ, цыма йæ фынæйæ фехъал, уыцы æфсæрст акодта фидæны хæстоныл фембæлынмæ. Бæхæй, хæстонæй сæ ахаста йæ разæй.

– Æй, Гæды, Гæды... – Арцтохæй иу уысм æрбайрох æфсарм дæр, æхсар дæр, хистæр дæр, кæстæр дæр... Йæ ардуаны хуызæн дæрзæг армæй ацахста лæппуйы хъул æд «бæх» æмæ барад йæ зæрдæ – йе ставд стæг рæвдауы зæрдæ!.. Рахиз къах ын авæрдта æгъдæнцойæн, æмæ саби йæ хъæбысмæ, лæппын фæранкау, куыд сгæпп кодта, уый ничи ауыдта.

Фæлæ уым дæр не ‘рхæцыд. Февзæрд лæджы фæсарц. Ныддæвдæг

йæхимбæрц – Арцтохы цирхъыл, афтæмæй слæууыд бæхы фæтæн рагъыл æмæ зондджын хайуан иунæг уæлдай змæлд нал уæндыд, афтæмæй йæ къахайст ныууæззау æмæ кодта рæвдаугæ, æхцон хуыррытт, цыма йын хицау йæ раз æвзаргæ хорæй байдзаг кодта.

– Æз дæр тохæй здæхын! – лæппуйы цинæн нал уыд кæрон æмæ радис йæ дада дæр. Хæсты фæудæй нырмæ фыццаг хатт райхæлд йе ‘рфгуыты ‘лхынцъ. Йæ цæсгомæй фæлыгъд мигъы фæд. Цыма йæ иунæг уысммæ ивгæ бачындæуыд, ахæм хуыз æвдыста. Фæлæ нæ фæхатыд йæхæдæг, йæ мидбылхудтæн йæ цæсгомыл æххæст бар кæй радта.

Афтæмæй Гæдыимæ сæ кæрты куы балæууыд, уæд йе ‘мкъай Уацирæт бахаудта дисы: «Цы ‘рцыд ацы лæгыл? Фæстаг рæстæджы ма, тугуарæн хæсты удæгасæй кæй баззад, ууыл афтæ зæрдæбын æмæ æргомæй кæд цин кодта»?

Фæлæ йын уыцы цин, сылгоймаг куыд æнхъæл уыдис, афтæ бирæ нæ ахаста. Йæ фыртимæ сæ хæстон дарæс куы раивтой, сихор куы скодтой хъæбæр кæрдзын æмæ фысыфыдæй нурыдзæхдонимæ æмæ хæрзчысыл куы аулæфыдысты уæрдоны уæлдуæттыл æвæлмонæй бадгæйæ, уæд æрхуым нæлгоймаг бауырдыг йæ фыртмæ. Бафарста йæ фæндвидарæй:

– Кæм ис дæ тæскъ? – æмæ дзы иудзæвгар нæ систа йæ цæстæнгас, цæмæй лæппу ма фæсайа, ратта йын раст дзуапп. Адæймаг, уæлдайдæр, нæлгоймаг хъуамæ уа æнæхин, æргомдзырд. Мæнгард уæвын рагæй фæстæмæ худинаджы хъуыддаг у, æмæ, худинаг йæ сæрмæ чи хæссы, уыцы нæлыстæг худы аккаг нæу. Рæстæй афтæ нымадтой нæ фыдæлтæ.

– Скъæты, – уыдис лæппуйы цыбыр дзуапп.

Æмæ йын фыд, хистæрыл куыд æмбæлы, афтæ сабыргай, фæлæ йæ фидар хъæлæсы уагæй йæ хъуыды бамбарын кодта кæронмæ:

– Рæстæгыл æй фæу. Уæлахизы куывдыл къæм куыд нæ абада. Уыцы хъуыддаг æнæмæнг сараздзыстæм уый хæдфæстæ. Æгъдау куыд домы, æппæт дæр уыдзæнис афтæ: æгъдауæй, фынгæй... Æргæвдгæ-иу нæхи стыр гал акæн. Тæлæттагæй рухс кæнын цыма уымы бæстæм фарнæн нæ фæхæццæ уыдзæнис, афтæ мæм дзуры мæ зæрдæ.

Уый нысан кодта: иунæг уæлдай хъыпп-сыпп дæр – никæмæн. Хъуыддаг зондзысты æрмæст сæ дыууæ. Æнæзиан адæм Уæлахизы куывды сæ зæрдæты фаг куы фæкафой, куы фæзарой, куы

фæхъазой, уæд уый фæстæ уыдон та, æгъдау куыд у, афтæ уыдон та алыг кæндзысты, сæ фыдæлтæй сыл нывыл бафидинаг цы хæс баззад, уый.

Акæндзысты чысыл кусарт. Род кæнæ фыс. Æвæццæгæн, род хуыздæр уыдзæнис. Хæстæй бирæ хæрзхаст рæгъæуттæ æртардтой. Алцæй æмæ алкæй фаг дæр уыдзысты. Фæлæ тæлæттаджы уæддæр кæйдæр тæригъæд ис. Сæхи фос дардыл æххæссынц. Йæ хъуыддæгты фаг сæ рантысдзæн. Чындз скæндзæнис æртæ уæлибæхы. Фæдзурдзысты æртæ лæгмæ. Æгъдау куыд амоны, афтæ фыццаг скувдзысты уæларвонтæм... Стæй...

Æгъдау саразыны фæстæ Арцтохы тæсчъы аппардзысты Сæрсæфæн къæдзæхæй, цæмæй йæ зæрыбон хынджылæггагмæ ма 'рхауа. Æмæ йын скæндзысты стыр, куывды хуызæн кады хист. Хисты адæм йæ кады номыл нуазæнтæ кæм баназой. Цæмæй йе стыр æгъдау фæстагæттæн баззайа фæзминагæн. Дзурдзысты-иу: афтæ æмæ афтæ, Арцтох æгады царды бæсты равзæрста кады мæлæт – йæхи тæсчъы сæвæрын æмæ атулын кодта Сæрсæфæн къæдзæхæй!

Æмæ ницы уыд йæ ныхмæ лæппуйы бон зæгъын. Ног æгъдæуттæ аразыныл нæ уыд сæрыстыр Арцтох. Фыдæлтæй нын цы баззад, ууыл, лæгау лæгæн куыд æмбæлы, афтæ хæцыд фидар, нæ йыл иста йæ къух. Уæддæр лæппуйы 'нæразы зæрдæйы уаг хатыд фыд. Уайдзæфы хуызы йын, йæхиимæ дзурæгау, уымæн бакодта Арцтох:

– Уæд дæ нæ хъуыдис уыцы лæппуйы зæрдæ афадын, – йæ зæрдыл ын æрæфтыдта, хæсты иу бабырсты знæгты фыд размæ æгæр куы ассывта, уæд дзы куыд «байрох» æнаккæгтæй чъылдымырдыгæй йæхи хъахъхъæнын. Фæстæты йæм цы хæстон æрбахъуызыд, уый йыл æхсаргард куыд æрцæй сæрфта, афтæ йын йæ зæрдæ айгæрста лæппуйы цыргъ арц.

Знаджы хæстоны æхсаргарды æнæбон, уæлæнгай хыбар-хыбур ма ссыд Арцтохы згъæр хæдоныл. Фæлæ йын йæ хъуын дæр нал фæтасын кодта. Æндæр æм уыйфæстæ ницæйæгты карды фындз хæстæг дæр никуы уал æрбацыд. Æмæ уымæй сæрыстыр уыд хæстон лæг.

Уæддæр сæрыстыр лæджы барæнæбары фæндыд нæ кады фыдæлты æгъдауыл амæлын. Æмæ йæ фырты бон йæ ныхмæ ницы уыдис. Æнæдзургæйæ скъæтмæ уымæн араст. Йæ фæллад ницæмæ æрдардта. Рахаста æрдæгбыд, стыр тæскъ. Скъæты раз æй æрæ-

вæрдта сыгъдæгсæрфт сæгъдоны. Уырдæм ыл никæй цæст схæцдзæнис. Изæрмæ йæ кæд фæуаид быд. Сцæттæ йæ кæндзæн. Йæ фыдæй йæм, Хуыцау бахизæд, уæлдай уайдзæф æрхауа. Изæрмæ æввахс та, цы фæфос кодтой, уыдон æнæхъæн хъæубæстæй лæджы сæрыл дих кæндзысты. Уырдæм æй æнæмæнг хъæудзæнис цæуын.

Фæлæ, йæ куыстмæ нæма æрæвнæлдта, афтæ Гæды «тæргæ бæхæй» февзæрд йæ разы. Фыццаг цалдæр хатты æнæдзургæйæ ‘рзылд йæ фыд æмæ ‘рдæгбыд тæсчъы алыварс. Фæкæстытæ йæм кодта лæмбынæг, стæй йæ тохвæллад, æрхуым фыды йæ фарстытæй баскъæрдта къуыммæ:

– Цæмæн дæ хъæуы тæскъ? Цæмæн æй бийыс? Цы дзы аразыс? Дæумæ нæ дзурын? Зæгъ æй, зæгъ!.. Цæмæн дæ бахъуыд тæскъ?!.

Арцтох хæдзармæ бахизæны лæууыд. Дзæбæх ын хъуыста йæ ныхас. Æмæ йæ мидбылты кодта хъуызгæ худт: уый йе ‘ннæ кæстæрты хуызæн нæу. Кæнæ сæ бынтонарæзт кæндзæнис, кæнæ – бынысæфт.

– Зæгъ æй, цæмæн дæ бахъуыд тæскъ?! Дадайы дзы атулай æмæ амæла, уый дæ фæнды, нæ? Æмæ дын æй нæ ратдзынæн, нæ! Уæгъды ма би дæ удхæссæджы тæскъ! Дадайы дын нæ ратдзынæн! Бамбæрстай?!.

– Æгъдау афтæ у.

– Æгъдау... афтæ у. Æмæ-иу дæ тæскъ уым ма ныууадз. Æгъдау афтæ у... Æмæ та æз æндæр тæскъ бийон? Рахæсс-иу æй. Æз дæр дæ ацы тæсчъы хъуамæ атулон... Сæрсæфæн къæдзæхæй!.. Рахæсс-иу æй фæстæмæ, рахæсс! Уæдæ, æз æндæр тæскъ бийон?!. – сывæллонæн йæ зæрдæ уынгæг кодта æмæ дзырдта тагъд-тагъд.

Фыдæй, фыртæй... Баззадысты цавддуртау. Баззадысты лæугæйæ. Сæ уæнгты сæ туг ныллæууыд йæ цæуынæй. Чи йæ сардыдта? Чи йын бацамыдта уыдæттæ? Фæлæ бинонты ‘хсæн цы басусæг кæндзынæ? Науæд, сабиты ахæмтæ ахуыр кæнын хъæуы? Уыдон фæлтæрæй-фæлтæрмæ алцы дæр хистæртæй бирæ къаддæр нæ фæзонынц. Уæлдайдæр, хистæртæ сæ цы фæсусæггаг кæнынц, уыдæттæ. Ницы сын баззайы зæххы цъарыл æнæзынд.

Гæды нæ читт кодта:

– Ма-иу æй ныууадз уым. Тæскъ... Æз дæр дæ уым атулдзынæн. Уæдæ ма-иу фæкæс мæнмæ!..

Йæ фыд йæ сæрыл ныххæцыд дыууæ къухæй. Фæлæ хъыппсыпп не скодта Гæдыйы ныхмæ. Æниу ын цы хъуамæ загътаид? Æрæвнæлдта æрдæгбыд тæскъмæ. Райхæлдта йæ халгай. Бийинаг ма дзы цы уистæ уыдис, уыдонимæ сæ æнæссыбырттæй ныккодта лыстæг цъæлтæ. Æнгуылдзы дæргъæн цыбыр цъæлтæ. Æмæ йæм æргом сдзурын ничи бауæндыд...

Суанг Арцтох дæр. Кæстæры зæрдæхудтæй худинаг – хуыздæр. Уымæн ныххуыдта, йæхи кады мæлæтмæ чи цæттæ кодта, уыцы хохлæг, уыцы хæстон йæ дзых.

– Гъе, гъе-е-е, хорз адæм! Знаджы æнæнымæц æфсад æрбацæуы ныгуылæнæрдыгæй! Йæ къахыл лæууынхъом чи у, уыдон сæр бахъуыд! – йæ хурхы сæрты тæригъæд фæхаста фидиуæг. – Лæджы худ чи хæссы йæ сæрыл, уыдон рацæуæнт Æмбырдгæнæн фæзмæ!..

Фæдисмæ Гæды фырцинæй фæхаудта арвмæ:

– Æз дæр цæуын хæстмæ! Æз дæр цæуын хæстмæ! Дада, дада!.. Хæст райдыдта, хæст! – саби фырцинæй æцæгæй хаудта арвмæ. – Дада!.. Æз дæр демæ цæуын хæстмæ!.. Рыпп – хъуынджын сыстсæрæн! Рыпп!..

«Куыдзы фырттæ!.. Тæппуд ницæйæгтæ!.. – æхсыст Арцтохы маст не знæгтæм. – Цас нæм «фæцæуæм», «фæхъуызæм» фæкодтой!.. Уæд схæцдзыстæм!.. Уæд уыдзæнис!.. Фæкæсут-иу!..

Фæлæ ницæйæгтæ аланы коймæ сæ бын хуылыдз кæнынц! Нæ номæй дæр нын тæрсгæ кæнынц! Ныр сæм афтæ фæкаст, рафтыдыстæм хæсты... Фæсте нæ ничи уал ис æмæ нæм бынмизтæ бахастой сæ ныфс, – лæджы тынг нуæрттæ хæсты коймæ, хæсты цинæй – йе знæгты кæй ныддæрæн кæндзæнис, æппынфæстаг сын йæ цæсты дзаг кæй фендзæнис, уыцы цинæй кодтой æлхысчъытæ. Йæ бон ма сæ тыхæй уыдис сабыр кæнын. Фидарæй зыдта, хæстон лæгыл талф-тулф митæ нæ фидауынц. Рæвдз фезмæлд цæмæннæ, фæлæ рæуæг митæ нæлыстæджы фос не сты.

– Æз дæр цæуын хæстмæ! Дада!.. Æз дæр хæстмæ цæуын! – Гæдыйæн нал уыд иу ран æрхæст. Хæсты коймæ змæлыдысты йæ хом нуæрттæ. Йæ уисбæхы хид сфынк, афтæмæй йæ уынджы ратæр-батæр кодта дыууæрдæм. – Хæстмæ цæуын!.. Уæхи мæ бахизут, бынмиз ницæйæгтæ! Рыпп!..

«Куыдзы фырттæ!.. Ахæм кæстæртæ цы зæххыл рæзынц, уыдонимæ схæцынмæ мын хæссынц сæ ныфс. – Тæсчъы мæлынмæ нæ, кады сæрыл тохмæ хъæуы цæуын! – даудта йæ урс зачъе,

алыхуызон тугкалæн хæстыты чи бахсыст, уыцы хæстон. – Æмæ уын æз фенын кæндзынæн, Арцтох чи у, æмæ йæм тыхы сæрыл куыд хъæуы ‘фсæрын!..»

Хъæугæронæй йæ хъус ахста йæ иузæрдион Æрæфы знæт, фæлæ æхцон мыр-мыр. Базыдта лæг, йе ‘фсургъы хъустыл кæй æрцыдис фæдисоны мæнæ-мæнæ. Ахуыр уыд рагæй фæстæмæ хæсты фæдисыл. Зоны, цæргæ-цæрæнбонты куыннæ базыдта, тохмæ æппæты фыццаг уыдонæн цæугæйæ кæй у – æвзонг хæстонтæ æмæ æфсургътæн цæвиттон куыд æвдисой æмæ йе ‘нæхин хицауы размæ фидиуæджы фæдисмæ барвæндæй æрбацæуы йæхæдæг. Уый, æфсургъы æнæхин, иузæрдыг ахаст дæр ын йæ хъуыдымæ тагъта, тæскъыл, мæлæтыл катай нæ, цардыл кæй хъæуы тыхсын, уыцы рухс фæнд.

Диссаг куыннæ у – ацы хатт Арцтохы цин æнхъæвзта æнæхъæн бинонты зæрдæтыл. Уырныдта сæ, раст хъуыддагыл кæй слæууыдысты. Ныræй фæстæмæ сæ дардыл мыггаг цæргæцæрæнбонтæм Арцтох æмæ йæ фырты, стæй йæ фырты фырты фæрцы ирвæзт уыдзысты тæсчъы æмбæхст тасæй. Иугæр лæг йæ миднымæры разы у йæ ныцъцъæл кæныныл, тæскъ уисгай ныссæттын æмæ басудзыныл, уæд йæ хъуыдыйы сæрты фыдæйфыртмæ ничи уал ахиздзæнис.

Æмæ уыцы сусæг цин цыд уылæнтæй, цæвæнтæ кодта фæйнæрдæм. Йæхæдæг æвдыста йæхи. Нал ын уыдис иу чысыл уысм дæр тыхæй æруромæн.

Стæй кæмæ хъуамæ разына ахæм тых!..

*Уыдзæн ма*

*ДЫГЪУЫЗТЫ Тенгиз*

# ТАБУЙАГ НОМ

* * *

Æз ацы мæнг дунемæ рантыстæн афонылæ,
Куыд тауон зæрин хурау рухс æмæ цард.
Куыд æууæндой адæм сæ фидæн, сæ райсомыл,
Куыд хъуыса нæ кæмтты нæ уаз цин, нæ зард...

Куыд мауал уа хъаугъа, хæстытæ, быцæутæ...
Куыд æрцæра зæххыл сабырдзинад, уарзт...
Нæ мадæлтæ сисой сæ удмарæг саутæ...
Нæ кæстæртæ ма зоной сау фыдæх, маст...

## МЫСИНÆГТÆ

Ацы къæсæй, нæ дурамад уæзæгæй
Иухатт цардагур дардмæ ацыдтæн.
Къултыл ала ысбадти цъæх фæздæгæй,
Ивгъуыд рагбонтау кæрты азылдтæн...

Ам мæ сабидуг – алы къахвæды,
Рухс мысинæгтæ зæрдæ агайынц...
Ам мæ зарджытæ назджын тар хъæды
Рох, æхцон зæлтау хъустыл ауайынц.

Саурæсугъд чызгай, ехх, куыд къæйных уыд,
Хъазыдтæн-иу æз йемæ ‘мбæхстытæй...
Уды уарзты монц, уæ, куыд тагъд райгуырд,
Фурдау ивылдис уым нæ цæстытæй...

Уарзæг удтыл-иу базад базыртæ,
Сусхъæды бын-иу мах куы ‘рбадтыстæм.
Булæмæргъ ныл ызгъæлдта уаз мыртæ,
Ирд ыстъалытæм худгæ кастыстæм.

Ацы хæдзары, дурамад къæсы,
Ницы аивта уал азы фæстæ...
Гъе, æрмæст, мæ бон, къулæй ракæсы
Ме ‘рвад – цардхъуагæй бабын сау хæсты...

* * *

Иу чызджы æз рагбонты зыдтон...
Худтис-иу кæл-кæлгæнгæ сæ кæрты.
Рухс зæд æй мæхимидæг хуыдтон,
Худгæ-иу фæцæйуадис мæ рæзты...

Рацыд азтæ. Чызг фæцыд чындзы,
О, фæлæ нæ ферох ис мæ удæй.
Худгæ ног мæ фæрсты уый тындзы,
О, фæлæ нæй цардамонд йæ худты...

Иунæг сусæг бамбæрстон æрмæст,
Чи зоны, йæ кæл-кæлгæнаг худтмæ...
Ног та абон уарзт мæныл æртæфст,
Ракаст мыл йæ иу фендæй зынг хуртæ.

* * *

Арвмæ æдзухдæр мæ каст,
Амондгур стъалытæм сидын...
Ферох фæлмæст удæй уарзт,
Хизын æрдуйы мæнг хидыл...

Царды гуыргъахътыл – фæндаг...
Федтон æз бирæ тæссартæ.
Уды рæстдзинад – мæ уаг, –
Хъахъхъæнын Ирæн йæ бартæ.

Сабыр Фыдыбæсты уа,
Ма уæндой махмæ фыдгултæ,
Саби-иу худгæ кæса,
Адæмы тавой уæлхуртæ...

## КАТАЙ

Риуы рухс бæллицтæ – пырх...
Азтæ знæт æфсургъау уайынц.
Хурæй мигъдалынг фæсырх, –
Арвыл стъалыты бардз тайы.

Цард йæ хорзæхтæй – чъынды,
Ницы схай кодта мæ удæн...
Ехх, куыд тынг-иу мæ фæндыд
Ирд цырагъау судзын Ирæн.

О, фæлæ цæлхдур æдзух
Сау, æхсины лæг, æвæрдта,
Удвæндтæ ныйисты хурх...
Иры фарн æхгæдæй дардта...

Исты ма йæ ныхмæ зæгъ,
Хахуыр, тауыстæ дыл уадздзæн.
Байзæрдзæн дæ удыл цæхх,
Марг, фыдæх зæрдæ дæм дардзæн.

Ис ын хъузæттæ, сæ иу
У мæ раздæры хæлæрттæй,
Снард йæ мæллæг буар, ысфиу
«Уарзон» хицауы къæбæртæй.

О, козбауты дуг æрцыд,
Цъист – нæ адæмæн сæ бартæ,
Сау кæрæф æмæ фыр зыд
Царды ауагътой сæ таутæ.

Хистæртæм ма уыд мæ каст,
Зондагурæг сæм фæцыдтæн...
Рахæссой тæрхæттæ раст,
Саразой кæрон нæ зынтæн...

О, фæлæ фыдæнхъæл тагъд
Баййæфта мæ уд, мæ зæрдæ:
Рауад хистæртæн уым загъд,
Кодтой карз лæбурæн кардæй.

Базыдтон ныр æз, кæм дæн...
Мулк æлдариуæг кæм кæны,
Уым рæстдзинады ныгæны,
Уым вæйиы цæссыггæлæн.

Ау, нæ фæсивæд та уæд
Цъаммар, сау лæгæн куыд бары?!
Исбон кæд ысси йæ зæд,
Йе цагъары къæлæт дары!?

О Ыстыр Хуыцау, æркæс,
У тæрхонгæнæг фыдмитæн!
Фарн, рæстаг амонд æрхæсс
Ды нæ адæмæн, нæ Ирæн!

*2009.10.04*

## ПОЭТÆН

Дæ сыгъдæг ном табуйаг у мæнæн,
Дæ цыртдзæвæныл бур сыфтæртæ хауынц,
Дæ мæсыгæн йæ быныкъæйтæ ‘фтауынц,
Дæ уаз фæллæйттæ – папылой, дæрæн.

Мæ буц фыдæл, цæуыл уыди дæ тох?!
Уæйиаг удтæм дæ хорзæхтæ нæ хъарынц...
Нæ цардыуаг, нæ бархъомыс нын марынц
Æхсины лæгтæ! Рохуат æмæ рох...

Æцæг дын хатт æрымысынц дæ ном,
Бæрæгбæттæ дæр саразынц дæ кадæн.
Цы буц æвзаг нын хъахъхъæдтай нæ зардæн,
Уый марынц ныр бæдæ лæгтæ æргом.

Фæлæ мæлæт нæртон æвзагæн нæй,
Цыфæнды йæ куы бакæной зындоны,
Куы йæ ‘ппарой ызмæст-уыраугæ доны,
Ысрæмудздзæн цыргъ къæдзæхты бынæй...

Æмæ ирон зæллангæнæг ныхас
Нæ мæгуыр Иры барджынæй æрцæрдзæн,
Дæ зарæг та нын цардамонд æрхæсдзæн...
Мæнгард лæгыл дæ кой æфтауы тас.

Куывддон лæгау дæ разы æз лæууын,
Дæ сау дурыл дæ мидбылхудт æрæнкъард...
Мæ уæхсчытыл фæззыгон хас æрæнцад,
Æрвон зæдтæ дæ ингæныл кæуынц...

## НОГ АЗ

*(Сывæллæттæн)*

Ног аз ног амонд æрхаста...
Ног аз – ног царды бындур.
Зазбæласыл Сос æрбаста
Хъазæнтæ – чи сырх, чи бур...

Митын Дада та æд дзæкъул
Сабитæм æнхъæлмæ каст.
Хур цæгатырдæм куы акъул,
Афтæ райдыдта ам хъазт...

Чи дзырдта æмдзæвгæ, чи та
Зазы алварс кафгæ зылд...
Чидæр зарæджы зæл систа,
Митын Дада дæр фæзынд.

Æмæ хъæлдзæг равг æхсызгон
Сонт зæрдæтæн хаста цин...
Ног аз нын æрхæссæд рухс бон!
Ног аз – ног царды æфсин...

## РАГБОНТЫ НЫВ

Зæххын пъолыл бæгъæмзæнг саби хъазы,
Æфсæйнаг пецы сугтæ загъд кæнынц.
Ысцагъд кодта хъæпæнтæ мит нæ разы,
Зæронд ыскъæты фос сынæр цæгъдынц...

Нынниуы уад, ныллæг фæрсаг ныррызы,
Нæ хосдоны сырдтон цъиутæн – бынат.
Хуыссæгхъæлдзæг, æххормаг саби тъизы,
Уый хъарм сынтæгмæ бахаста йæ мад.

Æмæ йын уым фæлмæн а-лол-лай зарыд, –
Æрфынæй ис йæ чысыл хур, йæ зæд.
Æрмæст ма мыст цыдæр æхсыдта цары,
Ыссардта уый нæ мæгуыр къæсы хæрд...

Æхсæв ныхъхъус, кæркуасæнтæй дæр ахызт,
Фæлæ ма бадт нæ фæлмæст мад, хуыдта
Нæ дзаумæттæ, йæ буар-иу, мæгуыр, барызт, –
Йæ хъысмæт æви й' амондыл куыдта?..

*БУТАТЫ-ХЕСТАНТЫ Победæ*

# ЭТЮДТÆ

## АРВÆРДЫН

Фæскъæвда арв авд хуызæй фæхуды. Арвырон арвы риуы бæрæгбоны фæлыст.

Арвырон цæй нысан у уæлæрвтыл? Арвмæ хуымгæнæджы зæрдæйы бæллицтæ авд хуызæй стахтысты раст.

Хуыцауæн дæр æхцон æмæ ‘хсызгон у йæ уынд…

## АУÆДЗЫ ДУР

Уайых æрбауай, адæймаг! Дæ цæст зæххæй никуы бафсæст. Цæрынæй-хæрынмæ дæ бон иу хъуыддаг бамбарын нæ бацис: Зæхх æнæхъæнæй дæр йе сфæлдисæджы кæй у, уый.

Ды йыл æрмæстдæр цыбыр рæстæгмæйы уазæг дæ, æмæ тох цы зæххы мурыл фæкæныс, дæ зæрды ныддихтæ кæнын кæй вæйиы, уый дæ уазал зæрдæйæ йæхимæ айсы. Цæуылдæрты ма бæргæ фæкæныс фæсмон, фæлæ Удхæссæджы нал февдæлы де ‘рдиагмæ…

## ФÆНДАРАСТ

Хорзæй баззай дæр мын нæ загътай. Фæстæмæ дæр мæм нæ ракастæ. Æрбахгæдтай дуар. Бæстæ дæ фæстæ бамыр, суанг ма дæ къæхты хъæр дæр нæ хъуысы.

Æмæ куыд хъуыса уæвгæ дæр, кæд æмæ мæ зæрдæйæн йæ фæлмæнтыл цæуыс, уæд… Фæндараст. Куыд фæзæгъынц, хуыздæрыл амбæл.

## ХУЫЛЫДЗ ПИСМО

Уарын чысыл раздæр райдыдта. Фæндаггæрон писмо ауыдтон. Систон æй. Æрхуылыдзтæ. Кæд постхæссæгæй ахауд… Æмæ

йын уæд къонверт нæ уаид?.. Кæмæ йæ радтон? Куыд æй базонон, йæ ныффыссæг æй кæмæн сфæлдыста, уый. Цæй æмæ йæ адæмы тæрхонмæ рахæссон, куыд у, афтæмæй.

Чи зоны, йæ ныффыссæг мын æй ныббардзæн. Чи зоны, кæмæн фыст у, уый йæ бамбардзæн...

...Мæ фæлмæн æмæ хæларзæрдæ К... Ныр æхсæв у. Сау æмæ тарцъæх æндæргтæй быд æхсæв. Ды афонмæ фынæй кæныс. Æз курын æппæт æрдзон тыхтæй, цæмæй дын дæ адджын фын мацы фехала.

Уæлæ бæрзы къалиуты 'хсæн бамбæхст де стъалы æмæ ризы уазал дымгæмæ. Мæнæй бæласмæ æмæ де стъалымæ ис фынддæс æмæ ссæдз санчъехы. Æз та уыцы фæндагыл фынддæс æмæ ссæдз азы фæцыдтæн. Цæмæн æй ссардтон? Æвæццæгæн, мæ фыдбылызæн, мæ уды хъизæмарæн.

Æвæццæгæн, арвыл дæр мæнæ фæдзæхст хъæдау, фæдзæхст бынæттæ ис, æмæ де стъалы дæр ахæм ранмæ бахауд. Æз та йæм, кæйдæр артмæ тавæгау, ме 'ргъæвст уд тавын.

Арвы дзыгъуыр цæсгомыл сæнт стъæлфау цæхæр калы де стъалы – ды царды дæр афтæ бæрæг дарыс...

Фынддæс æмæ ссæдз азы... Рæстæг йæ цардвæндæгтæ æрдæгхуымгонд кæмæн фæцис, уый ныр кæйдæр амонды фæсдуар мидарты æдзæмæй судзы. Мæгуыр мæ бон – уацайрагæн дæр ма цыдæр бартæ вæйиы. Æз та дæ суанг мæ фыны фенынæй дæр тæрсгæ кæнын.

Абон мын, куыстæй цæугæйæ загътай: «Ныр та дыууæ боны кæрæдзи нæ фендзыстæм».

Тæхудиаг, рæстæг афтæ цыбыр кæмæн у. Мæнмæ та уыцы дыууæ боны дыууæ æнусау фæкæсынц. Æнæ дæу мын æнæхъæн горæт дæр æдзæрæг вæйиы. Уæд æз катай фæкæнын. Уæд мæ зæрдæйы зæл-фæдис фæхъæр кæны. Уæд алы хæдзары рудзынгыл дæр дæ фæлмæн цæстæнгас фæагурын. Ды зоныс, мæ хæларзæрдæ К..., зæрдæйы зæл цæйбæрц цæры, уый? Раст адæймаджы цардвæндаджы бæрц.

Арвыл тæмæнтæ калы де стъалы. Нывæнды æвзист цыллæйы тын бæрзы къалиутыл. Бæрз æмæ де стъалы...

Хæрзæхсæв у. Мæ ныфс – хуры скаст: кæд йæ иу тын та мæ хуыдалынг зæрдæмæ фæрæдиид ныккæсын.

*ТОХСЫРТЫ Къоста*

# ÆНÆРÆНЦОЙÆ ХЪУЫДЫГÆНÆГ

*Сатирикон радзырд*

Базарадон экономикæ, дам... Æмæ ма дзы амæй æлгъыстагдæр, дæлимонтæн фæлдисинагдæр рæстæг уыдис! Чи йæ сарæзта, уыцы хæлофгæнджытæн уастæн ард сæ æргъæу галуанты куы бацæуид, кæд абон рæстаг адæмæн цы фыдтæ 'взарын кæнынц, уæд.

Мæстæй сæм мæ игæртæ цæхæры куыд нæ фыцой?! Ныртæккæ ахæм дуг у, æмæ бæстон хъуыды куы нæ кæнай дæ алы къахайстыл дæр, уæд æмбойны адæймаг удхайраг фæвæййы.

Æмæ мæ карæн лæгæн, дæ хорзæхæй, æппынæдзух, æнæрæнцойæ, æхсæвæйбонæй – иудадзыг! – хъуыды кæнын æнцон у?! Фылдæр хатт, Хуыцау, дæу ардыстæн, мацы мæм фæныхил, фæлæ мæ сæр фырхъуыдыйæ фæйнæрдæм фæцæйтоны, кæнæ арæх зæронд цъылынæй ахъаззаг хосты хуызæн дæр ма фæвæййы. Æндæр уæдæ хъуыддагæй цы сараздзынæ? Цард йæхионтæ карзæй домы, агуры, байсы, гъе æмæ хъуыды кæнын, мæ сæр хойын цæмæн райдыдтон, уый дæр уын нæ басусæг кæндзынæн.

Иу заманы бæрæг кæйдæр фæдыл зианы сæмбæлдтæн æндæр хъæуы, æмæ фæлтау уыцы бон мæ рахиз къах схъис састæй куы асастаид, æмæ мардмæ куынæ ацыдаин! Мæхи ахæм сау æлгъыстæй цæмæн

ælгъитын, уый уæм æппындæр диссаг ма фæкæсæд. Фæлæ хæрнæгыл куы ‘рбадтыстæм, уæд, зианæн рухсаг дæр нæма загъ-там, афтæмæй дын, йæ ронбаст йæ бикъæй раст дæлдæр кæмæн уыд, ахæм сырхбæрзæйджын – мæ тæккæ ныхмæ бадæг – хæрынмæ кæрæфæй фæлæбурдта. Фыццаг уал дзидзатæн сæ фæлмæнтæ ассывта, фæстæдæр, плау куы æрæвæрдтой, уæд та уидгуытæ рахæссынмæ дæр нал фæлæууыд, фæлæ стуры фæтæн фæрскæй февнæлдта æмæ дæ балгъитæг афтæ – уайтагъд дын-джыр къусы дзыгъал-мыгъул ссыд. Мæхинымæр зæгъын, мæнæй-уый, рæвдздæр æвнал, кæннод ацы африкæйаг кæфхъуындары хъоргъау хъæлæсы æд тъанг-тъунг ирвæзыс. Æмæ сæнæй, ирон арахъхъæй, водкæйæ, донæй нуазгæ куыд кодта, уый та... Рæгъ цавæр уыд, уымæ дæр-иу нæ байхъуыста, афтæмæй-иу агуыв-зæйæн дзагæй йæ хъуыртт дард кæмдæр фæцыд.

Тæхуды, æмæ сымахæй исчи уым куы фæуыдаид æмæ уыцы хытъынджын хæлуарæгмæ куы бакастаид! Плауы пырындзы гагатæ суанг йæ фæсхъустыл баныхæстысты, сойæ та йæ тып-пыр рустæ лæгуын сæрау æрттывтой. Мæхи ма йæм тыххæйты урæдтон. Уалынджы иу рæстæг афынæй, йæ хуыр-хуыр ссыд, стæй сонт фехъал æмæ афтæ фæкодта:

– Чындз нæма æрхæццæ? Ардæм æй æрбакæнут!

Цæй, ацы фидиссаг, сæфт гуыбындзæлы кой уын æгæр цыма кæнын... Хуыцау уæ ахæмтæй фыны дæр бахизæд. Фæлæ чи фылдæр бахæра æмæ бануаза, хъуыддаг уымæ куы ‘рцæуа, уæд мæ суанг ахæмтæ дæр нæ амбулдзысты. Æрмæст ныр мæхи ныхъхъус код-тон. Бахæрыны æмæ бануазыны охыл быцæу кæнын худинаг у, стæй дыууæ куыдзы иу къусæй нæ фефтъæрынц. Фæлæ мыл рæдыд кæй æрцыд, уым сæрысуангæй мæхæдæг дæн аххосджын: ацы æнæхайырыræмпæг лæджы ныхмæ цæмæн бадтæн? Æгæр куы ‘вдæрзта, уæд та цæуылнæ сыстадтæн æмæ æндæр ран дзæбæх бы-нат цæуылнæ бацагуырдтон, гæнæнтæ мын куы уыдис, уæд...

Уымæй фæстæмæ ‘ндæр цæстæй акастæн нæ алыварс дунемæ. Бындуронæй ахуыр кæнын райдыдтон ног царды закъæттæ, база-рон экономикæйы æппæт фæзилæнтæ æмæ лыстæг æууæлтæ. Цы саразын хъæуы, цæмæй кусæг лæг дæр гæвзыкк ма уа, йæхиуыл тагъддæр фæхæца, уый тыххæй, зæгъгæ. Иу ныхасæй, бæстон хъуыды кæнын хъæуы, æмæ æз дæр хъуыдыты пыхцыл базыртыл уæлвонгты сæрыстырæй тæхын – уæдæ ма базарадон экономикæ цæмæн у?!

Æмæ йæ сæйрагдæр уавæр та уымæн – базарадон ома, ахæм у æмæ, хатгай адæймагæй ферох вæййы, куывды, чындзæхсæвы æмæ ‘ндæр хъæлдзæгдзинады фæстаг хатт кæд уыдис. Уый хыгъд зианы боны хистытæ, марды афæдзæй-афæдзмæ кæндтæ – хæрх. Адæймаг сæ нымад дæр нæ фæуыдзæн. Куыд бафиппайдтон, афтæмæй алы ран дæр дзы вæййынц иу цæмæйдæр хъуаг æмæ йæм æркæсын хъæуы. Æппæтдунеон æхсæнадон змæлд «Иры стыр ныхас»-ы хистæртæ йæ æвæстиатæй куы нæ равзарой, уæд хуыздæр чи сарæхсдзæн?

– Хъуыддаг афтæ у сæрысуангæй къæдзилы басты онг зианы бадты алы цыппар лæгæн дæр æрæвæрынц сæ фæлхас, сæ хай. Æмæ цæй хай вæййы? Тымбыл къухы йас дзидзайы мур æд стджытæ, æмæ уый цыппар æххормаг хистхор лæгæн цы фаг у, кæцырдæм æй айвазой?! Айразмæ Адтосайы хæрнæджы, кæм ис, уырдыгæй хъаймæты бон дæр мауал рацæуа, фынгмæ æрæвналын дæр нæ уæндыдтæн. Уæд йæ фæстæ чи баззад, уыцы бинонтæ цавæр сты? Йæ бирæ фæллæйттæй Адтосайæн, куыд æмбæлы нæ фыдæлтæй баззайгæ замманай æгъдæуттæм гæсгæ, ахæм хист дæр не скодтой.

– Зæгъæм, уартæ стыр Джызæлы, кæнæ кадджын Олгинскæйы, дыууæ лæгæн вæййы ахадгæ фынг, æмæ дзы уымæй мæгуырдæр кæнынц? Нæ!.. Афтæмæй æгъдæутты фæдыл та цас фыссæм газетты, цас дзæнгæда цæгъдæм радио æмæ телевизортæй! Ныронг иу æгъдауджын дзуарылæджы стыр сæр нæма æрцахста, базарадон экономикæйæ тыхджын джызæйлæгтæ æмæ олгинскæйæгты æвæджиуы ‘гъдау бафæзмын кæй хъæуы, уый. Æмæ ныр æз алкæй бæсты мæ сæрнизæн цæмæн хъуыды кæнын? Карджын лæг дæн, зæрондмæ дæр мæ бирæ бæндæнтæ нал хъæуы æмæ афтæмæй кæдмæ фаг суыдзынæн? Фæлæ саби бонтæй сахуыр дæн хъуыды кæнын æмæ ма æнæ уымæй цæрынтæ фæразын! Хъуыды кæнын, адæмæн дæр æмæ лично мæнæн дæр хуыздæр цы у, уыдæттыл. Æмæ хистæрæй-кæстæрæй мæ зондæй куы рæдииккой, уæд та дзы, Хуыцауыстæн, чысыл нæ рамбуликкой базарадон царды сойтæй дæр.

Куыд ма йæ загътон, фарон дæр афтæмæй мах хъæуа-нæ хъæуа ардыдау сагъуыдыстæм не ‘гъдæуттæ æвзарыныл. Суанг ма хохаг арф хъæуты сходтæ æмæ æмбырдты дæр дзурынц, зæгъгæ, дам, зианы фынгыл æрмæст æхсæз рæгъæй фылдæр уадзæн нæй. Уæд, уæ хорзæхæй, экономикон базарады ахъаз-

заджы дуджы мидæг цы сты айдагъ æхсæз рæгъы? Кæйты æмæ дзы цытæ ис æрымысæн? Æнæуыйдæр фыдæлон кадджын рæгъытæ алы зæронд къæмсæмолтæ. Уæд хуыздæр цы гæс у нæ дынджыр «Стыр Ныхас»?! Зæгъæм, сыхбæстæ æмæ хъæубæсты рæгъытæ иумæ фæзæгъынц. Æмæ сæ хицауадырдыгæй дæр иу бафæрсæг нæй, иу сæ цы боны хорзæн, науæд цы 'хсæвы амондæн кæнынц, уымæй æз куыд æрæййæфтон экономикон базарады хæдразмæ дæр ма, афтæмæй уыдон дыууæ хицæн рæгъы уыдысты æмæ сæ 'нцад уадзæнт сæ бынаты! Иу кæнын сæ куы хъуыдаид, уæд æй нæ фенджын фыдæлтæ нæ зыдтой? Фæлæ уыдонæн сæ алы уæнджы дæр кад æмæ æгъдау уыдис.

Нæ ныхас æхсæз рæгъы тыххæй рацыд. Æмæ кæй цы хъуыддаг ис, йæ фынгыл чи цал рæгъы кæны, уымæй? Айфыццаг иу ран бахаудтæн, æмæ дын фынджы хистæр фондз рæгъы фæстæ Мыкалгабыртæ куы зæгъид! Мæ кæнæг Кадджын Хуыцау, бæстæ, базары дæр чи нæ фидауы, ахæм дзолгъо-молгъо сси. Дæле бадджытæй иу лæг хистæрмæ бауырдыг æмæ йæ уайдзæфты бын фæкодта. Кæд, дам, уым бадын дæ зонды бон нæу, уæд... уæд... Тынг раст дын загъта! Ахæмты, фынджы хистæры бынаты бадын кæнын нæ, фæлæ хистмæ 'мгæрон уадзын дæр нæ хъæуы! Уæдæ цы рамбылдта, нымад рæгъы кæй фæкодта, уымæй? Æппындæр ницы! Цы хæринаг цæхх æмæ кæрдзын æрæвæрдтой, уый æнæвнæлдæй баззад æмæ уый та зианджын бинонтæн дыккаг зæрдæрыст вæййы. О, о! Тæригъæд хъуыддаг. Дæхимæ тæригъæдтæ исай, уый та ма ацы базарадон экономикæйы æнæхæраймаг цардæвæрды чердæм чъыллипп у?

Чысыл раздæр нæм ныхас рауад плауы тыххæй. Æмæ уый марды кæнды фынджы тæккæ ахадгæдæр æмбис у. Фæлæ, раст куы зæгъæм, уæд плау кæнын æппындæр нæ зонæм æмæ нæ ууыл æргом басæттын хъæуы! Алы ран дæр – фæнды горæты уа, фæнды хъæуы – кæцыфæнды ран дæр зиан æрцыд, уæд, раздæр Астæуккаг Азийы чи цард æмæ абон уыцы дзæнæтон бæстæй хауæггаг чи фæци, ахæм нæлгоймæгтæ æмæ ма суанг сылгоймæгтæ дæр сæхи плаугæнæг акæнынц. Æмæ ма йын исты куы 'мбариккой, уæд – гъа! Фæлæ сæ конд плау хæрынмæ нæ, хæрынмæ – узбекæгтæм равдисынмæ дæр нæ фæбæззы! Кæм бынтон læхъир вæййы, кæм сурæй згъæлгæ фæкæны, кæм та æрмæст дзидзахъæстæ рауайы, æмæ мæн пырындзы кас, уæ

хорзæхæй, цæмæн хъæуы? Мæ дæндæгтæй нырма иу дæр куынæ фæхъуыд, уæд! Уыдæттæ афтæ фæуæнт, Хуыцау, мацы мын кæн! Фæлæ хатгай та плау йæ быныл басудзынц. Цымæ нын цыма ныртæккæ ахæм рæстæг у, æмæ нæ фæллой арты хай хъуамæ кæнæм? Зын мын у, тынг зын хъуыды кæнын æмæ рæстытæ ‘ргомæй дзурын, уæлдайдæр ныры къуырма адæмæн – зæрдæйæ къуырма.

Æз иу лæгæй афтæ хъуыды кæнын, уыцы хатдзæгмæ æрцыдтæн дысон, æмæ Ирыстоны алы къуымы дæр плау, куыд æмбæлы, афтæ цæмæй цæттæ кæнæм, уый тыххæй ацы хæринаггæнджытæн сæрмагонд, иудадзыг чи куса, ахæм курсытæ байгом кæнын хъæуы Владикавказ-Дзæуджыхъæуы, уыимæ тæккæ стырдæр æмæ райдзастдæр бæстыхайы. Горæтты æмæ дзы нæ хъæуты зæрдæргъæвддæр кæстæртæ ахуыр кæниккой плаугæнæджы дæсныйадыл. Æгуыст та, ай-гъай, никуы уыдзысты. Кæд ма æз дæр мæ ком суадзин уыдоны фых æмбисондæн суанг Узбекистаны дæр хæссинаг плауæй...

Хъуамæ уæ исчи зæгъа: ныртæккæ Хуыцауы ‘лгъыст базарадон экономикæ у, æхцайы фæрæзтæ нæм скадавар сты, æмæ нæм плаугæнджыты курсытæ байгом кæнын йæхимæ чи райсдзæн, зæгъгæ. Æмæ ууыл та нæ сæртæ цæмæн риссын кæнæм, хорз адæм. Ныртæккæ махмæ «Иры Стыр Ныхас» у æппæт хъуыддæгтæ аразæг. Табу сæхицæн, Ирыстоны бирæ кувæндæттæй зæдтæ æмæ дауджыты бадæнтæй ардæм цы мысайнæгты æхца цæуы, уыдон алцæй æмæ алкæй фаг дæр сты æмæ дзы хъуамæ плаугæнджыты курсытæн дæр, æнæмæнг, рантыса... Кæй нæ уырны, уый йæ йæхи цæстæй фенæд!

Раст куы зæгъæм, уæд адæмæй уæд та ма цалдæр дзырддзæугæ лæджы мæ хуызæн куы хъуыды кæнид, уæд нæ чысыл Ирыстоны кæуылты ‘нцондæр цæрæн уаид. Фæлæ бирæтæ ахæм сагъæстæй сæ сæртæ нæ риссын кæнынц. Рацарæзт æмæ базарадон экономикæйыл ссæдз азæй ноджы фылдæр цæуы, афтæмæй ма дуне адæм ныронг дон сæ фындзыхуынчъытæй нуазынц, хъуыды кæнын нæма сахуыр сты, æз та, мæгуыр мæ бон, æхсæвæйбонæй хъуыдытæй мæхи бахордтон. Уæд кæй æмæ цæй сæрвæлтау? Гъа, нал мæ хъæуы уæ плау дæр!..

Æрдæбон загътон, фынг æппæтæй дæр йæхи чи бакодта, уыцы гуыбындзæлы тыххæй. Дарддæр ахæм рæдыд цæмæй макæуыл æрцæуа, ууыл дæр рагацау батыхсын фæхъæуы. Чындзæхсæвы,

куывды, æппынфæстаг, хисты дæр дæ цуры ‘вæрд фынг бæркадджындæр куыд уа, уый тыххæй дæр æз бирæ фæхъуыды кодтон. Сæйрагдæр у нывыл æмбæлттæ бацагурын, æнæзонгæйы раз бадын та – аба-бау! Уæвгæ, ацы хъуыды мæ размæ иу фыссæг дæр ма загъта. Æнхъæлдæн, Расулов уыдис. Нæ... Æрхъуыды йæ кодтон – Гамзатов, цыма авайраг адæмыхаттæй у. Куыд дзæбæх загъта уæдæ уыцы зондджын лæг! Фæйнæ сыкъайы бануазын хъæуы, уæд, дам, ын хъуамæ ахæм фæтк уа: кæм, цал æмæ кæимæ? Уый у, уый йæ рахæцæн базарадон экономион экономикæйæн дæр! Уæллæй-биллæй!

Цæвиттон, адæмæй иутæ хæраг кæй сты, иннæтæ къаддæр кæй æвналынц фынгмæ, уый нæ алчидæр зоны. Зæгъæм, мæ сыхæгтæ Хъапсар æмæ Дзахсар кæцыфæнды бадты дæр уæлдай къæбæр нæ сисдзысты фынгæй. Кæс сæм, уæд нозты фæстæ дзулы фæлмæнæй комдзаг кæндзысты, куы та фосау цæхх сдæрын райдайынц — дыууæйæ дæр дзидзамæ æввахсдæр нæ цæуынц. Æмæ, сымахмæ гæсгæ, сæ фыдæлтæ ныр фырдзидзахæрдæй амардысты? Нæ... Уæдæмæ Хъапсарæн йæ комарынджы иу дæндаг дæр нал баззад æмæ дын айдагъ мылытæй цавæр дзидза æрæууила? Дзахсар та фырнозтæй тихалæгау бахус, арахъхъ йеддæмæ къæбæр йæ хъуыры нæ цæуы. Сæ фæды-фæд дæр макуы бахæрæнт, куы хæрой, уæд хæрæджы тъæнгтæ хæргæ фæцæуæнт, мæн та мæ фарсмæ уыдонæй хуыздæр æмбæлттæ нæ хъæуы цыфæнды мæнгтыл дæр.

Базарадон экономикæйы судзаггаджы хисты дæр...

# ИРОН ДЗЫРДАИВАДЫ ДÆСНЫТÆ

*Букуылты Алыкси.*

*Бязырты Димитр.*

*Тохты Иван.*



*Мæргъиты Къоста.*

*Цæгæраты Гиго.*



*Темыраты Дауыт.*



*Джусойты Нафи.*



*Мæрзойты Сергей.*

*Гæбулты Мелитон.*

*Булкъаты Михал.*

*Гаглойты Владимир.*

*Тедеты Ефим.*

*Козаты Исидор.*

*Цæрукъаты Владимир.*

*Гуыцмæзты Михал.*

*Дзаболаты Хазби.*

*Бестауты Гиуæрги.*



*Бицъоты Гриш.*

*Гаджиты Георги.*

*Харебаты Леонид.*

*Уырымты Петр.*

*Хуыгаты Сергей.*

*Хæблиаты Сафар.*

*Хæмыцаты Цæрай.*

# НÆ РАЗАГЪДЫ ЛÆГТÆ

*АЙЛАРТЫ Измаил*

## АРСÆГТЫ ГОРГАЙЫ ФÆСТАГ ЗАРÆГ

Фыдæй-фыртмæ Ирыстоны нæрæмондæр лæгты сыгъдæг намыс, уæззау куырыхон зонд æмæ фидар лæджыхъæды тыххæй бирæ фæзминаг мысинæгтæ баззад, фæлæ дзыхуаджджындæр хистæртæ кады зарджытæ цы удæгас бæгъатыртыл фæкодтой, уыдон уыдысты иугæйттæ. Уыцы иугæйтты астæуæй сæууон стъалыйау æрттивы Арсæгты Беппайы фырт Горгайы сыгъдæг цæсгом дæр.

Æнæрæдыд дуне нæй, æнæ исты азымæй адæймаг мæрдтæм дæр нæ цæуы. Уыдаид азымтæ, рæдыдтæ Арсæджы-фырт Горгамæ дæр, фæлæ нæ йæ номхæссæн хъуыддæгтæ стыр дисы æфтауынц. Мæгуыр хæххон лæджы фыртæн йæ цыбыр царды бонты кусæг адæмæн уыйбæрц хæрзты бацæуын куыдæй бафтыд къухы?!

Арсæгты Горгайы хорзы кой æппæты фыццаг фехъуыстон нæ хъæубæсты хистæртæй. Педагогон институты ахуыры азты мын (1949–1953) Горгайы цардвæндаджы диссæгтæ фæдзырдта фыссæг Хъазыбегты Хъазыбег ирон факультеты мадæлон литературæ æмæ адæмон сфæлдыстады ахуыргæнæг. Хорз зыдта Хъазыбеджы-фырт йæ адæмы истори, рæстæджы ахаст, æхсæнадон цардарæзт. Уарзта рæстыл дзурын æмæ кусын. Йæ сыгъдæг зæрдæйæ æууæндыд студенттыл куыдæмбаргæдæрæй æмæ-иу нын æхсæны рæгъмæ рахаста суанг хицауадæй табугонд-сусæггонд цаутæ, æрмæджытæ дæр. Советон цардарæзтыл кæд исчи æнувыд уыди, фыдыбæстыл кæд исчи зæрдиагæй аудыдта зонд æмæ хъаруйæ, уæд уыдоны рæгъы куыстхъомæй цыди Хъазыбегты Хъазыбег дæр, царды хъæрмæ хъуыста лæмбынæг, æхсæнадон цардмæ касти æвронг цæстæй,

расты зылынæй æвзæрста, хатыдта уæды æхсæны партион кусджытæй бирæты фæдфæливæнтæ. Студенттæй хуыздæр кæуыл æууæндыд, уыдонмæ кæсынмæ лæвæрдта уæды сусæггонд æрмæг, æмæиу нæм рауад быцæу ныхас дæр. Уыцы уагыл цæстуарзонæй амыдта: «Æрмæг лæмбынæг кæсын хъæуы, æмæ йын бамбар йæ хъуыды, стæй хатдзæгтæ скæн, рæстыл дзургæйæ. Æртынæм азты кулачы æмæ адæмон знаджы номæй ахсты чи фæци, уыдон се ‘ппæт фыдгæнджытæ нæ уыдысты. Уæды хицауады бæрнон кусджытæ æмхуызонæй фæллойгæнæг дзыллæты пайдайæн нæ архайдтой. Советон цардарæзты цыфыддæр знæгтæй уынаффæдæтты бирæтæ бадти æмæ нæ бацауæрстой адæмы рæстагдæрты ахсыныл».

Хорз хъуыды кæнын 30-æм азты тыхст бонтæ, æмæ Хъазыбеджы ныхæстæм хъусгæйæ цæстытыл уадысты уæды дзырдхæсджытæ, нымудзджытæ. Æнаххосæй ахсты цы зындгонддæр лæгтæ фесты, уыдоны астæу Хъазыбег уæлдай сæрыстырæй дзырдта Тогойты Данел æмæ Арсæгты Горгайы тыххæй. «Цы лæгтæ нæм уыди æмæ æнаххосæй куыд фесæфтысты!» зæгъгæиу нæм комкоммæ фæрсæгау касти. «Фидæны цардаразджытæ сымах стут æмæ уын æмбæлы зонын адæмы иумæйаг рæстад цыфæнды зынæй дæр».

Йæхи сыгъдæг зæрдæйæ адæмыл æууæндаг уыди Хъазыбеджы-фырт, æмæ йæ уый тыххæй студенттæ фылдæр уарзтой. Стыр ныфс æй уыди уæды сфæлдыстадон фæсивæдæй, фæлæ не ‘ппæтыл кæй æууæндыд, уымæй фæрæдыд. Советон хицауады цыфыддæр знæгтыл троцкисттыл, кулактыл, буржуазон националисттыл къæм абадын нæ уадзы, студентты галиу фæндагыл ардауы, зæгъгæ йыл зындгонд фысджытæй кæйдæр ардыдæй ирон факультеты дæлгоммæгæс студенттæ цалдæрæй дзырдтæ бахастой хицауадмæ, æмæ адæмы цæсты бафтыд, æназымæй дзырддаг фæци... Мæнгдаутæй йæ ахæстоны сбадын кодтой... Арсæгты Горгайыл цы уацау фыста, уый дæр ын æрдæгкуыстæй баззад. Цыппар азы Фыдыбæсты хæсты йæ туг фæкалдта, Уæлахизы боны кадæн рейхстаджы стыр æрттиваг дæгъæлтæй иу Ирыстонмæ æрхаста, æмæ йæ бирæ хæстон хæрзиуджытимæ уæззау цæфтæ дæр нымады нал æрцыдысты нæ уæды хицауадмæ, фæлæ байхъуыстой, хæстæй чи ралыгъд, уыцы фыссæджы æмæ йæ хъузæтты дам-думтæм, сабатизæры сылгоймæгтау. Уыйадыл комбæсты аргъ лæг рæстæгæй раздæр зæрдæдзæф фæци. Йæ нымудзджытæ та кæрæдзийы фæдыл сæхи маргæй

фæхуыдуг сты: рæстаг адæймаджы тæригъæд нæ сæфы, ирон хæсау лæджы фæсте суры...

Хъазыбегты Хъазыбеджы тыххæй бæстон уымæн дзурын, æмæ Арсæгты Горгаимæ адæймаджы хуыздæр миниуджытæй уыдысты æмхуызон æххæст. Горгайы лæгæй-лæгмæ нæ зыдтон, фæлæ йæ бирæ зонгæты мысинæгтæй цæстыты раз цардæгасæй лæууы уыцы сæрыстыр æмæ ныфсхастæй.

Арсæгты бинонтæ цардысты Дыгуры Уæллагкомы рæбинагдæр хъæутæй иуы, Гæлиаты, уырдæм та балыгъдысты Уæлладжыры комæй. Уæллагкомы цæрæг мыггæгтæ иууылдæр уыдысты Уæлладжырæй бафтæггæгтæ. Иу комæй иннæмæ лидзынæн бирæ æфсæнттæ уыди фыдæлты заман: иутæ агуырдтой фадатджындæр цæрæнуæттæ, иннæтæ лыгъдысты æдасдæр рæттæм тудджынты уавæры, чи та æххуырсты уавæры ивта йæ бынат. Куыдфæнды ма уыдаид комæй коммæйы лидзыны уавæр, уæддæр адæмтæ цардысты кæрæдзийы ныфсæй, æххуысæй. Бинонтæ цас фылдæр уыдаиккой, уыйбæрц сын æнцондæр уыди кусын æмæ хи бахъахъхъæнын. Арсæгты Беппайы бинонтæ дæр дзæвгар уыдысты... Горгайыл æртæ азы нæма сæххæст, афтæ йæ фыд амард, æмæ хæдзарыдзаг бинонтæ баззадысты мады æвджид. Хæххон царды уавæрты сидзæргæс сидзæртимæ тыхстытæ куыннæ æййæфтаид. Фæлæ Горгайы мад Дайхо фæлмæнзæрдæйæ разынд ныфсхаст æмæ фæразон: нæ бауагъта фæцудын бинонты. Горгайæн æрдз рæзты монц радта, æмæ æнæзивæгæй, коммæгæсæй сæрвæтты фосы фæдыл æртæхцæгъдæн кодта бæгъæмвадæй æмæ зæрдæргъæвд хаста ахуырмæ дæр. Гъемæ стыр æрхъуыдыджын разынди йæ мад: радта йæ ахуырмæ Гæлиаты аргъуаны скъоламæ. Уый фæстæ лæппу ахуыр кодта Дзæуджыхъæуы реалон училищæйы, Томскы политехникон институты... Уæдæй фæстæмæ Горгайæн, цæдисы галау, баиу сты йæ дарддæры ахуыры æмæ сæрибарыл тохы фæндæгтæ. Уæрæсейы паддзахы раппæрсты бонтæ йæ æрæййæфтой урсæфсæддонæй Петрограды, æмæ уыцы фæззæг бацыди большевикты партийы рæнхъытæм...

Уæрæсейы урс паддзахады инæлар Корнилов «Хъæддаг дивизи»-йы фæрцы революцийы хурхыл бахæцынмæ йæхи куы цæттæ кодта, уæд Горга Петрограды Хæстон Советы бардзырдæй æрвыст æрцыди «Хъæддаг дивизи»-мæ æмæ кавказаг салдæтты сразæнгард кодта большевикты фарс æрлæууынмæ. Уыйадыл «Хъæддаг дивизи» Корниловæн коммæ нал бакаст... Уæдæй

фæстæмæ Арсæджы-фырт йæ сыгъдæг удæй арт фæцагъта ног царды уæлахизæн, мæгуыр кусæг адæмы сæрибарæн, æмæ, комкоммæ амонгæйæ, уæды тохы нысæнттыл рæстауазæнæй куы дзурæм, уæд Горгайы хуызæн рæстаг лæгтæн, зынгзæрдæ коммунисттæн сæ иунæг боны цард дæр махæн у фæзминагæй сæрыстыры кадæг. Революцийы æхсыст бæгъатыртæн фæстаджы улæфты онг сæ ныфс нæ фæцудыдта, ныууагътой нын сæ амæлæты фæстæ дæр лæгты фарн.

Арсæгты Горгайы цардвæндагмæ бæстон æркæсынæн хъæуы бирæ рæстæг: дзæвгар æхсæнадон цаутæн фæци æвдисæн хохæй быдырмæ, чысыл Ирыстонæй стыр Уæрæсемæ. Уыцы историон цаутæй алкæцы дæр уыди æргом æвдисæн Горгайы сыгъдæг уды рæстагæн, ныфсхаст æмæ адæмуарзонæн, æвидигæ хъару æмæ хæд-зондæн. Октябры революцийы фæуæлахизы бонæй йæ амæлæты уысммæ архайдта ленинон партийы æмæ Советон хицауады бардзырдтæ бархийæ æххæст кæныныл. Уыцы бæрнон куысты йын æппæтæй стырдæр ныфсæвæрæг разынди гуырдзиаг чызг Аннæ. Аннæйы бинонтæ Рацъгомæй Цæгат Ирыстонмæ ралыгъдысты 1910 азы. Рæстæгмæ ацардысты Салыгæрдæны, стæй бæстыхай балхæдтой Дзæуджыхъæуы. Уыдоны агъуысты царди Горга реалон училищæйы ахуыры азты фатероны уагыл. Аннæйы бинонтæ разындысты уазæгуарзон æмæ кæрдзындæттон, æмæ Горгайы зæрдæмæ куыннæ фæцыдаиккой! Æфсæрмдзæстыг ирон хæдзары лæппу йæхи дарын зыдта æмæ фырты лæггæдты цыди гуырдзиаг фысымтæн. Аннæ цыппар азы кæстæр уыди Горгайæ, фæлæ хиуылхæстæй æмбаргæ æмæ хæдæфсарм. Иронау дзырдта сыгъдæг, цагъта фæндырæй. Конд, уындæй зæрдæисгæ. Горгаимæ бонæй-бонмæ кæрæдзийы æууæнчы куыд цыдысты къуызгæ цæстæнгасæй, уый æмбæрстой, фæлæ уæздан дзыхыуагæй уæлдай сæ мидæнкъарæнтæ зæгъын нæ бауæндыдысты æргомæй. Чызджы ныййарджытæ сæм хъус куыннæ дардтаиккой, фæлæ æнæ уæлдай тызмæг ныхасæй нымд кодтой дыууæ кæстæрæн. Аннæйы хуызист къулыл ауыгъд уыди, æмæ йæм Горга иуахæмы æдзынæг кæсыныл куыд фæци, афтæ чызджы мад йæ уæлхъус алæууыд æмæ йын сабыр хъæлæсæй бауайдзæф кодта, æцæгæлоны къаммæ куыд бирæ кæсыс, зæгъгæ. Уыйадыл лæппу чызгмæ бакæсын дæр нал уæндыд мады раз. Фæлæ чызджы зæрдыуаг дæр фергом фæстагмæ ныййарджыты раз. Гæххæттын къамтæй дæсныфæрсджытæй куыд хъазыдысты, афтæ,

хъазты уагмæ кæсгæйæ, афицер Горгайы куы амарид, æмæ Аннæ тарстхуызæй дыууæ армæй йæ цæсгомыл фæхæцыд, стæй кæртмæ ралыгъд. Æмæ ма цы бамбарын хъуыди мадæн йæ чызджы зæрдыуаг?..

1919 азмæ Горга æмæ Аннæйæн фадат нæ фæци сæ цард баиу кæнынæн. Мидхæсты тымыгътæ абухтой тугхъулонæй, æмæ дыууæ æрыгон уды кæрæдзийы фенынмæ бæллыдысты алы рæтты рахау-бахауæй. Хæстон уавæрты сæ чындзæхсæвы æгьдаумæ дæр нæ равдæлд. Фидыды уагыл Горга чызгæн цы къухдарæн радта, уый дæр советон паддзахады фæуæлахизы æххуысæн æхсæнады иумæйаг хыгъдмæ радтой.

Октябры революци бæргæ фæуæлахиз паддзахы Уæрæсейы хицауадыл, фæлæ мидбæстаг уæйгæнджытæ æмæ æддагон паддзæхтæ æмвæнд-æмдыхæй сфæнд кодтой æвзонг Советон республикæйы хурхыл бахæцын. Уыцы уавæры арт сирвæзт уæрæх бæстæйыл, дзыллæтæ дыууæ дихæй тыгъды бацыдысты, æмæ туг лæсæнтæ кодта. Деникин æмæ Шкуройы балбирæгътæ дæр холыдон скодтой Ирыстонæй. Æрцæуæг тыхгæнджытæн Терчы галиу фарсæй хæрзгæнджытæ фесты Гуытъиаты, Хабæты, Икъаты æмæ Анзорты кæнгæуæздан булкъонтæ æд хъузæттæ. Уыцы уавæры революцион тыхты фылдæр хай пырхгонд æрцыди. Чи ма баззад хæстхъомæй, уыдон цалдæр дихы фесты фæсхохмæ цæуынæввонгæй. Æнæсастæй ма баззадысты Дыгуры партизантæ, æмæ Деникины бахъуыд уыдонимæ хæцынæн сæрмагонд фæтк саразын. Быдыры цæрджыты æххуысæй сæ хъуамæ æнæхай фæкодтаид, стæй урс æфсады хæйттæ æртæрдыгæй сæ алыварс æртыхстаиккой къуындæг мæгуыр хæххон уавæрты тæккæ зымæджы карзы... Хабæты инæлар рагацауы уæлахизы сæрбæрзондæй йæхи рахуыдта «Ирыстоны хицау». Икъаты булкъон фидæны уæлахизы номыл Æрыдоны уæздæттæн стыр куывд скодта. Хъæрæбыгъаты æлдæрттæй ма цы бынхортæ баззад, уыдон æртыгай кæрдзынтæй бынæттон зæдтæм бакуывтой, уæдæ сын рæстæг æрцыд фыдæлты зæххытæ райсынæн. Гъемæ, Ирыстоны цыфыддæр знæгтæ куыд бауынаффæ кодтой, афтæ сарæхстысты. Дыгургомы дымæгыл æрæвæрдтой сæйрагдæр хæстон тыхтæ, иннæты æртæ дихы фæкодтой: иутæ бацыдысты Уæлладжыры комыл æмæ Хъивоны æфцæгыл ныххызтысты Дыгуры партизанты чъылдыммæ. аннæтæ схызтысты Бадилаты амындæй Доллахы æфцæгыл,

æртыккаг къорд Анзораты булкъоны разамындæй тырныдтой Лесгоры æфцæгмæ, цыппæрæм къорд Икъаты булкъонимæ алæууыд Гæбæтæфтауæн æфцæгыл...

Уыцы уавæры 6 мин гæрзифтонг æфсады ныхмæ æрлæууыдысты Дыгуры æнæсæттон партизантæ нымад лæгтæй. Æртæ дихæй æрцахстой æртæ сæйрагдæр бахизæны, æмæ сын разамынд лæвæрдтой Тогойты Данел, Гæкъоты Дзандар æмæ Арсæгты Горга... Мит лæгбæрц, хъызт дуры гуыбынмæ дæр хъары, афтæмæй хæринаг æмæ дарæс, хæцæнгарз æмæ хъарм бынæттæ хъуагæй партизанты хæцыны сæр бахъуыд æхсæв, бон нæ хынцгæйæ знаджы хæйттимæ. Æмзонд-æмдыхæй сæ фæнд иу уыди: хæцын фæстаг нæмыджы онг. Бынæттон цæрджытæ дæр сын бæргæ æххуысты цыдысты, фæлæ сæлæф зæйы ныхмæ карды комæй хæцæнтæ нæй, айнæг хох дæр ын нæ лæууы. Деникины æфсæдтæн бынæттон цæрджытæй фæндагамонджытæ разынд, æмæ суанг æфцгуытæм галтыл сармадзантæ сластой партизанты комкоммæ æхсынæн. Радыгай цы афынæй кодтаиккой партизантæ, æндæр æхсæвыгæтты цыдысты знаджы тыхтæ сгарæг, æмæ-иу сармадзантæй дæр сæ къухы бафтыд былæй аппарынмæ. Дæс боны дæргъы ма Горгайы къорд 25 лæгæй фæурæдтой æнæхъæн гæрзифтонг полкъ, æмæ сæ хъæбатырдзинад æмбисондæн хæссинагæй баззад. Горгайыл йæ комбæстæ удæгасæй кады зарæг дæр скодтой... Таурæгъы бæгъатырау йæ номыл баззад бирæ æмбисондæн хæссинаг цаутæ. Иунæгæй бахъуызыд знаджы сармадзанмæ æмæ йæ уæлбылæй комы нарæгмæ асхуыста, йæхæдæг фондзæхстоны нæмгуытæй æнæхъæн уаргъ æрбахаста лæгæты фидармæ. Йе 'мбæлттæ куыд дзырдтой, афтæмæй хæхтыл цæуынмæ йæхицæй рæвдздæр нæ уыди. Уарзта цуан кæнын, тæхгæ-тæхын дзы цæргæс нæ ивгъуыдта, афтæ рæстдзæф уыди. Иу хъарм уалдзыгон бон йæхи Сæрыдоны тæккæ æхсæрдзæны бын куыд надта, афтæ йæм урс афицертæ бахъуызыдысты дыууæйæ æмæ уæлайнæгæй бынмæ дзурынц:

Арсæджы-фырт, хорз ран дыл фæхæст стæм, æмæ нын ныр хъуамæ мауал алидзай!

Кæдæм ма уын лидзын бæгънæгæй, æнæ хæцæнгарзæй?! дзуры сæм æнцад лæугæйæ уæлæмæ.

Гъемæ æнæ уæлдай митæй дæ дзаумæттæ акæн æмæ сурмæ рахиз! – æрдардтой йæм ифтыгъд гæрзтæ фехсынæввонгæй.

Ныртæккæ! зæгъгæ, сабыргай æхсæрдзæны байбынмæ бахызти,

фелвæста йæ цыбыр фондзæхстон æмæ уысммæ фæйнæ æхстæн дыууæ афицеры сæ бадæнæй раппæрста...

1919 азы уалдзæджы, хуымгæнæны мæйы æмбисмæ, Дыгуры партизантæ æхсæв, бон нæ хынцгæйæ удуæлдай тохы бацыдысты урс æфсады хæйттимæ, стæй дыууæ дихæй ахызтысты Гуырдзыстонмæ: иу къорд Къæрæугомы æфцæгыл, иннæ Хъибы. Гуырдзыстоны уыцы бонты хицауиуæг кодтой меньшевиктæ æмæ хъарм фысым кæм фæуыдаиккой æрлидзæг партизантæн, фæлæ сыл Рацъгомы рæбинагдæр хъæуты цæрджытæ æхсызгонæй баузæлыдысты, æмæ сæ уæд бынæттон хицауад æнæ уæлдай тыхмитæй быцæутæй акодтой Кутаисы ахæстонмæ. Уым фесты октябры кæронмæ, стæй УК(б)П-йы Кавказаг крайы комитеты бардзырдæй фæстæмæ æфцгуытыл рахызтысты Цæгат Ирыстонмæ æмæ архайдтой урс æфсады ныхмæ хæсты...

Мидхæсты тымыгътæ ахастой 1920 азы кæронмæ. Мæгуырдзинад æмæ хæцгæ низтæ баиу сты фæсхæст, афтæмæй куыстæгтæн банымайæн дæр нал уыд, фæлæ мæгуыр фæллойгæнæг дзыллæтæ сабыр царды цинæй сæ бирæ тыхстытæ ницæмæуал дардтой, удуæлдайæ архайдтой ног царды арæзтадыл. Дæргъвæтин змæстыты æвзæргæнджытæ сарæх вæййынц, æмæ уыдонимæ тохы бацыди хицауад суанг 1922-æм азмæ. Ирыстоны зæххыл фыдгæндæй нæ ауæрстой цалдæр къордæй æмæ хастой сæ разамонджыты нæмттæ, сæ фылдæр уыдысты урсгвардион афицертæ. Адæм сæм амыдтой абырджыты, æвзæргæнджыты уагæй. Уыдоны ныхмæ архайынæн хъуыди дæсны кусджытæ, æмæ бынæттон хицауады фæндонæй сæ сæргъы слæууыд Арсæгты Горга. Йæ ном зындгонд уыди адæмæн, æмæ дзы стыр ныфсытæ æвæрдтой сæхицæн уæды бынæттон ЧК-йы кусджытæ, фыдгæнджытæ та йæ койæ арвы талынгты лыгъдысты. Бирæ диссагæн дзуринаг, æмбисондæн хæссинаг цауты бахауд Горга йæ барадон къордимæ, æвзæргæнджытимæ хæцгæйæ. Гæрзифтонг фыдгæнджытæн æдзæллаг разамонджытæ нæ уыди, куыдфæндыйæ нæ архайдтой советты ныхмæ. Æрхъуыдыджынæй хæцынмæ дæсны. Сæрдæй, зымæгæй хъæдты, кæмтты бадтысты æмæ нæ фæндагыл уыди æдæрсгæйæ ацæуæн, нæ бакусæн фæсвæд бынæтты. Æвзæргæнджыты номæй кæд дзырдтой уæды социалон къордтæм, уæддæр æмткæй фыдгæнджытæ нæ уыдысты.

Уæды лæгæвзаræн бонты Горга кæимæ куыста, уыдонæй бирæтимæ сæмбæлдтæн, æмæ æмхуызонæй дис кодтой йæ арæхстыл,

зæрдиаг куыстыл. Мæлæты тас кæй нæй удæгас адæймагæй, уый сæ зондджынтæй нæу. Куыннæ тарстаид йæхицæн, фыдгæнджыты бадæнмæ иунæгæй ком-коммæ цæугæйæ, фæлæ тæссæй ризгæйæ нæ, æрхъуыдыджын æмæ ныфсхастæй агуырдта фæндæгтæ-мадзæлттæ нæмыджы ныхмæ тындзгæйæ дæр. Иу æмæ дыууæ хатты нæ касти мæлæты цæстытæм революцийы, мидхæсты азты. Иу æмæ дыууæ хатты нæ февзæрд абырджыты раз æнæнхъæлæй æваст. Уавæртæм кæсгæйæ ивта йæ дарæс. Йæ кусджытимæ бирæ хæттыты бахаудта ныхстуаты уавæры фыдгæнджыты ахæсты, æмæ ахæм уынгæджы ран дæр зыдта æмбæлттæн ныфс раттын кæм хъазæн ныхасæй, кæм та комкоммæ йæхи уæндон фæлтæрд хъæппæрисæй. Иунæгæй цæуынвæнд скодта абырджытæм, уæд сырдмæ хъуызæгау йæ къæхты хъæр нæ хъуысти, æмæ лæгæты дæр сæ уæлхъус алæууыдаид. Уыцы фæзминаг миниуджытæ æнæзонгæ нæ уыдысты абырджытæн æмæ йын аргъ кодтой лæджыхъæды уагыл. Мæнæ фыдгæнджыты ныхстуаты бынаты баййафа æмæ сæ æваст æхсын райдайа, уый сæрмæ нæ хаста. Сабыр ныхасæй сын уавæр бамбарын кодтаид. Уæ алыварс дзæвгарæй æрлæууыдыстæм, æмæ кæрæдзийы куы бамбариккам æнæ туг ныккалгæйæ, уæд хуыздæр уаид, зæгъгæ, хæрзаудæнæй ныхас кодта семæ, æмæ бирæ хæттыты сразы сты сæхи æгъдауыл-уагыл раттынмæ хицауады къухтæм. Уыцы уагыл кусгæйæ Арсæджы-фырт дзуары бын ард хæрæгау йæ ныхас нæ сайдта, кæронмæ хъахъхъæдта адæймаджы бартæ ног дуджы уавæрты. Йæ масты фæдыл чи цыди æвзæргæнæджы номæй, уыцы ирæттæй иу æмæ дыууæ нæ ныллæууыдысты царды раст фæндагыл Горгайы фæрцы. Фæлæ, стыр хъыгагæн, рæстауазæны рохтыл алкæд алыран рæстылкусæг хицæуттæ-разамонджытæ нæ хæцыдысты. 1922 азы кæронмæ ма фыдгæнæг къордты тæссагдæртæй баззад дыууæ. Сæ иуæн разамынд лæвæрдта Псхацъæты афицер, иннæмæн Уаниты хъуыстгонд булкъон. Уанийы-фырты конд æмæ уынд, зонд æмæ хъару диссагæн хастой адæм. Чи йæ федта, уыдоны ныхæстæм хъусгæйæ мæ цæстытыл уади æрыгон, дæргъæлвæс уæнгджын хæрзконд нæлгоймаг аив сыгъдæг æфсæддон дарæсы гæрзифтонгæй. Ахæм суинаг иронæн хæрзæмбæлæг фæуын уыдаид стыр удыбæстæ адæмы раз, æмæ уыдæттыл хъуыды кодтаид Горга дæр, Саухъæды лæгæтмæ Уанийы-фырты фыдгæнæг къордмæ цæугæйæ. Иунæгæй цæуын æй нæ уагътой æмбæлттæ, фæлæ

сын зæрдæ бавæрдта: «Ма тыхсут, æмбаргæ лæг у Уанийы-фырт, æмæ кæрæдзийы бамбардзыстæм!»

Лæгæты алыварс æхстбæрцæй дæрддзæф æрбадтысты Горгайы æмбæлттæ, йæхæдæг комкоммæ хæстæг бацыд æмæ хъахъхъæнджытæм сабырæй дзуры, Уанийы-фыртмæ мæ бакæнут, зæгъгæ. Уыдон æй æнæ уæлдай рафæрс-бафæрсæй лæгæты фæмидæг кодтой. Уым рæбыноз фынджы уæлхъус бадти Уанийы-фырт æмæ рæвдз фестад. Уазæг æмæ фысымы æгъдауыл кæрæдзийæн арфæ ракодтой, стæй фынджы фæйнæфарс æрбадтысты, æмæ сын ныхас бацайдагъ:

– Дæ ныфс куыд бахастай иунæгæй æрбацæуынмæ? – афарста йæ фысым.

– Иунæг нæ дæн, ис мын æмбæлттæ, фæлæ мын æнæ уыдонæй дæр цы тас у, сымах хуызæн ирон сагсур фæсивæд цы тархъæды бады, уым? – ныфсæвæрдæй фæрсæгау ын дзуапп радта Горга.

– Цæмæн сагсур фæсивæд, цыфыддæр фыдгæнджытæ?! – мæстджын хъæлæсæй бахудæгау кодта уый, уазæджы цæстытæм комкоммæ кæсгæйæ.

– Фыдуаварты адæймагыл цынæ ном сбаддзæни, ныллæг хъæлæсæй дзырдта Горга. Деникин æмæ Шкуройы тугмондаг бирæгътæн æз дæр фыдгæнæг уыдтæн, æмæ мæн амарæггаг стыр æхцатæ фыстой, æцæг, мидбæстаг лæгмартæн, фæлæ рæстаг адæмы фарн бирæ у, æмæ уыдоны фæрцы æгасæй баззадтæн. Æрцæуæг тыхгæнджытæ Ирыстонæн цы хæрзты бацыдысты, уый федтам. Цы уагæй нæм æрбафсæрстой, уыцы уагыл ахъуытты сты, мах та баззадыстæм цæргæйæ нæ гыццыл фыдыуæзæгыл æмæ куыдлæгдæрæй кæрæдзийы цыфыддæр знæгтау мауал цæгъдæм... Æз дыл мæ зæрдæ куынæ дардтаин, уæд комкоммæ нæмыджы ныхмæ цыдтæн!.. Цæй сæрæн æмæ цы хуыздæрæн рахау-бахау кæнут лæгæвзæрстæй хъæдты исхъæутæ, исфыдыуæзæгæй?!

– Сырды цардæй сфæлмæцыдыстæм, фæлæ ма нын бар чи ратдзæни нæ къонатыл æнцад æрбадынæн?!

– Уымæн уын ис фадат, бархийæ уæхи куы раттат бынæттон хицауадмæ, уæд.

– Фехсдзысты нæ! не ‘ууæндыд Уанийы-фырт, фæлæ Горга стыр ныфсæвæрдæй дзырдта:

– Йæхи бархийæ чи радта, уыдонæн уæлдæр хицауадæй ис бардзырд хатыр бакæныны фæдыл, æмæ мыл бауæндут, мæ ныхас сæххæст кæндзынæн.

Уанийы-фырт бауурндыд Горгайыл æмæ йæхи бакодта бынæттон хицауады уазæг. Уыйадыл йæ къорды уæнгтæ æнæ уæлдай быцæуæй сæ гæрзтæ радтой æмæ алчи хæдзары куыстæгтыл бафтыд... Фæлæ бынæттон хицауады цы сусæг фыдгæнджытæ уыди, уыдон сабыргай ахсын райдыдтой «æвзæргæнджыты», æмæ Уанийы-фырт дæр тæрхондоны раз æрлæууыд. Цæттæ куыннæ уыдаид йæ фыдгæндты тыххæй дзуапп раттынмæ, ахæстоны фæбадынмæ. Фæлæ йæ фехстой... Горга уыцы сусæг хабæрттæ куы базыдта, уæд куыннæ бамæстджын уыдаид: иуæй, æууæнчы дзырд радта Уанийы-фыртæн, иннæмæй, адæмы раз фæдзырддаг! Фæлæ цы йæ бон уыди сусæгæй кусæг бынæттон хицауады цыфыддæрты ныхмæ? Бирæ уыдысты куыдуæлдæр æмæ бæрнондæрæй æмæ адæмы рæстагдæрты æнæ уæлдай тæрхонæй мардтой. Сыбырмæ хæссын-ласын æфсонæй поезды цæугæ-цæуын иу æмæ дыууæ лæджы нæ фехстой уæды ЧК-йы кусджытæ Æрджынарæджы пыхсбыны æмæ-иу сæ цъымарамæ асхуыстой æнæбæрæгæй, сæ бинонтæ та сæм æрыздæхынмæ æнхъæлмæ кастысты дæсгай азтæ...

Йæ цыбыр царды бонты Горга дзæвгар бæрнон бынæтты фæкуыста. 1927 азмæ уыди Дыгуры райæххæсткомы сæрдар, 1928 азæй 1933 азмæ дæсны партион æмæ æхсæнадон æрыгон кусæджы номæй дыууæ фæлтæрæн æрвыст æрцыди ахуыр кæнынмæ Мæскуымæ. 1934 азы куыста директорæй Дыгуры районы МТС-æн. 1935–36-æм азты уыд Ирыстоны облæсты зæххыты хайады бæрнон разамонæг. 1937 азы куыста Æрæфы районы æххæсткомы сæрдарæй. Цыфæнды фæстæзад куыстады сæргъы ма ‘рлæууыдаид, уæддæр-иу раззагдæрты æмрæнхъ балæууыд цыбыр рæстæгмæ, уыйбæрц арæхсти адæмимæ дзурынмæ, архайынмæ. Кусæг адæм ын цас аргъ кодтой, уый та баззад сæ мысинæгты æмбисондæн хæссинагæй. Фæлæ, кæй зæгъын æй хъæуы, рæстаг кусæг адæмæн цас адджын фæци Арсæджы-фырт, уыйбæрц æнæуынон цæстæй йæм кастаиккой советон цардарæзты цыфыддæр знæгтæ, æмæ уыдонæй уæды Ирыстоны иу æмæ дыууæ, мыййаг, нæ уыди бæрнон бынæтты...

Цы йæ сусæг кæнон, Арсæджы-фырты нæ хъæубæсты хистæртæ дæр зыдтой лæгæй-лæгмæ, æмæ йыл сæрмагондæй уацау ныффыссинаг уыдтæн, фæлæ мæ къухы нæ бафтыд дзæвгар ахсæгты азарæй. Йæ цардвæндагыл та цæст рахастон райдайæнæй кæронмæ, æмæ мыл дис æфтауы йæ цæрдхъом æмæ фæразонæй,

хæларзæрдæ æмæ куыстуарзонæй, æгъдауджын æмæ æууæнкджынæй, дзырдарæхст æмæ хæдзондæй. Рæстаг кусæг адæмы цас нымадта, уыйбæрц ын æнæуынон уыдысты сæ цыфыддæр знæгтæ. Йæ хæстæгдæр зонгæтæ куыд дзырдтой, афтæмæй ахуыргондæй, бæрнон бынæтты дæсны разамонæгæй цы сау куыстытæ нæ бакодта, ахæм нал баззад: æвзонджы бонты фосы фæстæ фæцыд, хуымгæнæнты галты сæрбосыл фæхæцыд, хосгæрдæнты хосдзæуттæн бæгьæмвадæй дон фæхаста кæрддзыгыл... Лæджы кары куы бацыди, уæд йæ ахуыры æмæ хæсты бонты фæлтæрдæй æхсæнадон бæрнон бынæтты дæр сау куысты хуызтæм зæрдиагæй æвнæлдта. Хъæды кусджытимæ фæрæтимæ балæууыдаид, хосдзæуттимæ цæвæгимæ, рувджытимæ къæпиимæ... Уæдæ зарынмæ, кафынмæ йæхицæй дæсныдæр бирæ нæ уыди. Бирæ хæттыты æрхатыдысты Горгамæ йæ уарзон хистæртæ, зæрдæмæдзæугæдæр зарджытæй нын исты азар, зæгъгæ. Æмæ-иу нæргæзæлгæ аив хъæлæсæй куы базарыди, уæд ын хъырнджытимæ хæхтæ дæр лæггæдты цыдысты, хъуытаз мырмырæгтау.

Адæмы сæрхъызойæ адæмуарзон лæгæн дывæрсыг хъысмæт вæйиы кæддæриддæр. Йæ удуæлдай куысты æнтыстытæ цас фылдæр кодтой азæй-азмæ, уыйбæрц нæдæр фæллад зыдта, нæдæр æнцой. Хæххон сæрвæтты кæм нал балæууыд, æвæццæгæн, ахæм нал баззад фыййæутты дарæнтыл зилгæйæ. Иу æмæ дыууæ хатты нæ ахызти æфцгуытыл. Царды æппæт фадæттæм хъус даргæйæ архайдта алы æвадат хæххон хъæуæн дæр исты хæрзты бацæуыныл. Адæм æхсызгонæй хъуыстой йæ уынаффæтæм æмæ йæм цыдысты фæрсынмæ. Гæлиаты хъæубæстæ донæй цухгомау уыдысты, æмæ сын феххуыс кодта Урс хохы рæбынæй цъитидон рауадзынæй. Йæ зæрды уыди Уæллагкомы æхсæрдзæныл ГЭС саразын. Цæгат Кавказы Энергойы хицæуттæ Ростовы бадтысты æмæ уырдыгæй Горгайы курдиатмæ гæсгæ сæрвыстой дæсны кусæджы. Уымæн æхсæрдзæны бынат йæ зæрдæмæ фæцыд æмæ сарæзта ГЭС-æн арæзтады фæтк, зæрдæ сын бавæрдта кусæн æрмæгæй, æхцайæ. Дзæуджыхъæуы электрон тыхы хицауæй уæд куыста æрыдойнаг, хуыдтой йæ Барис, йæ мыггаг ын барæй нæ зæгъын: сомыгондæй мын фæдзырдта Горгайы цардвæндаджы хабæрттæ. Уæллагкоммæ бацыдысты Цыргъисæны. Сæ хæдтулгæ ныууагътой Æхсæрысæры. Куыдмидæмæ сыл хъæуты адæм æмбырдтæ кодтой. Æхсæуы хъæуы ныхасы лæгтæ Горгамæ бахатыдтой фырæхсызгонæй, цæмæй сын базарыдаид, æмæ йын

æмхуызонæй хъырныдтой. Уыцы цыдæн дыууæ боны бафæстиат сты æмæ схызтысты суанг цъитийы сæрмæ. Фæзылдысты Былæджы уæлхох хизæнтыл. Ныхас сæм рауад Бельгийы æрзæткъахæн бынæттыл дæр...

Уæллагкомæй куы ‘рыздæхтысты, уæд, райæххæсткомы кусæнуаты рудзынгæй кæсгæйæ, Горга цæуылдæр тыхсти йæхимидæг, æмæ йæ Барис афарста, цы ‘рцыди ахæмæй, зæгъгæ. Дыууæ лæджы кæрæдзийы хорз æмбæрстой, æхсæнадон хъуыддæгты кæрæдзийæ ницы æмбæхстой, æмæ Горга, къухæй кæртмæ амонгæйæ, дзырдта: «Далæ стырсæрджын ныллæг цыппæрдигъон лæджы уыныс? Адæммæ дæр афтæ чъылдымыздæхтæй лæууы... Исты фыдбылыз мыл куы ‘рцæуа хицауадырдыгæй, уæд уый архайдæй... ».

Уыцы стырсæрджын фыд-зæрдæ лæг куыста уæд райкомы секретарæй, фæлæ мын нæдæр йæ ном зæгъын бауæндыд Барис, нæдæр йæ мыггаг, дзырддагæй тæрсгæйæ...

Ирон адæмæн кæрæдзийы нымудзын æмæ уæй кæнын, цы йæ ‘мбæхсон, хæцгæ сусæг низау фыдæлтæй баззад. Хæлæджы, фыдæхы, æдзæстуарзоны фыдæй нæ удæй мæгуыртæ, гуыбынæй æфсæстытæ мæлæты зæрдæ дардтой æмæ ныр дæр дарынц Тогойты Данел æмæ Арсæгты Горгайы хуызæн фæрнджын ирон лæгтæм. Рæстыл чи дзырдта æмæ куыста, уыдоны ахсыныл æмæ марыныл архайдтой Советон хицауады цыфыддæр знæгтæ. 1937 азы фæззæджы фæскуыст уынгмæ куы рацыди Данел (куыста Цæгат Ирыстоны облæсты æххæсткомы сæрдарæй), уæд æй фæдысмудджытæ ацахстой. Горга уый куы фехъуыста, уæд æвæстиатæй Мæскуыйы балæууыд, Ирыстоны бынæттон хицауады æнæраст хъуыддæгтæ цæуы, æхсæнады хуыздæр кусджыты ахсынц æмæ исты мадзал скæнут, зæгъгæ. Фæлæ йын сæрибарæй фæстæмæ раздæхынæн фадат нал фæци: Ирыстоны уæды мидхъуыддæгты министр Миркин йæ фæдыл сусæг сгарджыты арвыста, æмæ йæ уынджы æнæнхъæлæй ацахстой.

1937 азы фæззæгæй 1938 азы уалдзæгмæ Горга «адæмы знаджы» номæй бадти стыр «урс ахæстоны» Ной Буачидзейы уынджы, стæй йæ сивтой Терчы былыл ахæстонмæ. Дыууæ раны слестгæнджытæ дæр архайдтой Миркины бардзырдмæ гæсгæ мæнг даутæ æмæ мæнг æвдисæнты фæрцы Горгайы базылын кæныныл, фæлæ сын ком нæ лæвæрдта. Партион æмæ æхсæнадон сыгъдæгзæрдæ кусæг йæ адæмы раз ницæмæй уыди азымджын

æмæ цавæр фыдгæндыл хъуамæ басастаид?! Уæды азты фыдгæнæг слестгæнджытæ цы мадзæлттæй архайдтой раст адæмы базылын кæныныл, уыдон æргомæй равдисынæн цæсгом дæр хъæуы. Æлгъаджы фыдмитæй бирæты фæцудын, фæтæрсын кодтой, æмæ рæстаг ахст адæм æбуалгъы тухæнтæй ферваезыны адæргæй цыфæнды мысæггагæй фыст зылынгæнæн гæххæтты дæр сæ къухтæ бафыстаиккой. Ахæстонæй ма чи раирвæзти, уыдоны мысинæгтæм хъусгæйæ сæрыхъуын арц бадти, буар ихæнриз кодта. Адæмы цыфыддæртæн хицауад бар радта адæмы хуыздæрты ахсынæн æмæ фыдмардæй марынæн. Уæды бонты ахсинаг фыдгæнджытæ куыннæ уыди, фæлæ уыдоны цыфыддæртæй бирæтæ хицауады уынаффæгæнджытæ уыдысты, стæй иу ахсинаг фыдгæнæджы азарæй сæфтысты хæрзгæнджытæ къордтæй. Ирыстоны номхæссæн хуыздæр лæгтыл уыцы азты слест чи кодта, уыдонæй бирæты æрæййæфтон. Æртæйæ куыстой пединституты, иу дзы лæууыд ахуырады сæргъы, иу рауагъдады, дыууæйæ та уыдысты обкомы бæрнон кусджытæ...

Горга ахæстоны уавæртæ куы бамбæрста, уæд ныллæууыд иунæг фæндоныл фæстаджы улæфты онг: рæстаг læджы сыгъдæг ном бахъахъхъæныныл. Зыдта, кæй нал рацæудзæн ахæстонæй, уый, æмæ архайдта барадон кусджыты цæсгом хуыздæр равдисыныл. Мæнг даутæй йыл цал хатты сфæнд кодтой басæттыныл, уымæн иунæг æвдисæн уыди йæхæдæг, фæлæ йын цыдæр хинæн йæ къухтæ нæ бастой слест кæнгæйæ. Фæстагмæ йын фæдфæливæнтæй зылынгæнæн гæххæттыл йæ къух куыд æвæрын кодтой слестгæнджытæ цалдæрæй, афтæ бандон фелвæста æмæ сыл ралæууыд уæхскуæзæй, йæхæдæг гæххæтт аскъуыдтæ кодта. Уæдæй фæстæмæ йын слестгæнгæйæ бастой йæ къухтæ, фæлæ дзы æдас нæ уыдысты афтæмæй дæр. Слестгæнджытæй иуæн Горгайы цæфтæй йæ астæуыстæг зылынæй баззад, æмæ гуыбырæй цæугæйæ куыста бирæ рæстæг тæрхондоны...

Фæстаг аст боны Горга бадти ныккæнды уазал къуымы иунæгæй. Уалдзæджы хъармы дæр нæ тæвсти уымæл ныккæнд, æрмæстиу æм æфсæйнаг чысыл рудзынджы зыхъхъырæй райсомы хурыскасты зæлдаг тынтæ баирвæзтысты ныфсытæ æвæрæгау. Фидар, домбай уæнгты цард æмæ мæлæт, уарзт æмæ фыдæх хъæбысхæсты куыннæ бацыдаиккой! Алы изæр дæр æй кодтой фæрсынмæ. Ахæстоны ныккæнды уыди даргъ уынгæг тыргътæ, æмæ дзы æхсæвæй, бонæй сыгъди цырæгътæ. Горгайы ууылты къухтæ-

бастæй дыууæрдæм куыд кодтой, уымæ камерæты цæстдарæнтæй ахст адæм куыннæ кастаиккой, æмæ гæзæмæ дæрддзæфæй йæ разæй дæр цыди гæрзифтонг хъахъхъæнæг, йæ фæстæ дæр, уыйбæрц дзы тæрсын райдыдтой бандоны надæй фæстæмæ. Уыцы уавæры Горга æхсæв фынæй дæр нал кодта. Бонырдæм-иу куы афынæй, уæддæр уынын райдыдта цардæгас фынтæ бинонты, хæстæджыты, зонгæты астæу. Куыннæ сын кодтаид йæ ныхст уавæры хабæрттæ, куыннæ сæ фарстаид цы бакæнонæй! Фæлæ фæлмæн фынтæ фыдæнхъæл... Куы-иу сæ афæлмæцыди, уæд ын йæ фыд Беппа цæстмæдарæн кодта, сауæндæргау ауоны лæугæйæ: «Лæппу, æмбарын дын дæ уавæр, фæлæ баххуыс кæнын мæ бон нæу... Кусæг адæмы сæрыл тох кæнгæйæ бирæ зынтæ федтай. Рæстыл дзырдтай, лæггæдтæ фæкодтай хидгуысты фæллæйттæй дзыллæйæн, фæлæ уæддæр фæрæдыдтæ кæмдæр!..».

Цытæ уыдаиккой уыцы рæдыдтæ Горгайæн? Йæ рæстаджы цард райдайæнæй кæронмæ. Йæ бирæ хæрзтæ æмæ лæггæдтæ адæмæн, хицауадæн, паддзахадæн... йæ удыхъæды фæзминагдæр миниуджытæ. Æмæ хæрзгæнæг иууыл хæрзтæ нæ ары. Хæрзгæнæгæн хæрзгæнæг æмбæлттæ куынæ вæййы, уæд фыдгæнæджы бынаты алæууы... Уым та адæймаджы фесафынæн бирæ нæ хъæуы.

Авд райсомы фæд-фæдыл уыцы иу афон хъуыстысты Горгайы уарзондæр зарджытæ ахæстоны ныккæнды гыццыл рудзынгæй, æмæ-иу сæм ахст адæм æрыхъуыстой кæм цины, кæм та масты æнкъарæнтимæ. Горга æппæтæй фылдæр уарзта, йæ зонгæтæ куыд дзырдтой, афтæмæй Аслæнбеджы, Чермены, Хазбийы, Цæрайы, Софяйы, Æфсатийы æмæ Хъуыбадыйы зарджытæ. Уыдон фæд-фæдыл зарыди авд боны хурыскастыл, стæй æстæм райсом йæ аив зæлгæ-нæргæ хъæлæс нал райхъуысти... Лæгмартæн сусæгæй архайынæн, маст исынæн хорз фадæттæ уыди. Ахæстонæй Бутырины марæндонмæ зæххы бынты уыди цæуæн, æмæ Горгайы уырдæм хъуамæ бакодтаиккой æнафоны æнæуынæгæй. Æмбисæхсæв æй камерæйæ ракодтой уыцы талынджы: рухсытæ ахуыссын кодтой уынæгæй тæрсгæйæ. Ныууагътой ма иу цырагъ судзгæйæ тæккæ ахизæны. Ахæстонæй Бутыринмæ нарæг бахизæны астæумæ æввахс сыгъди цырæгътæ, æмæ уыдоны рухсмæ Горгайы чъылдымырдыгæй фехстой æртæ хатты, æмæ уæззау цæфтæ фæци, фæлæ сæм фæзылд æмæ дзуры: «Æз фыдгултæм комкоммæ куы

цыдтæн, уæд сымах къухтæбаст лæгæй цæмæй тæрсут, тæппудтæ?!»

Нал бахæццæ Арсæджы-фырт хъайтар Горга лæгмарæн цъæхсæр уæладзыгмæ. Йæ марджытæ æрхъæцмæ нал фæлæууыдысты, уыйбæрц æнæуынон сын уыдысты адæмы хуыздæртæ. Ахæм уаварты бирæты амардтой, æмæ нæдæр сæ сæфты хабæрттæ рахъæр сты, нæдæр, кæм ныгæд æрцыдысты, уый зонынц хиуæттæ. Фæлæ уæддæр Хур æвдисæн, дымгæ фæдисон. Зæххæн та фыдгæндты заман ис хъустæ æмæ цæстытæ. Æвдисæнтæ разынди Горгайы сусæгæй сæфты хабæрттæн дæр... Уыцы æвдисæнты хъыг æмæ уарзт, цин æмæ мастæй хайджын фæци фæстаджы сенгондæй ацы уацы автор дæр.

Гъемæ, рæстæй хъусджытæ, æнаххосæй чи фесæфти, уыдоны нæмттæ махæн рохгæнинаг не сты. Сусæгæй кæй фæмардтой, уыдон сæ райгуырæн зæххы сыджытæй дæр æнæхай фесты, кæмыты сты ныгæд сæ фæлмæст стджытæ, уый дæр нæ зонæм. Фæлæ сын Ирыстоны уæзæгыл иумæйаг цырт ныссадзæм айнæгдурæй æмæ йыл ныффыссæм сæ рухс нæмттæ фæлтæрты мысинагæн, хорзæхæн, амондæн. Бутырины марæндон уæладзыджы къултæ та ахуырст сты рæстаг адæмы сыгъдæг тугæй, æмæ нæдæр цæрæнуатæн бæззы, нæдæр æхсæны хъуыддагдонæн.

*«Рæстдзинад», 1998 азы апрель*

## АРСÆГТИ ГОРГАЙ ЗАР

*Гульчети Епой*
*дзурдтæ æма музыкæ*

Дигори компарти ку рбамбурд унцæ
Мæхчески стур Æстъонай, фæндæ кæнунцæ, ой!
Етæ нæ, мæ хор, ку нæбал уадзунцæ
Нæ арф кæмтти, нæ бæрзонд къæдзæхтæбæл, ой!
Тауитти Хамби уотæ бадзоруй,
Махæн ка уодзæнæй нæ Дигори астæу, ой!
Аци тар хуæнхти ка рахæсдзæнæй
Нæ сурх туруса, кæбæл æй бауæндæн, ой!
Арсæгти Горга æ цардæй дæр, мæ бон,

Уобæл тохгæнæг, уобæл æй æууæндæн, ой!
Арсæгти Горга ку рацæйбадуй,
Ленини Сурх туруса æ къохи ку райсуй, ой!
Аци сурх турусай нин ка фегадæ кæна,
Нæ партий æгъдау ка фегадæ кæна, ой!
Арсæгти Горга, æцæгæй дзурд ку раттуй
Æцæгæй, мæ бон, Дигори партизантæн, ой!
Уартæ дууæ къуæрей бæрцæ æзнаги фæдбæл
Æзнаги фæдбæл, æ мардзæ, ку цæуй, ой!
Уомæн æ хуæруйнаг, æ хуæруйнаг
Ку адтæй хом сау, мæ бон, хуæнхаг фæсалæ, ой!
Уомæн æ фусун ба, уомæн, ку адтæй
Æ фæтæн усхъæ, бид нимæт, мæ хортæ, ой!

*ХЪУЫСАТЫ Генри*

# ЗАМАНХЪУЙЛАГ ХЪÆБАТЫР

Мæ хорз хæлар Айларты Валерик мын никуы раппæлыд, зынаргъ машинæ кæнæ йын хорз фатер ис, зæгъгæ, фæлæ арæх раппæлы йæ хæдзары йæм хъæздыг библиотекæ кæй ис, уымæй. Уыцы чингуытæ хæзнатау фембырд кодта, йæхи зонынхъом куы фæци, уæдæй абонмæ. Чингуыты æхсæн уæлдай кадджындæр бынат ахсынц, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайджыты тыххæй фыст æрмæджытæ. Советон Æфсады бирæ уыди намысджын разамонджытæ. Æцæгдзинадæй цытæ цыди хæсты быдыры, уыдæттæ фыстой хæстон журналисттæ.

Зæгъæм, инæлар-булкъон Васили Шатилов йæ чиныг «Знамя над рейхстагом»-ы зæгъы: «Мæздæггаг лæппу, 150-æм топпæйæхсæг дивизийы политхайы хицау Михаил Василийы фырт Артюхов цæттæ кодта Сырх Æфсады Уæлахизы тырыса... Уыцы тырыса тагъд рæстæджы сæрттывта рейхстаджы сæрмæ... Ахæм æцæг æмæ диссаджы хабæрттæ бæргæ бирæ радзырдтаиккой нæ хæстонтæ, фæлæ сæ уыдæттæ дзурынмæ не ‘вдæлди, стæй сæ кæмæн радзырдтаиккой, ахæмтæ дæр сæ цуры нæ уыди – нæдæр литературтæ, нæдæр сæ чи ныффыстаид, ахæм адъютанттæ. Бирæ хъæбатыртæ рохуаты аззадысты. Хæст фæци æмæ салдæттæ хорзæхтыл нæ мæт кодтой – амонд кæмæ бахудт, йæ хъысмæтæй разы чи уыд, уыдон сæ хæцæнгæрзтæ раттой, сæ пъагæттæ систой æмæ сæ хæдзæрттæм афардæг сты. Фæрнæй кусын райдыдтой сæ хъæутæ æмæ горæттæ банывыл кæныныл, сæ хæстон хъизæмæрттæ-иу сæ зæрдыл куы ‘рбалæууыдысты, уæд-иу сæ зæрдæтæ ныккæрзыдтой...

Ивгъуыд æнусы 80-æм азты хæстон журналист, булкъон Анатолий Свиридов æмбырд кодта Советон Цæдисы Хъæбатыртæ æмæ Курскы зынг къæлæт кæй хуыдтой, уыцы карз хæстыты архайджыты тыххæй æрмæджытæ. Уымæ гæсгæ мах горæтмæ дæр æрбафтыди. Заманхъуйлæгтæ йын бацамыдтой хистæр лейтенант Айларты Дзаккомæ.

Дзакко цы хæстон хайады уыд, уым командæ кодта, фыццаг гвардион танкты ныхмæ хæцæг æфсады маршæл Катуков – Берлин байсыны хъæбатырты æмрæнхъ хæцæг.

Заманхъуйлæгтæ уазæджы бæргæ хорз сбуц кодтой, фæлæ фырнымд Дзакко йæ хабæрттæ дзурыныл чъынды уыд æмæ къуылымпы кодта.

Журналист æй цæмæйты фæрсы, уыдон иууылдæр раст сты:

– Танкæты ныхмæ хæцæг æфсады дæр уыдтæн, Курскы зынг къæлæт кæй хуыдтой, уым дæр хъазуат тох кодтон, Берлин байсыны тугкалæн хæстыты дæр фæдæн, – зæгъы Дзакко, – фæлæ Советон Цæдисы Хъæбатыр никуы уыдтæн. – Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг мæ схорзæхджын кодтой: «Сырх Стъалыйы» æмæ «Сырх Тырысайы» ордентæй, стæй майдантæ «За освобождение Варшавы», «За взятие Берлина». 1945 азы апрелы та мын радтой Польшæйы Крайы адæмон радæйы Президиумы Указмæ гæсгæ Польшæйы Æвзист дзуар. Се ‘ппæтæй мын зынаргъдæр у, фыццагдæр цы майдан райстон «Хъæбатырдзинады тыххæй», уый.

Калугæйаг журналистæн уæддæр йæ къухы бафтыд Дзаккоимæ зæрдæйæ-зæрдæмæ аныхас кæнын...

Заманхъулы колхоз «Ирыстон»-ы парторг Айларты Дзаккомæ 1936 азы фæсидтысты Сырх Æфсадмæ. Уыдис Мæздæджы сырхæфсæддон бæхджын æфсады 77 полчъы. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты райдианæй цыппар боны куы рацыд, уæд та йæ хæцæг æфсадмæ акодтой.

Тæссаг уыди, немыцæгтæ Кавказ куы бацахсой æмæ Гуырдзымæ фæндагыл Фæскавказмæ дæр куы абырсой. Æппæтæй тæссагдæр ран уыд Бæрзæфцæг.

Айларты Дзаккомæ фæлтæрддзинад кæй уыд, уымæ гæсгæ йæ сæвæрдтой, æфцæг чи хъахъхъæдта, уыцы ротæйы полкъæн политрукæй. Фашисттæ сæ бæттæнтæ тыдтой Бæрзæфцæгмæ десант баппарыныл, уымæн æмæ ацы фæндагыл Фæскавказмæ цыдысты хæстон коммуникацитæ.

Обязательно все графы заполнять полностью.

# НАГРАДНОЙ ЛИСТ

1. Фамилия, имя и отчество АЙЛЯРОВ Джека Саламбориевич.
2. Воинское звание гвардии младший политрук.
3. Должность, часть заместитель командира роты по политчасти 2-го Отдельного стрелкового батальона Ю.Гвардейской краснознаменной стрелковой бригады.

Представляется к медали "ЗА ОТВАГУ".

1. Год рождения 1912 г.
2. Национальность осетин.
3. С какого времени состоит в Красной Армии с 1941 г.
4. Партийность член ВКП/б/ с 9.IV.1942 г.
5. Участие в боях (где и когда) с авг. 1942 г. Закфронт
6. Имеет ли ранения и контузия не имеет.
7. Чем ранее награжден (за какие отличия) не награждался.
8. Постоянный домашний адрес: [redacted] представляемого к награждению или его семьи)

## I. Краткое, конкретное изложение личного боевого подвига или заслуг

В период боевых действий под с.Кодеждами 16-18 ноября 1942 г. гвардии младший политрук АЙЛЯРОВ несколько раз водил роту в бой, нанося противнику потери в живой силе.

В боях за населенный п.Сурх-Дигора 27.12-42 г. противник оказал сильное сопротивление. Обнаружив 2 огневых точки противника, тов. Айларов с тремя бойцами подполз к ним и забросал их гранатами, уничтожив при этом 2 пулемета с их расчетами, чем обеспечил успешное продвижение роты вперед.

Командир 90 отд.стр.б-на
подполковник / РУДНЕВ /.

Представлен к награждению орденом "30 Октября" 46 Гвардейский

Для подшивки

Достоин Правительственной награды ордена АЛЕКСАНДРА НЕВСКОГО

Командир 21 Гвардейской Механизированной Ярославской Краснознаменной ордена Суворова ордена Богдана Хмельницкого Бригады
ГВАРДИИ ПОЛКОВНИК /ЛАШКОВ/

" 21 " мая 1945 года.

Достоин правительственной награды ордена
" АЛЕКСАНДРА НЕВСКОГО "

КОМАНДИР 8 ГВАРДЕЙСКОГО МЕХАНИЗИРОВАННОГО ПРИКАРПАТСКОГО КРАСНОЗНАМЕННОГО КОРПУСА ГВАРДИИ ГЕНЕРАЛ-МАЙОР
/ Д р е м о в /

" " июня 1945 г.

ЗАКЛЮЧЕНИЕ ВОЕННОГО СОВЕТА АРМИИ

НАГРАДИТЬ ОРДЕНОМ К Р А С Н А Я З В Е З Д А

КОМАНДУЮЩИЙ ВОЙСКАМИ I ГТА
ГВ.ГЕНЕРАЛ-ПОДПОЛКОВНИК Т/В
/К А Т У К О В/

ЧЛЕН ВОЕННОГО СОВЕТА АРМИИ
ГВ.ГЕНЕРАЛ-ЛЕЙТЕНАНТ Т/В
/Н О П Е Л Ь/

" 19 " июня 1945 г.

Все графы заполнять полностью

# НАГРАДНОЙ ЛИСТ

1. Фамилия, имя и отчество АЙЛЯРОВ Дзеко Саламбиевич.

2. Звание гвардии лейтенант 3. Должность, часть зам.ком.роты по политчасти 3-го Отд. стр. батальона 10 Гвард.Красн.знамен. стр. бригады.

Представляется к орлену " КРАСНАЯ ЗВЕЗДА ".

4. Год рождения 1912 г. 5. Национальность осетин 6. Партийность член ВКП/б/

7. Участие в гражданской войне, последующих боевых действиях по защите СССР и отечественной войне (где, когда) с августа 1942 г. Закфронт и Сев.Кав.фронт

8. Имеет ли ранения и контузии в отечественной войне не имеет.

9. С какого времени в Красной Армии с 1941 г. 10. Каким РВК призван

11. Чем ранее награжден (за какие отличия) Награжден медалью " За Отвагу " приказом частям 10ГвКСбр №09/н с.3-43 г.

12. Постоянный домашний адрес представляемого к награждению и адрес его семьи

ДЛЯ ПОДШИВКИ

I. Краткое, конкретное изложение личного боевого подвига или заслуг

В боях за высоту 145,0 в р-не ст.Крымская с 20.4- по 5.5-43 г. гвардии л-нт Айляров проявил смелость и мужество. находясь в боевых порядках роты он своим личным примером увлекал бойцов вперед.

Несмотря на сильный огонь противника тов.Айляров в ночь на 4-е мая 1943 г. водил несколько раз своих бойцов в атаку, в результате противник не мог выдержать частых атак, в панике отступил.

Тов.Айляров организовал его преследование до х.Красный. В этих боях тов.Айляров из личного оружия уничтожил 4 солдат пр-ка.

2.6-43г. КОМАНДИР 3 ОТД.СТР.БАТАЛЬОНА
ГВАРДИИ КАПИТАН - /КОНДРАШОВ/.

Командир (начальник) .....
(звание)

" " 194 г.

Достоин высшей правительственной награды -звания ГЕРОЯ СОВЕТСКОГО СОЮЗА

Командир 21 Гвардейской Механизированной Ярославской Краснознаменной ордена Богдана Хмельницкого бригады

гвардии полковник /К О Ш Е Л Е В/.

"6" февраля 1945 года

Достоин высшей Правительственной награды присвоения звания-ГЕРОЯ СОВЕТСКОГО СОЮЗА

КОМАНДИР 8 ГВАРДЕЙСКОГО МЕХАНИЗИРОВАННОГО ПРИКАРПАТСКОГО КОРПУСА ГВАРДИИ ГЕНЕРАЛ-МАЙОР/

/Д р е м о в/

4"..."февраля 1945 года

ЗАКЛЮЧЕНИЕ ВОЕННОГО СОВЕТА АРМИИ

ДОСТОИН ПРИСВОЕНИЯ ЗВАНИЯ "ГЕРОЯ СОВЕТСКОГО СОЮЗА"

КОМАНДУЮЩИЙ ВОЙСКАМИ 1 ГВ.ТА
ГВ.ГЕНЕРАЛ-ПОЛКОВНИК Т.В.
/К А Т У К О В/

ЧЛЕН ВОЕННОГО СОВЕТА 1 ГВ.ТА
ГВ.ГЕНЕРАЛ-ЛЕЙТЕНАНТ Т.В.
/П О П Е Л /

"28" февраля 1945 года

ОТМЕТКА О НАГРАЖДЕНИИ.

Приказом войскам 1 ГТА № 017/н. от 11 марта 1945 г. награжден орденом КРАСНОГО ЗНАМЕНИ.

29 марта 1945 г. ПОМ НАЧ ОК 1 ГТА - гвардии майор ал[illegible] /[illegible]/

Все графы заполнять полностью

# НАГРАДНОЙ ЛИСТ

1. Фамилия, имя и отчество Хиларов Дзако Салангерьевич

2. Звание Гвардии ст. лейтенант 3. Должность, часть Командир Стрелковой роты 3 мото-Стрелковой ротенной 2 Гвардейской Механизированной Ярославской Краснознаменной ордена Богдана Хмельницкого бригады

Представляется к присвоению звания „Герой Советского Союза".

4. Год рождения 1912 5. Национальность Осетин 6. Партийность чл. ВКП(б)

7. Участие в гражданской войне, последующих боевых действиях по защите СССР и Отечественной войне (где, когда) Северо-Кавказский, Южный, Белорусский фронты с декабря 1941 г.

8. Имеет ли ранения и контузии в Отечественной войне Не имеет

9. С какого времени в Красной Армии с сентября 1941 года 10. Каким РВК призван Дарковским РВК Северо-Осетинской АССР

11. Чем ранее награжден (за какие отличия) орд. „Кр. Знамя" в 1942 г. „Кр. Звезда" в 1943. мед. „За отваг." и.

12. Постоянный домашний адрес представляемого к награждению и адрес его семьи [redacted]

ЛИЧНАЯ ПОДПИСЬ

1. Краткое конкретное изложение личного боевого подвига или заслуг

В бою на 1-м Белорусском фронте 17 января 1945 года рота Хиларова находилась в засаде у ф. Пинстольвице-Дуте. Противник в взвода превосходящими силами пытался сбить засаду. В течение дня 17 января рота отбила атаки пехоты и танков противника, нанеся ему огромные потери. Было уничтожено свыше 180 немецких солдат и офицеров, взято в плен 32 человека, подбито и уничтожено 2 бронетранспортера, 1 танк, 12 автомашин, свыше 50 повозок с различным военным имуществом. Т. Хиларов лично сам водил взвод роту в контратаки, личным примером мужества и героизма воодушевлял бойцов на подвиги. Благодаря умелому руководству его группировка противника была разгромлена, рота Хиларова понесла незначительные потери 1 убит и 6 раненых. 17 января, выполняя гор. Познань Хиларов поднял роту в атаку и сам шедши впереди восемь порядков роты лично уничтожил 11 немецких солдат из пистолета. В рукопашной рукопашной схватке рота уничтожила свыше 50 солдат противника, 3 пулемета, 3 орудия, Хиларов лично закололи штыком 8 немецких захватчиков. В результате всего этого было занято 3 лесника немецких трапеций. Благодаря умелому руководству, личной храбрости, мужества и героизма, рота Хиларова всегда выходит победительницей в боях с врагом. Достоин присвоения высшей награды — звания „Герой Советского Союза."

Командир (начальник) Гвардии капитан (звание) Черепанов

„6" февраля 1945 г.

Помощ. Стр. 8-на

II. Заключение вышестоящих начальников

III. Заключение военного совета армии

IV. Заключение военного совета фронта

Приказом частям 10 Гвардейской Краснознаменной стрелковой бригады
№ 09/н от 6.II-1943 г.
награжден медалью " З А О Т В А Г У ".

НАЧАЛЬНИК 4 ЧАСТИ 10 ГВСБР
ГВАРДИИ ТАРШ. ЛЕЙТЕНАНТ /ПОПОВ/

**НАГРАДНОЙ ЛИСТ**

1. Фамилия, имя и отчество Аймяров Дзахо Баханович
2. Звание гвард. ст. лейтенант 3. Должность и часть Зам. ком-ра по строевой части 3 Мотострелкового батальона 2 Гвардейской Краснознаменной Краснодарской Краснознаменной орд. Богданова Хмельницкого б-ды
Представляется к ордену „Александр Невский"
4. Год рождения 1912 5. Национальность Осетин 6. Партийность ВКП(б) с 1939 года
7. Участие в гражданской войне, последующих боевых действиях по защите СССР и Отечественная война /где, когда/ с Июня 1941 года: бои на Кавказском Юго-западном, 1 Украинском, 1 Белорусском и 2 Белорусском фронтах
8. Имеет ли ранения и контузии в Отечественной войне Ранен один раз. Контужен 06. 1943 года, повторно контужен 03. 1945 года.
9. С какого времени в Красной Армии с Июня 1941 года
10. Чем ранее награжден /за какие отличия/ Орден „Красного Знамени" приказ № 017/н от 03. 45 года, Медаль „За отвагу" 09/н 10 гв. Краснознам. д-ды от 03. 1943 года
11. Какие РВК прибыл Дарьяхский РВК Северо Осетинской АССР
12. Постоянный домашний адрес представляемого к награждению и адрес его семьи

[redacted]

---

1. КРАТКОЕ ИЗЛОЖЕНИЕ ЕГО ЛИЧНОГО БОЕВОГО ПОДВИГА ИЛИ ЗАСЛУГ.

В период наступательных боев на Берлинском направлении и в боях за Берлин с 16 Апреля по 3 Мая 1945 года т. Аймяров все время находился в боевых порядках батальона и непосредственно на поле боя руководил боевыми действиями. 29 Апреля 1945 года т. Аймяров лично поднял батальон в атаку и в Неловной схватке было уничтожено до 200 немецких солдат и офицеров, 8 пулеметов, было захвачено 68 пленных из турок. т. Аймяров личным примером в бою за Берлин воодушевлял личный состав на боевые подвиги и лично в этом бою участвовал в истреблении.

Достоин правительственной награды ордена „Александр Невский".

Командир 3 Мотострелкового батальона
2 Гвардейской Капитан /Кемхаев/ /Кемхаев/

**II. Заключение вышестоящих начальников**

*Командир (начальник)* .....
(звание)

„ ..... " ..... 194 г.

**III. Заключение Военного Совета Армии**

*Командующий Армией* ..... *Член Военного Совета* .....
(звание) (звание)

*Начальник штаба* .....
(звание)

„ ..... " ..... 194 г.

**IV. Заключение Военного Совета фронта (округа)**

*Командующий* ..... *Член Военного Совета* .....
(звание) (звание)

„ ..... " ..... 194 г.

**V. Заключение наградной комиссии ИКУ**

*Председатель*

*Члены* 1. 2. 3.

„ ..... " ..... 194 г.

**VI. Отметка о награждении**

Выписан часть 10 Гвардейской Краснознаменной стрелковой бригады
Приказ от 8.6-43 г.
награжден орденом " КРАСНАЯ ЗВЕЗДА "

НАЧАЛЬНИК 4 ЧАСТИ 10 ГВСБР
ГВАРДИИ СТАРШИЙ Л/С- полков.

ФЗУ тип. «Правда». Зак. 3016.

1942 азы фæззæджы контрныббырстмæ сæхи цæттæ кодтой не ‘фсад. Немыц сæ быцъынæг тыдтой нæ горæты хуссайраг хай æмæ Гæмæхсæр хох бацахсынмæ. Тынг тæссаг уыд, махонты куы ныццæгъдой, уымæй. Фæлæ сæ фæндтæ фæсыкк сты. Хуыцау хорз æмæ æвзыгъд разамонджыты руаджы ацы полкъ æхсæвы Æрхонкæйы станицæмæ аппæрстой, æндæр сæ удæгасæй ничиуал баззадаид...

Фæстæдæр Дзаккойы хо Цæллагты Хъаллæ афтæ радзырдта: «Заманхъулы ис Уастырджийы стыр кувæндон «Дурджын бæрзонд». Æз уырдæм цыдтæн æмæ йын табу кодтон, цæмæй ме ‘фсымæр дзæбæхæй баззайа. Гъер уæ кæд уырны, уæд уæ бауырнæд – цыдæр фарн ис зæххыл».

Дзаккойы полкъ немыцимæ фыццаг бон схæцыдысты Майрæмададжы. Карз тох фæкодтой æнæхъæн бон. Изæры Дзаккомæ фæдзырдтой полчъы штабмæ æмæ йын бабар кодтой, цæмæй Æрыдонмæ сгарæгæй ацæуа æмæ базона знаджы тыхтæ.

Дзаккойыл уыди дæрдджын уæлæдарæс, стæй боцъо, хъуамæ йыл мачи фæгуырысхо уа сгарæгæй.

Æхсæвы йæ фæндаг адардта къудзитæ æмæ къутæрты ‘хсæнты. Хъавгæ цыди Æрыдонырдæм. Боныцъæхтыл æм гæзæмæ мигъты æхсæнæй хъæуы кæройнаг хæдзæртты сæртæ разындысты. Бæргæ бацин кодта, фæлæ æнæнхъæлæджы йæ размæ фæци румынаг æфсæддонты хъахъхъæнджыты къорд.

Æрыдоны хъæуæй хъæдмæ чи фæлыгъд, уыдонæй дæр-иу исчитæ æруад хъæумæ хæринаг ацамал кæнынмæ. Дзакко зыдта уыцы хабар.

Куы йæ æрурæдтой румынæгтæ æмæ йæ сæ хистæр куы афарста: «Чи дæ, кæдæм цæуыс æмæ цæмæн ацы раджы?», – уæд Дзакко загъта: «Мæнæ хъæдмæ чи алыгъд, уыцы рынчын сывæллæттæн исты хæринаг самал кæнон». – Йæ фадыварцмæ гæсгæ йыл нæ фæгуырысхо сты, уæлæнгай сгæрстытæ йæ акодтой æмæ йæ хъæуырдæм асхуыстой. Уынгты скъуыдтæ дзаумæтты чи цыди, уыдон иртасынмæ сæ не ‘вдæлди румынæгты...

Дзакко сбæрæг кодта, знаджы танктæ цы ран лæууынц, бензинласæн машинæтæ дзы цал ис, се скълæдтæ кæцы рæтты сты, уыдæттæ. Æдас ранмæ бацыди, йæ дзабырæй картæйы схемæ систа, гæххæттыл сæ кърандасæй фæбæрджытæ кодта. Куы рацæйздæхти, уæд фæхъуыды кодта, румынæгтæн «хæринаг хæссынмæ цæуын» кæй загъта, уый. «Ныр мыл ногæй куы амбæлой æмæ

мæ афтидæй цæугæ куы феной, уæд цы ахъуыды кæндзысты?..»

Фæстæмæ хъæумæ аздæхт. Хорз æмæ йæ хæрз хо Маликка ацы хъæуы Мадзаты Мишайы бинойнаг у. Уыдонмæ фæраст. Маликкайы сæ дуармæ сыхæгты усимæ ныхæстæгæнгæ баййæфта, сылгоймæгтæ йæ йæ æнаив дарæс æмæ боцъомæ гæсгæ нæ базыдтой.

Дзакко куы бамбарын кодта, цæмæ æрбацыд, уый, уæд хо æнæдзургæйæ ацыд хæдзармæ æмæ йын картæфтæ æмæ кæрдзынтæ рахаста.

Доныбыл цыдæр сайæн халагъудгонд хæдзар уыд æмæ йын ус афæдзæхста, уый немыцы штаб уыд æмæ ууылты ма ацу.

Æхсæвы, йæхи немыцæй хъахъхъæнгæйæ, къутæрджын фæндагыл сфардæг ис бынатмæ.

Ацы сгарæн куыст куыд æмбæлы, афтæ кæй сæххæст кодта, стæй Сырх Дыгуры йе ‘мбæлттимæ знаджы дзот æд пулемет гранаттæй кæй ныппырх кодтой, уый тыххæй йын радтой майдан «Хъæбатырдзинады тыххæй». Сырх Æфсады æппæты хуыздæр хæрзиуджытæй иуыл нымад уыд.

Æндæр хæстон журналист-булкъон Свиридов Дзаккойы сгуыхтытæ æмæ лæджыхъæды тыххæй радиомæ очерк дæр ныффыста. Загъта, æнæмæнгæй сбæрæг кæндзынæн, нырмæ дын Советон Цæдисы Хъæбатыры ном цæуылнæ раттой, уый. Фæлæ дзы ницыуал сбæрæг.

Цыппор фондз азы фæстæ Дигорайы скъолайы историйы ахуыргæнæг Хъарданты Тимур сарæзта фæдсгарджыты клуб «Родина», æмæ дыгуры фæсивæд сбæрæг кодтой Дзаккойы хæстон фæндæгтæ.

Уыцы клубы фæсивæд æмбырд кæнын райдыдтой, Хъæбатыры аккаг чи уыд æмæ йæ чи нæ райста, «Æнæ Стъалы Хъæбатыртæ» – зæгъгæ, уыдоны, номхыгъдтæ.

Ныр æз фæлдахын хорзæхты тыххæй гæххæттытæ. Мыггæгтæ æмæ нæмтты ис бирæ алыхуызон рæдыдтытæ.

Мæнæ Дзаккойы мыггаджы æмæ номы дæр рæдыдтытæ. «Наградной лист Айлярова Дзека Саламгериевича, гвардии старшего лейтенанта, командира стрелковой роты 3-го мотострелкового батальона 21-й гвардейской механизированной Ярославской Краснознаменной ордена Богдана Хмельницкого бригады. Год рождения – 1912, национальность – осетин, партийность – член ВКП(б). Представляется к присвоению звания «Герой Советского Союза»...

Мæн кæд цыфæнды тынг фæнды Дзаккойы хæстон хабæртты тыххæй хорз ныффыссын, уæддæр сæ, хæцæнгæрзтæй æхсæг батальоны командæгæнæг, гвардийы капитан Черепановæй хуыздæр нæ ныффысдзынæн. Мæнæ куыд зæгъы: «1945 азы 17 январы Белоруссаг фронты Айларты лæппуйы ротæ знæгты æрхъулайы бахауд Пшестоловец-Дутейы хъæуы. Сæ ныхмæ лæуджытæ æртæ хатты фылдæр уыдысты, цыппар хатты тыхджын ныббырстытæ сарæзтой сæ фистæг æфсад æмæ танктæй, фæлæ махонты ныппырх кæнын нæ бафæрæзтой.

Ацы ротæйы æфсæддонтæ тынг бирæ бæллæхтæ сарæзтой немыцæн: 180 салдат æмæ афицеры амардтой, 32 адæймаджы уацары райстой, байстой 2 æфсæн транспортеры, иу танк, 12 автомашинæйы, ныппырх кодтой, сæ хæстон фæллой кæм ластой знæгтæ, ахæм 50 уæрдоны. Нæхиуæттæй фæмард иу лæг, æхсæзæй фæцæфтæ сты. Дзакко ротæйы разæй, афтæмæй сарæзта дыууæ хатты тыхджын ныббырстытæ, йæхæдæг амардта 11 немыцаджы дамбацайæ, хъæбысхæсты тохы знæгтæй фæмард 50 салдаты. Йæхæдæг хъамайæ барæхуыста 8 немыцаджы æмæ бацахстой 3 арф къахт къанауы.

Айлары-фырт дæсны разамонæг кæй у, хъæбатыр æмæ уæндон, уый руаджы йæ ротæ цыфæнды карз æмæ тугкалæн хæстытæй дæр рацæуы уæлахизæй. Уымæ гæсгæ у Советон Цæдисы Хъæбатыры ном раттыны аккаг».

Советон Цæдисы Хъæбатыры ном ын раттын кæй хъæуы, уый тыххæй ма фидарæй загъта Карпаты хæстон корпусы гвардийæн командæгæнæг инæлар-майор Дремов дæр.

Дарддæр кæсæм Æфсады Хæстон советы кæронбæттæн уынаффæйы рæнхъмæ: «Советон Цæдисы Хъæбатыры номы аккаг у».

Чысыл дæлдæр зынæвзарæн къухфыстæй: «Сырх Тырысайы ордены аккаг у». Зынæвзарæн къухфысты бын дыууæ лæджы къухæвæрдтæ: Танкты æфсады 1 гвард. командæгæнæг инæлар-булкъон Т. В. Катуков æмæ Æфсады Хæстон советы уæнг, Т. Æ. гв. инæлар-лейтенант Т. В. Попель.

Цымæ ацы дыууæ бæрзонд инæлары цæуыл хъуыды кодтой, хæсты фæстæ Æфсады Хæстон советы уынаффæйыл сæ къухтæ куы æрæвæрдтой, уæд?

Дзаккойы хъæбатырдзинæдтæ хæсты мидæг йæхæдæг чи федта, йæ лæджыхъæдæн æвдисæн чи уыд, уыцы командæгæн-

джытæй сæхи цæмæн фæбарджындæр кодтой? Уыдон æмхуызонæй афтæ куы загътой: «Советон Цæдисы Хъæбатыры» кадджын номы аккаг у!»

Дзакко ацы хабæрттæ нæ зыдта, уæдæ, йæ Фыдыбæстæ æнувыдæй чи уарзы, клуб «Родина!» чи байгом кодта, уыцы дигорайаг фæсивæды фыдæбонæн дæр ницыуал базондзæн Айларты Дзакко – йæ цардæй ахицæн 1985 азы.

Тугкалæн хæстыты-иу йæ хъул сах абадти. Уыцы æвирхъау, карз ныббырстыты, йæхæдæг æфсæддонты разæй цæугæйæ, æрмæст иунæг хатт фæцæф Дзакко. Бирæ фæхуыссыд Ессентукийы госпиталы.

Уый фæстæ ма, уæддæр йæ къухы бафтыд, йæ ном рейхстагыл ныффыссын: «Дзакко Заманхъулæй!»

*БАГАТЫ Аврам*

# АГЫСАЙЫ ХÆСТОН ФÆНДÆГТÆ

Уæлахизы 70 азы бæрæгбоны кадæн Дзæуджыхъæуы сæйраг фæзы цы æфсæддон парад æмæ бæрæгбон уыдис, уым архайдта «Æнæмæлгæ полкъ» дæр. Адæмæй фадат кæмæн уыд, уыдон æрлæууыдысты, уыцы полчъы рæнхъыты æмæ бæрæгбоны кадджын трибунæйы рæзты рахастой, сæ хæстæг-хиуæттæй чи фæмард, кæнæ тохы быдырæй уæлахизимæ чи сыздæхт, уыдонæй йе ‘нусон дунемæ чи аивгъуыдта, уыцы хæстонты портреттæ. Æз дзы кæй базыдтон, уыдонæй иу уыдис Намысы ордены æртыккаг æмæ дыккаг къæпхæнтæ, стæй æндæр хæрзиуджытæ чи райста, уый – Бедойты Агысайы портрет. Хаста йæ Агысайы номдзыд фырт, авиацийы инæлар Бедойты Русланы хъæбулы хъæбул Амиран – Дзæуджыхъæуы 5-æм гимназы фæндзæм къласы ахуырдзау.

Агысайы Намысы ордены фыццаг къæпхæн ын раттынмæ дæр бæргæ бавдыстой, фæлæ йын æй кæйдæр фæндонæй æндæр хæрзиуæгæй баивтой (уый тыххæй æрæджы хъусын кодтой республикæйы газеттæ).

Чи уыд Бедойты Агыса? Кæд æмæ йын цæй тыххæй радтой ахæм кадджын хæрзиуджытæ?

Ирыстоны хъуыстгонддæр хъæутæй иуы – Хуымæллæджы райгуырд Агыса Бедойты дзырддзæугæ Хадзыбечыры хæдзары.

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты равдыста стыр хъæбатырдзинад. Сси Намысы дыууæ ордены кавалер, райста Сырх Стъалыйы дыууæ ордены æмæ къорд майданы. Хæцыд знаджы ныхмæ намысджын инæлар Плиты Иссæйы бæхджын æфсады дæр.

...Йæ фыццаг амонд нæ фæрæстмæ Агысайæн. Æрттæдæлармæй абадт йæ цардæмбал æмæ лæппуйæ. 1939 азы ракуырдта æрыдойнаг Тлаттаты Равенкæйы, æмæ æрцардысты Сталинабады (Душанбейы). Агыса куыста заводы. Уым фехъуыста, Райгуырæн бæстæйæн тæссаг кæй у, уый. Раст хæсты фыццаг бонтæй иуы дыууиссæдзаздзыд Бедойы-фырт балæууыд Сталинабады Æфсæнвæндаджы районы æфсæддон комиссарады. 1941 азы 16 сентябры йæ акодтой хæстмæ. Йемæ ацыд Советон Цæдисы фидæны Хъæбатыр Моргуаты Бек – иумæ куыстой заводы.

1941 азы сентябрæй 1942 азы февральмæ Агыса ахуыр кодта хæстон хъуыддаг. 1941 азы 28 декабры, уыцы полчъы уæвгæйæ, бахордта æфсæддон ард дæр. Фæстæдæр полчъы кавалерист Бедойы-фырт сси 83-æм кавалерион дивизийы 215-æм кавполчъы згъæрвидар сæттæг (бронебойщик). Уыцы полкъимæ фæцыдис æмæ хæцыдис фашистты ныхмæ хæстæн йæ кæронмæ, 1945 азы уæлахизхæссæг маймæ.

Агыса полкъмæ куы ‘рхæццæ, уæд ын, знаджы ныхмæ цы ротæйы тох кæндзæн, уый куы бацамыдтой, уæд ротæйы командиры раз балæууыд æмæ, рахиз къух къæмисæныл аæвергæйæ, загъта:

– Æмбал хистæр лейтенант...

Фидæрттæ арæзт бæзæрхыг афицер æй дзурын нал бауагъта, иронау æм сдзырдта:

– Зонын æй, мæ ротæмæ дæ снысан кодтой. Æгас цу, ме ‘мзæххон!

Афтæ фембæлдысты Тауытты Данел æмæ Бедойты Агыса, иумæ фæцыдысты хæстон зын фæндæгтыл Украинæйæ Сталинградмæ, Курскæй ногæй Украинæмæ, дарддæр Молдавийыл Румынмæ, Венгримæ, Чехословакимæ.

Цæмæй зыдта Агыса, йæ цыппар æфсымæры дæр йæ фарсмæ кæй хæцынц, уый. Хæсты фæстæ базыдта æрмæст, йæ хистæр æфсымæр Михал 1943 азы горæт Хмельницкийы (Проскуров) бынмæ кæй фæмард, уый. Йæ цыппар лæппуйы æмæ сæ иунæг хо ма бирæ рæстæг сæ зæрдæ дардтой, кæд сау гæххæтт мæнг разынид, зæгъгæ. 1943 азы ноябры горæт Рени (Украинæ) сæрибар кæныныл тохы хъæбатырæй фæмард Агысайы æфсымæр, зæнæджы кæстæр Владимир, хæсты размæ хъуыддаг бакæнын кæмæн нæ бантыст, уый. 1944 азы ноябры, горæт Дебрецен (Венгри) исгæйæ, фæмард йæ иннæ æфсымæр, дыууæ сывæллоны фыд Лаврен. Бедойты фондз хæстон æфсымæрæй ма сæ къонайыл сæмбæлдысты æрмæст дыууæйæ – Агыса æмæ Григори – Хуымæллæджы астæуккаг скъолайы ахуыргæнæг.

Агыса йæ фыццаг хæрзиуæг райста 1943 азы. Уыцы рæстæгмæ уый сси гвардийы сержант, танкты ныхмæ тохгæнæг къорды командир. Уæдмæ сын сæ полкъ 215-æм кавполчъы бæсты хонын райдыдтой 46-æм гвардион кавалерион полкъ. Æфсад бырста Киевырдæм. Агысайы æртæ æмбалимæ арвыстой, танктæй тæссаг кæм уыдис, уыцы фæндагмæ. Сæхи æрфидæрттæ кодтой æмæ сæ куыд ничи бафиппайа, афтæ сæ цæст дардтой знагмæ. Бон æххæст нæма ‘рбарухс, афтæ бафиппайдтой: цалдæр адæймаджы, цыдысты се ‘рдæм. Райдайæны сæ нæхи сгарджытæ фæхуыдтой, ома, хæс сæххæст кæныны фæстæ здæхынц фæстæмæ. Фæлæ Агысайы зæрдæ цæмæдæр фехсайдта, фæстæдæр æй фæхъуыды кодта: æгæр хæрзарæзт уыдысты, уыдис сыл сырхæфсæддоны ног дарæс. Хæстæгмæ сæ æрбауагътой, æмæ сыл Агыса фæхъæр кодта:

– Æрлæуут! Сымах бахаудыстут сырхæфсæддонты æрхъулайы. Чысылдæр куы фезмæлат, уæд сар уæ сæртæ кæнынц!..

Æнæнхъæлæджы «æрлæуут»-æн стыр тых разынд, æнæхуынд уазджытæ фæуыргъуыйау сты. Агысаитæ сын байстой сæ гæрзтæ æмæ сæ полчъы штабы бамидæг кодтой. Куыд рабæрæг, афтæмæй немыцæгтыл уыдис мах æфсæддон дарæс, зыдтой уырыссаг æвзаг.

1943 азы 11 сентябры гвардийы сержант Бедойты Агысайы схорзæхджын кодтой Сырх Стъалыйы орденæй, хæрзиуджытæ райстой, йемæ чи уыд, уыцы æртæ æмбалы дæр.

Харьковы районы поселок Валуйкийыл тохы взводы командиры æххуысгæнæг Бедойы-фырт раивта йæ уæззау цæф командиры. Взводыл æрцыд стыр зиантæ, 17 хæцынхъом лæджы ма дзы баззад, фæлæ йæ размæ æвæрд хæс кадимæ сæххæст кодта. Æппæт хæстонтæн дæр лæвæрд æрцыд ордентæ æмæ майдантæ. Агысамæ дзы æрхауд Намысы æртыккаг къæпхæны орден. Йæ риуыл ын æй бакодтой 1944 азы 22 майы.

Æртыккаг хæрзиуæг та Венгрийы райста Бедойы-фырт. Æнæнхъæлæджы акъоппы ауыдта æртæ немыцаг афицеры. Агыса сæм автомат фæдардта, æмæ æнæуи дæр тарст афицертæ сæ хуыз аныхъуырдтой, сæ къухтæ сдардтой. Агысайæн уый тыххæй майдан «За отвагу» саккаг кодтой.

Венгриаг горæт Секешфехервары районы немыцæгтæ удуæлдайæ фæлвæрдтой инæлар Плиты Иссæйы æфсады размæцыд бауромыныл. Иу атакæ иннæйы фæдыл арæзтой, танкты фæдыл цыд фистæг æфсад. Гвардийы хистæр сержант Бедойы-фырт дзы иу танчы фæздæг скалдта, фæлæ йын иннæйы ныццæвын нал бантыст. Танк æрбахæццæ акъопмæ æмæ йыл йæ мидбынаты

æрзылд, алæгъз кæнынмæ йæ хъавыд. Фæлæ акъопп нывыл арæзт уыд æмæ йын уыйас ницы уыд. Уæддæр дзы æвыдæй нæ баззад Агыса, йæ ныхы сæрмæ сæрыхъуынтыл цыдæр баныдзæвыд æмæ æрфгуыты онг царм æрыстыгъта. Цæстытыл туг калд, афтæмæй ма уæддæр ПТР-æй иу æхст фæкодта фæстейæ знаджы танчы æмæ йæ ссыгъта. Сæры цармы скъуыд алæгъзытæ кодта Агыса æмæ йыл йæ кубанкæ худ арф æркодта, стæй йе ‘мбæлтты фæстæ атындзыдта. Баййæфта сæ сахаты фæстæ. Йе ‘мбæлттæй бирæтæ федтой, немыцаг танк ын йæ акъопп кæй «ныйиту» кодта, уый, удæгасæй баззайын æнхъæл ын нал уыдысты, æмæ йæ ныр куы федтой, уæд ыл тынг бацин кодтой.

Уый уыдис Агысайы иунæг цæф хæсты азты, æцæг йе ‘фсæддон билетмæ хаст не ‘рцыд цæмæдæр гæсгæ.

Уыцы сгуыхты тыххæй командæгæнынад Бедойы-фыртæн 1945 азы 30 апрелы саккаг кодта Намысы дыккаг къæпхæны орден.

Венгрийы зæххыл тохты ма иу æмæ дыууæ хатты нæ равдыста лæгдзинад Агыса. Эскадроны командир, гвардийы капитан Тауытты Данелы бæхы бын минæ куы фехæлд, æмæ барæг цалдæр метры æддæдæр зæххыл куы ‘рхауд, сау цæфтæ куы фæци, уæд Агыса медсанбатмæ йе ‘ккой фæхаста йæ кæнгæ æфсымæры. 1945 азы майы йын хуымæтæджы нæ радтой Сырх Стъалыйы дыккаг орден.

И. В. Сталины номæй 16 арфæйы райста æдæппæт Бедойты Агыса. Уыдонæй æрмæст 1945 азы 30 мартъийæ 7 апрельмæ – æхсæз!

Иссæйы бæхджын-механизацигонд æфсадæн хæст фæци Прагæйы. Плионтæ сæхи цæттæ кæнын райдыдтой Уæлахизы Парадмæ. Уыцы стыр цауæй къуыри раздæр 1945 азы 17 июны гвардионтæн радтой майдантæ «За победу над Германией». Агыса уыцы хæрзиуæг райста 218-æм гвардион кавалерион, Ровнæйаг Сырхтырысаджын, Суворовы орденхæссæг дивизийы командир гвардийы инæлар-майор Павловы къухæй. Ныр гвардион-кавалерист Бедойы-фырты фæтæн риуыл тæмæнтæ скалдтой Сырх Стъалыйы дыууæ ордены, Намысы дыккаг æмæ æртыккаг къæпхæнты ордентæ, майдантæ «Хъæбатырдзинады тыххæй» æмæ «Германыл фæуæлахизы тыххæй».

Уæлахизы Парадмæ куыд цæттæ кодтой, уый æмæ Парад йæхæдæг Агысайæ йæ амæлæты бонмæ нæ ферох сты.

Сæххæст кодта йæ хæс салдат, сæххæст æй кодта кадимæ æмæ 1945 азы 10 августы сыздæхт йæ райгуырæн хъæу Хуымæллæгмæ.

Агысайы кусынмæ арвыстой Сунжæмæ, куыста хъæдгæсæй. Хъæуы цæрджытæ йæ бауарзтой. Абон дæр сæ хистæрты зæрдыл

хорз лæууы, Агыса куыд зæрдæхæлар æмæ цæстуарзон лæг уыдис, уый. Æвæццæгæн æй хъæусоветы депутатæй дæр уыцы миниуджыты тыххæй равзæрстой къорд хатты. Арæх-иу æм бахатыдысты сыхæгтæ, хъæуы иннæ цæрджытæ сæ ноггуырдыл сын ном сæвæрыны тыххæй. Æмæ сыл æвæрдта зæлланггæнаг нæмттæ: Сослан, Батрадз, Хадзымурат, Хъазыбег… Ахæм хабар уыд хъæуы, чындзæхсæвы бон чызг – ног чындз – йæ ныййарджыты хæдзарæй кæд нал куымдта, цалынмæ йын къухылхæцæг Агысайы не скæной, уæдмæ.

Раздæры кавалерист, хъæдгæс Бедойы-фырт дзуапп цы хъæды хайæн лæвæрдта, уыдонмæ дзæгъæл æвнæлд ничи кодта, иу бæлас дæр дзы æвастæй никуы ничи ракалдта. Уый нæ, фæлæ ма дзы дæсгай гектартæ бацахстой æнгузы талатæ. Хъæдгæс-иу сæхимæ боцкъаты баудæста æнгузтæ, стæй-иу сæ байуæрста, зæххы хæйттæ-иу кæмæн радих кодта хъæды, уыдонył, цæмæй сæ фæдæлсыджыт кæной. Фылдæр горæтæгтæ истой зæххы хæйттæ, уыдон сагътой картоф, кодтой къабускайы æмæ æндæр халсарты куыст. Сæхимæ истой æнгузтæ садзыны æмæ сын сæ æвзартæм, сæ талатæм зилыны хæс. Агысайæн йæ хорз куысты тыххæй лæвæрд æрцыд ССР Цæдисы хъæды хæдзарады иттæг хорз кусæджы ном. Æппæты стырдæр кад та йын йе ‘мхъæуккæгтæ скодтой, хъæуæй иу километр æддæдæр цы хъæд ис, уый абон дæр хонынц «Агысайы хъæд».

Парахат зæрдæйы хицау уыд Агыса, уарзта æмгæртты, адæмы, уарзтой йæ уыдон дæр. Ахæм бон стæм уыдис, йе ‘мгæрттæ йæ хæдзармæ кæд не ‘рбамбырд сты. Хæстæй цæфтæй чи сыздæхт, уыцы фидæны зындгонд тренер Дзгойты Аслæнбег та цалдæр мæйы Агысатæм цард, цæмæй йæ спортивон формæ сфидар кодтаид, уый тыххæй хъæдкалæгæй куыста Сунжæйы. Дыууæ хæстонæн уыдис, кæрæдзийæн цы радзырдтаиккой, уый.

Азтæ кæуылты атахтысты æмæ йæ пенсимæ цæуынафон куыд æрбалæууыд, уымæн ницы базыдта Агыса. 1963 азы рацыд пенсийы. Йæ дыууæ лæппуйы Руслан æмæ Аслæнбег, чызг Людæ та нырма скъоладзаутæ уыдысты. Хистæр лæппу скъолайы фæстæ горæт Ейскы тæхджыты уæлдæр æфсæддон авиацион училищемæ бацæуынвæнд куы скодта, уæд йæ мад Равенкæйы нæ фæндыд. Фæлæ фыд загъта: «Уый ныр лæг у, зоны, цы кæнын хъæуы, уый».

Фæндарасты ныхæстæ уыдысты уыдон, 30 азы хæстон-уæлдæфон тыхты чи баслужбæ кодта, уымæн, Агысайы хистæр фырт Русланæн.

1974 азы 26 апрелы Туркестаны æфсæддон зылды авиацион хæйттæй иуы æмбисæхсæв телефоны дзæнгæрæг райхъал кодта

капитан Бедойы-фырты. Æнæнхъæлæджы хабарæй фергъуыйау Руслан: амард йæ фыд.

Капитан æрхæццæ йæ фыды æвæрæн бон æмæ саударæн æмбырды фехъуыста Тауытты Данелы ныхас Агысайы сгуыхтыты тыххæй. Хæдæфсарм хæстон сæ йæхæдæг афтæ бæстон никуы радзырдта...

Данелы фырт Валери куыд зæгъы, афтæмæй йæ фыд хæсты фæстæ алы аз дæр Уæлахизы бон бæрæг кодта йæ хæстон æмбал æмæ хæлар Бедойты Агысаимæ Сунжæйы.

Фыды фарн, дам, мæрдтæм нæ цæуы, фæзæгъынц. Агысайы фарнæй уæлдай тынгдæр фæхайджын йæ хистæр фырт Руслан – ДОСААФ-ы республикон Советы раздæры сæрдар, авиацийы инæлар-майор, ныр Ветеранты советы сæрдары хæдивæг.

...Уæлахизы Парады истори 1945 азыл нæ фæци. Уый фæстæ дæр ма бирæ парадтæ уыдис. 1976–1979 азты майор Бедойты Руслан ахуыр кодта Юрий Гагарины номыл æфсæддон уæлдæфон академийы командон факультеты æмæ æртæ хатты архайдта Мæскуыйы Сырх Фæзы парадты. Русланмæ афтæ каст, цыма тæхæджы райст-бавæрд рæсугъд дарæсы бæсты йæ уæлæ сты йæ фыды тарцъæх цухъхъа æмæ сырх куырæт (куыд арæх-иу сæ æрбакодта йæ рагбонты!). Цинæй-иу айдзаг йæ риу. Æртæ хатты райста ССР Цæдисы хъахъхъæнынады министрæй арфæйы гæххæттытæ «За отличную строевую выучку», 1977 азы та йын йе ‘мбæлттæй цалдæримæ саккаг кодтой зæрдылдарæн нысан «Цытджын Октябры 60 азы».

Афтæ æрфыстой сæ нæмттæ фыд æмæ фырт – Бедойты Агыса æмæ Руслан – бæстæйы сæйраг фæзы цы парадтæ вæййы, уыдоны историйы. Макуы байсысæд ироны лæгдзинад!

# ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ

# БУКУЫЛТЫ АЛЫКСИ

*(1920–2010)*

*Букуылты Дмитрийы фырт Алыкси райгуырд 1920 азы 8 июны Уалыты хъæуы Хуссар Ирыстоны.*

*1940 азы Чъребайы райдиан кълæсты ахуыргæнджыты скъола каст фæуыны фæстæ Алыксийæн æрмæстдæр афæдзы æрдæг бантыстис акусын: уæдмæ Фыдыбæстæйы Стыр хæсты арт ссыгъд. Гъемæ дзы суинаг фыссæг йæ тæккæ райдианæй йæ кæронмæ фæцис – æмтгæй дыууæ азы хæцæг æфсады, уый иубæрц та уацары зындоны уыд.*

*Уырдыгæй куы раирвæзт 1944 азы, уæд та ногæй хъазуатон тох кодта немыцаг фашисттимæ. Нымадæй ма мæй цыдæр баззад Уæлахизы бонмæ, афтæ уæззау цæф фæцис. Йæ райгуырæн уæзæгыл сæмбæлд 1946 азы. Æмæ кусын райдыдта журнал «Фидиуæджы».*

*Фæлæ Хуыцауы налат хахуыргæнджытæ сæ тугамæст фыссæнгæрзтæ нæма аппæрстой: сæ разагъддæртæй иу чидæр Алыксийы тыххæй ацъапп ласта йæ дам-думтæ, уый, дам, райгуырæн бæстæ уæйгæнæг уацайрæгтæй куы у, уæд ахæм ран ныронг цæмæн у фæллойгæнæг. Æмæ йæ 25 азы æмгъуыдмæ ахæстоны фæмидæг кодтой.*

*Сталинон зындоны дæр та фондз азы æрдаудта, гъестæй йæ бынтондæр æназымджыныл банымадтой.*

*Аныхъуырдта йæ маст Алыкси, уæлдæр ахуыр райста, бæрнон кусæгæй куыста радио, газеты, чиныгуадзæны, «Фидиуæджы». Фыста ног уацмыстæ, периодикон мыхуыры дæр æмæ йын хицæн чингуытæй дæр уагъд цыдысты – фыссæджы стыр фыдæбойнаг цард циу, уымæй царди, цин армыдзагæй, маст та...*

*Мæстыты маст та ма йæм разæй каст: гуырдзиаг националисттæ йын йæ иунæг фырты æбуалгъы мардæй амардтой – удæгасæй йыл арт бандзæрстой. Уæд бынтондæр фæцудыдта Алыкси, æмæ ма цы ацардис, уыцы цардæй дæ фыдгул фæхъизæмар кæнæд!*

*Букуылты Алыкси мæнг дунейæ аивгъуыдта 2010 азы тæргæйтты мæйы.*

*Йæ уацмыстæй æппæтæй зындгонддæр у йæ роман-дилоги «Зарæг баззад цæргæйæ».*

*БУКУЫЛТЫ Алыкси*

# ФАРИЗÆТ

*Радзырд*

(Чысыл цыбыртæгондæй)

## I

Бамыр и тар хъæд. Ныхъхъус… Йæ сæрмæ сау-сауид бæзджын хъæццул æнусон бæлæстыл æрæнцад, æмæ багомыг сты уыдон дæр. Æрмæст исдугæй-исдугмæ фæззыгон дымгæ лæбурæгау куы ракæны, уæд сæ сыфтæртæ сыбар-сыбур сисынц, æнæвгъау акалынц сæ цæссыг. Ноджы сыл дысон-бонмæ арв фæкуыдта, бæстæ къæвда ласта. Диссаг, а тар хъæд ма куыд баззад! Æниу дзы царды нысан, уæвгæ дæр, нал ис: икуыцæй хъуысы мæргътæн сæ зарæг, нал кæны гæппытæ къалиуæй-къалиумæ тыртына, уæдæ дзы тæсзонд тæрхъус дæр нæ астдзæни дæ разæй…

Ау, цы ‘рцыди æцæгæй?

«Хъаймæт, хъаймæт»… – хъуыды кæны Фаризæт. Уымæн сау мастæй йедзаг у йæ зæрдæ…

Науæд цы схастаид хохаг сау рæсугъды ацы тар хъæдмæ? Стæй цæмæн тырны сæрсæфæн къæдзæхмæ? Цæмæн фестад цæстысыг æхсæрдзæн?

Уæлæ, æнусон тулдз, ды та йын цы дзырдтай йæ хъусы, уæ дыууæ дæр цæуыл куыдтат иумæ? Науæд дæ цæмæн фæуагъта уым иунæгæй, нæ йын ссардтай, æвæццæгæн, дзуапп, йæ зæрдæ цæуыл фæлæууа, ахæм?!

О, бæргæ!.. Цæуын куы уаид мæ бон. Сурин æй фæсте. Ныллæууин йæ разы… «ма тырн сæрсæфæнмæ, макæ!» – зæгъин ын. Уастæн йæ туджы фæмæца, хохаг сæрибар маргъæн йæ царды рохтæ чи нæ ныууагъта йæхи бар: цæй-ма, кæд уыди æрыгон чызг уый æнхъæл – йæ хъæлдзæг цъыбар-цъыбур хъарæгæй раивдзæн искуы?

«Куыд мæ афæлывта!..» –ферттывта ногæй сæры æмæ атындзыдта размæ. – Æз ссардзынæн мæ бынат». Сæрсæфæн къæдзæхы был æрлæууыд. Бынмæ арф, уынгæг коммæ ныккасти… Сæр разылди, æмæ хъуыдытæ дæр зилдух систой: «далæ, гъе, уым… æнцойад»…

Къухтæ дардыл фæхаста….

Фæлæуу!!!

Зонгæ хъæлæс: Фаризæты раз фестад Хъасболаты æнæлаз фæлгонц. Хъусы йæм: «Уый фервæзыны амал нæу, Фаризæт. Афтæмæй дын дæ рæстдзинад исчи базондзæн? Нæ! Фыдгæнæг йæхæдæг хъуамæ радта дзуапп».

Фаризæт йæхиуыл фæхæцыд, стæй фæстæмæ тулдзы бын куыд февзæрд, уый зонгæ дæр нæ бакодта. Бæласы сыфтæртæ йыл сæ цæссыг æркалдтой. Æмæ та сусу-бусутæ систой... Цымæ худгæ кæнынц Фаризæтыл æви – тæригъæд?! Ау, уый онг æрхаудта æнæрцæф чызг? Ууыл фесты йæ цардбæл хъуыдытæ, йæ бирæ рæсугъд бæллицтæ? Хæст хæст у. Иууыл стырдæр хъизæмæрттæм æнхъæлмæ касти, фæлæ ахæм æвирхъау хабар...

«Худинаг, худннаг! Мæлæт!..» – дзуры зонд.

«О, фæлæ чидæр фыд ракодта, æз цæмæй дæн уым аххосджын?» – зæгъы Фаризæт.

Зонд фергом и:

«Фыдгæнæгмæ цы зæрдæ дардтай, уый дæ ферох?» «О, атонай, зæрдæ, атъæпп уай уас!»

«Ныхъхъус ут! – нал бабыхста зæрдæ, – уый ахæм лæппу нæу, æз цы Афæхъойы зыдтон»...

Уый ныфс у. Æрмæст ныфсы мур. Ферттивы æмæ фæтары вæййы уайтагъд. Амæйразмæ Хъасболатимæ æргом куы аныхас кодта Фаризæт, уæд йæ фæд дæр нал аззад уыцы ныфсæн. Сау хъуыдытæ йæ ныббынæй кодтой. Абон райсом æй сæрсæфæн къæдзæхы былмæ чи схаста, уыцы сау хъуыдытæ. Æмæ ма кæд йæхиуыл фæхæцыд, уæддæр – Хъасболаты фæрцы. Уый Афæхъойы хæлар уыд, скъолайы ма куы ахуыр кодтой, уæд. Уымæй хуыздæр ма кæмæн раргом кодтаид Фаризæт йæ зæрдæйы уаг ацы тыхст заманы? Хъасболат дæр ын ныфсытæ аваæры, фæсуры йын йæ тар хъуыдытæ.

Афтæ рауад сæ ныхас уыцы бон дæр:

– Æз дæуыл æууæндын, Хъасболат... Æрмæст дæуыл! Цы йыл æрцыд, зæгъ-ма мын... Де ‘рдхорд уыд дæуæн...

– Æз та дын уый зæгъинаг уыдтæн рагæй дæр: дæхиуыл фæхæц. Гъе, афтæ уыдзæни хуыздæр: цы ‘рцыди, уый цадæггай бамбардзынæ дæхæдæг. Ме ‘рдхорд та мын æй мауал хон!..

– Ау?! – Уыцы иунæг æвастхъæры бавæрдта чызг йе ‘нкъарæнтæ: уырна мæ ахæм æбуалгъ хабар, зæгъгæ, ма мæ уырна, æмæ ноджы цыфыддæр!

– Цы ма у уæд мæ цард? – йæ мæт йæ хъуырмæ схæццæ Фаризæтæн. – Куыд ма мæ уромы уæд зæхх та? Кæм ма ис адæмы ‘хсæн уæд мæнæн бынат? О, цы цæстæй мæм ракæсдзæни Бибо? Æниу ма мæхæдæг цы цæсгомæй дзурдзынæн йемæ? Фæлæ нæ!.. – æвиппайды, ихуарæгау, ставд цæссыг ныккалдта чызг. – Кæд афтæ у, уæд æз ссардзынæн мæ бынат, стыр худинагæн сау сыджыт – йе ‘мбæрзæн!..

– Фæлæуу, фæлæуу. – сабыр æй кодта Хъасболат. – Уый фервæзыны амал нæу, Фаризæт. Афтæмæй дын дæ рæстдзинад ничи базондзæн. Нæ, фыдгæнæг йæхæдæг хъуамæ радта дзуапп.

– О, фæлæ... Кæд ницы аххосджын у... – йæ зæрдæ та сдзырдта Фаризæтмæ.

– Уæдæ цæмæннæ рацыд немæ? Цæмæн æрурæдта йæхи фæсте? Мæхи цæстæй йæ куы нæ федтаин, уæддæр ма...

## II

«Цæмæн æрурæдта йæхи фæсте? Ацы фарста сæры магъз кæрдæнтæ кодта. «Цæмæн? Цæмæн?»

Уый уыд, Бибо хъæуы фæсивæдимæ хъæдмæ куы цыд, уыцы бон.

Бибо – колхозы сæрдар, Фаризæты мадыфсымæр, – иугæр ахæм зын фæндагыл ныллæууыд, уæд йæ хæрæфыртмæ дæр куыннæ фæсидтаид æххуысмæ? Уымæн йæ хæс уыд чызджытыл азилын, фæндагмæ сæ барæвдз кæнын.

– Æрмæст сын бамбарын кæн, – фæдзæхста Бибо,– хъæдмæ зокъотæ тонынмæ кæй нæ цæуæм, уый. Йæ ныфс чи нæ хæссы, уый фæлтау лæууæд.

Срæвдз сты фæсивæд балцмæ. Æниу чи фæлæууыдаид фæсте æнахъомтæ æмæ зæрæдты йеддæмæ? Хъасболат та лæппуты ракодта. Фæлæ нæ зынди се ‘хсæн Афæхъо. Уæвгæ йæ фырæнæвдæлонæй ацы фæстаг бонты нал федта Фаризæт. Æмæ йæм афæнд кодта сæхимæ бауайын.

Скъолайы цур хæрхæмбæлд фесты Афæхъоимæ.

– Цы ми ма кæныс ды, Афæхъо, уæрдæттæ анкъуыстысты...

– Фаризæт! Æгайтма дыл фембæлдтæн. Æз дæр дæу агуырдтон... Цы бадæ, чызджытæ цæуынц иууылдæр?

– Иууылдæр. Чызгæй-læппуйæ. Цæуæм мах дæр, æндæра сæ куынæуал аййафæм... – Афæхъойы къухыл ахæцыд Фаризæт. Уый йын æдзынæг ныккаст йæ цæсгоммæ, йæ бынатæй нæ фезмæлыд.

– Афæхъо?! – цыдæр дызæрдыджы къæм бахауд чызджы зæрдæйы, læппуйы цæстытæм куы фемдзаст, уæд.

– Фæндараст, мæ зынаргъ, мæ бæллицты рæсутъд суадон!.. – æрæджиау, уæзбынгомау, ралæмæрста Афæхъо.

– Зæгъ-ма æргом, цы ‘рцыди, Афæхъо?!

– Фæндараст! – уыцы сагъæсхуызæй та сдзырдта Афæхъо, – æнцон нæу мæнæн дæр. Бамбар мæ, Фари... бæргæ тыхст заман куы уаин дæ цуры, фæлæ... Цæй, нæ фембæлд уыдзæни æхсызгон æмæ хъæлдзæг... Хъахъхъæн дæхи æмæ дæ уырнæд – уæлахиз...

– Тæппуд! Мæнгард!.. – Фаризæт уыциу сагъд фæкодта йе ‘нæуынон цæстæнгас læппуйы цæсгомы æмæ фæцæуæг.

– Фæндараст! Кæс дæхимæ, Фа-ри-зæт!! – йæ фæдыл ма адзырдта Афæхъо, фæлæ чызг уыцы ныхæстæ нал фехъуыста.

Фæсмон ма кодта уый фæстæ. «Цæмæн æм сдзырдтон тызмæг?..»

«Тæппуд!» Ау, æрæджы дæр ма мын уымæй хъæбатырдæр læппу куынæ уыд дунейыл. Стæй канд хъæбатыр? Сыгъдæгзæрдæ, уæздан æмæ læппутæн сæ тæккæ зондджындæр...

Раджы райдыдта сæ хæлардзинад. Суанг сæрæй дæр иу скъоламæ цыдысты. Адæймагмæ иууыл рæсугъддæр бæллицтæ гуырын куы райдайынц, уыцы заманы та иу къласы ахуыр кодтой... Урокты-иу æнæдзургæйæ нымдзаст сты кæрæдзимæ. Уæгъдибар рæстæг иумæ алæууын, ахудын, ахъазын – сæ уд, сæ дзæцц дыууæйæн дæр. Афтæмæй сæ иу дæр нæ рахатыд, зæрдæ зæрдæйы куыд ærдомдта... Æрмæст сдзурæн нæ уыд уыцы рæсугъд æнкъарæнтыл. Фаризæт æнхъæлмæ каст Афæхъомæ. Афæхъо та... Æвæлтæрд æфсæрмытæ ма йæм уыдис...

Фæлæ йæ рæстæджы арвæн æнæферттивгæ нæ вæййы. Иу ахæмы дыууæ æрыгон зæрдæйы фергом сты. Хъуыддаг рауад æнæнхъæлæджы, астæуккаг скъола каст куы фесты, уæд. Хъал фæсивæды сæ цин æрдзы хъæбысмæ ахаста – хъæды астæу цъæхцъæхид æрдузы нысан кодтой сæ бæрæгбон. Уырдæм ахастой сæ боны хæлц дæр...

Цыдысты æрдузмæ Фаризæт æмæ Афæхъо дæр. Æмæ сын куыннæ бацайдагъ уыдаид ныхас.

– Арфæ дын кæнын, Фаризæт, – райдыдта Афæхъо.

– Цымæ та кæм басгуыхтæн? – ныхас хъазынырдæм здæхта Фаризæт.

– Ау, тæккæ абон дæсæм кълас куы фæдæ!

– Æмæ йæ ды нæ фæдæ?

– Æз дæр æй фæдæн, фæлæ мæнæн та æндæр исчи хъуамæ раарфæ кæна... – хинæйдзаг мидбылхудт бакодта Афæхъо.

Фаризæт ын бамбæрста йæ хъуыды æмæ загъта:

– Ды, æвæццæгæн, афтæ ‘нхъæлыс, мæнæй хуыздæр арфæ дын никæй цæст бауарздзæн, – хъазгæ ‘мхасæн райдыдта Фаризæт. – Арфæ дын кæнын, астæуккаг скъола каст кæй фæдæ, уый тыххæй. Ныр ды царды денджызмæ раленк кодтай уæгъдибарæй. Гъемæ дæ нау уæндонæй бырсæд размæ уыцы денджызы!

– Ды хъазгæ кæныс, Фаризæт, фæлæ мæнæн æцæгæй дæр денджызон суæвын у мæ бæллиц. Диссаг у денджыз: фыцы, æхсиды, уылæн уылæны суры. Уалынмæ кæсыс, æмæ донбыл къæдзæхыл ныппырх сты. Ау, уый уыд сæ нысан?! Кæцæй кæдæм тырнытой, кæм райдыдта сæ фæндаг? Ссар ма сын сæ гуырæн... Цæуыс æмæ цæуыс дæ науыл, уæддæр денджызы кæронмæ нæ хæццæ кæныс. Де ‘мбæлццон æгомыг кæсæгтæ дæм æхсæвыгон науы рухсмæ уазæгуаты фæзындзысты... денджызон мæргътæ...

– Фæлæуу-ма, кæм сæ сбæрджытæ кодтай афтæ лыстæггай?..

– Батумы. Сæрды каникулты-иу цы ми кодтон уæдæ, мæ мадыхомæ-иу куы уыдтæн, уæд?

– О, уый рох куы уыд мæнæй, – сагъæсгæнгæ даргъ ауагъта йæ ныхас Фаризæт, цæуылдæр ахъуыды кодта, стæй ма бафтыдта йæ ныхасмæ: – Фæлæ æгæр нæ бауарзтай денджыз? Нæ тæрсыс, зæххон адæмæй дæ куы фæхицæн кæна бынтондæр, уымæй? Уæдæмæ бавдæлæм æмæ кæрæдзийæн хæрзбон зæгъæм ныртæккæ... развæлгъау... æнустæм...

– Цы зæгъынмæ хъавыс уымæй, Фари...зæт?

– Ницы... Афтæ æнæуый... Æз цæуын мединститутмæ, кæд сæххæст уа мæ бæллиц, уæд... Фондз-æхсæз азы фæстæ – цæттæ ног дохтыр. Кусдзынæн искуы хъæуы, кæнæ горæты, уæлдай нæу: мах нал фембæлдзыстæм кæрæдзийыл: дæ науæн ленкгæнæн нæй сур зæххыл...

– Фаризæт! – йæ цины æнкъарæнтæ нал баурæдта Афæхъо. –

Ды дæ алкæмæй зондджындæр, ды æппæт дæр зоныс! Фæлæ ацы хатт раст нæ дæ. Æз фæуыдзынæн денджызон ахуыргæнæндон, ды – мединститут. Æз – капитан, ды – дохтыр. Æз денджызон æгæрон тыгъдады тæхын мæ науыл. Ды та кусыс уыцы науы сæйраг дохтырæй. Æз бафæлладтæн. Риссы мæ сæр. Æмæ нау дæр дзойтæ кæнын райдыдта. Фæзынд мæм каютæма дохтыр Фаризæт йæ урс халаты. Цыдæр урс гуылгæндтæ мын авæрдта, аныхъуырдтон сæ. Адзæбæх дæн. Æмæ та нау дæр фæсæрæн, нал кæны дзой-дзой. Æнæбон уылæнты се ‘мбисыл фады цуркау. Афтæ æхсæвæй-бонæй зилæм мах иумæ денджызты, океанты, дунейы бæстæтыл. Цы ма уа уымæй бæллицаг дæр, Фари...зæт?!

Цыма Афæхъойы ныхæсты йе ‘мбæхст хъуыдытæн дзуапп агуырдта, уыйау адзæгъæл йæ сæнтты Фаризæт, стæй лæппуйы дзыхæй йæ ном куы фехъуыста, уæд æцæг дунемæ раздæхт æмæ йын æваст фæлыг кодта йæ ныхас:

– Æгъгъæд!.. Хорз феппæлыдыстæм нæхицæй. Уый бæсты атагъд кæнæм, не ‘мбæлттæ афонмæ схæццæ сты æрдузмæ.

Уысммæ фæкомкоммæ сты кæрæдзимæ. Иумæйаг сусæг цин сæ йæ хъæбысы нуæрста. Нырма сæ дыууæ дæр æххæст кæй нæма ‘мбарынц, ахæм бæллицты стъæлфæнтæ сыгъдысты сæ цæстыты, фæлæ, æвæццæгæн, æгæр судзаг уыдысты уыцы стъæлфæнтæ æмæ ма сæ куыд фервæзой, ууыл архайгæйæ, худæгæй бакъæцæл сты. Стæй атындзыдтой размæ сæ рæсугъд бæллицтимæ...

Бæргæ сæм уыд бæллицтæ, æмæ уæрæх фæндæгтæ уыцы бæллицтæн, фæлæ сын æндæр тæрхон скодта хъысмæт. Дыккаг бон куы фембæлдысты, уæд дыууæ æрыгоны ‘хсæн рауад бынтон æндæр ныхас, сæ рæсугъд уæлтæмæн фæндиæгтæ раивтой уæззау мæт æмæ сагъæстæй.

– Афæхъо?! – райдыдта Фаризæт. Йæ хъæлæсы уагыл зынди цæуылдæр иттæг кæй тыхсы. – Кæм фесæфтæ, абондæргъы дæу агурынæн куы бахъуыдтæн...

– Фехъуыстай... хабæрттæ?

– Фехъуыстон... – арф сулæфыд Фаризæт, – абон сæумæрайсомæй...

– Æз та лæппутимæ районмæ ацыдтæн. Æфсæддон комиссариатмæ.

– Афæхъо?! – Фаризæт æрæджиау фегом кодта йæ хъуыды. – Афтæ тагъд?..

– Райгуырæн бæстæйы бахъуыд лæджы сæр. Адæм иууылдæр – уырдæм. Æз та хæдзары сбадон?

– Уый тыххæй дын нæ зæгъын, Афæхъо. Уымæй раст бакодтай, фæлæ... Ууыл ахицæн сты нæ бирæ фæндтæ?

Кæйонгты нæ ахæццæ сты, цæуыл нæ дзырдтой уыцы изæр! Знон дæр ма æнæхъыг уыдысты сæ зæрдæтæ, абон стыр сагъæс айстой сæхимæ. Дзырдтой адæймаджы иууыл уæлдæр хæс æмæ æнкъарæнтыл, Райгуырæн бæстæйы хъысмæтыл. Æппынфæстаг Афæхъо, цыма се ‘ппæт хъуыдытæй дæр хаццæг арæзта. уыйау райдыдта:

– Хæст хъулæй хъазын нæу, Фаризæт. Знаг мæнгард у. Цы нæ вæййы, чи зоны, нал фембæлæм царды... Райсом цæуын лæппутимæ. Цæуын, фæлæ мæ зæрдæ та ам ис... демæ.

Ахæм æргом ныхас æнхъæл нæ уыд Фаризæт æмæ æвиппайды дзуапп нæ радта. Æрæджиау загъта:

– Фæндараст, Афæхъо! Цы дын фæдзæхсын: æнкъард хъуыдытæ дæхимæ ‘мгæрон макуы ‘рбауадз. Баба афтæ фæкæны: «Арв куыд нæры, афтæ нæ цæвы»... Бадар ацы ‘мбисонд дæ зæрдыл, уæлахиз де ‘мдзугæнæг куыд суа. Уæд мах фембæлдзыстæм ногæй... Æмæ ‘рзилдзыстæм дунетыл... Дæ науыл, Афæхъо, æз æмæ ды – иумæ

– Уырны, уырны, Фари!.. – фыццаг хатт æм уæздандæр номæй бадзырдта. Фыццаг хатт æй æрбахъæбыс кодта. Стæй фыццаг ба.

## III

Фыццаг æмæ фæстаг хатт... Æндæр амонд æй нæ фæци... «Фæстаг туджы ‘ртахы онг дæ фæлгонц мемæ»... – æрымысы ныр Фаризæт. Æмæ дисы бахауы уайтагъд... «Ау, уыцы фæндвидар Афæхъо цы фæци? Куыд тагъд систа йæ къух йæ бирæ рæсугъд æнкъарæнтыл? Куыд фæци афтæ æвиппайды къæссавæлдæхт? Бархийæ цыд фронтмæ, фæлæ йæ нæ ауагътой. Цæст хъаджджынæй йæ рафаудтой. Фæлæуу уал, дам... Уалынмæ хæст сæ къæсæрыл æрбалæууыд. Æмæ, Бибо партизантимæ хъæдмæ цæуы, зæгъгæ, куы фехъуыстой, уæддæр иу уыд сæ фæнд: «Цæуæм иумæ. Æнцондæр нын уыдзæн...». Афæхъо йæхæдæг

дзырдта афтæ Фаризæтæн. Фæлæ, фæстаг бон, хъуыддаг къуырццæвæнмæ куы ‘рцыд, уæд... «Цы йыл æрцыд? Æз ма æнхъæл уыдтæн: раййафдзæн нæ. Уый та...»

«Кæд æй æнæхъуаджы æфхæрын? Кæд æй афонмæ ‘рцахстой æмæ йæ ныккæнды ныппæрстой... Кæнæ йæ арвыстой Германмæ? Цæмæн ныллæууыд уæддæр хъæуы? Кæй бафæрсон? Чи зæгъдзæн рæстдзинад?»

Æмæ та Хъасболат йæ цæстытыл ауад. Раст уыцы уысм йæ уæлхъус æрлæууыд саухил, фидæрттæ конд лæппу, йæхиау æрыгон.

– Дæ хъус бæласыл куы сæвæрдтай, Фаризæт, исты дын дзуры? – хъазгæмхасæн райдыдта лæппу.

Чызг ын йе ‘рбацыд нæ бафиппайдта æмæ фесхъиудта, йæ хъæлæс ын куы фехъуыста, уæд. Фæлæ куыддæр лæппумæ фездæхт æмæ йыл æдзынæгдæр йæ цæст æрхаста, афтæ йе ‘муд æрцыд.

– О, Хъасболат!.. Кæцæй фæдæ?

– Нæ фæлæ дæу цы схаста ардæм сæумæцъæхæй? Бибо та дæу агуры.

Чызгæн. йæ зæрдæ æрбауынгæг, стæй йæхи фæныфсджын кодта æмæ загъта:

– Ды мын ибон раст загътай, Хъасболат: фыдгæнæг йæ фыдракæнды тыххæй йæхæдæг хъуамæ радта дзуапп! Фæлæ æцæг афтæ бынсæфт фæци Афæхъо? Куы йæ зыдтам, иумæ куы ахуыр кодтам?!

– Зыдтам æй, Фаризæт. Мæнæн мæ хорз æмгар уыд. Æууæндыдтæн ыл. Стæй дæуæн дæр... – Цы хъуыды зæгъынмæ хъавыд, уый йæм æгæр карз фæкаст æмæ ныхас æндæрырдæм фездæхта Хъасболат. – Зын у... Фæлæ мæн нал фæнды иунæг мисхалы бæрц дæр ма йыл æууæндон... Уымæн æмæ йæ федтон амæйразмæ мæхи цæстæй, хид пырх кæнынмæ куы уыдыстæм, уæд: скодта полицæйаджы дарæс Афæхъо. Райста знагæй хотых æмæ йын лæггад кæны...

– Уæд мæ къухтæй мæрдтæм хъуамæ бацæуа гадзрахатæй цæуæг!

– Æрсабыр у, Фаризæт. Цæуæм Биботæм...

Фаризæт ныххызт мусонгмæ. Фæтæнуæхск, йæ къæмисæнтæ кæмæн фæхалас сты, стæй йæ цуркбоцъойæ дæр стæм æвзист æрдутæ кæмæн æрттивынц, иу ахæм лæг бадт къуыдырыл, тагъд-

къухæй конд стъолы цур. Йæ разы нывæцмæ ныггуыбыр кодта æмæ йæм лæмбынæг касти, кърандасæй-иу ыл цыдæртæ фæнысæнттæ кодта. Лæг афтæ æнæвдæлон уыд, æмæ нæ бафиппайдта, сау уæйлаг нымæт йæ уæхсчытæй куыд ахаудта, уый дæр, фæлæ æрбацæуæджы къæхты хъæр уайтагъд ацахстой йæ хъустæ. Йæ сæр систа, мидбылты бахудт Фаризæтмæ, стæй сыстад æмæ йæ размæ рацыд...

– А-а, мæ гыццыл хæрæфырт! – афтæ йæ хуыдта рагæй дæр Бибо. – Кæм мын дæ, кæм, сæумæцъæхæй кæдæм фæлыгъдтæ, ам нæ дæ сæр хъæугæ куы кæны!

«Ницыма фехъуыста, æвæццæгæн, æгæр мыл цы цин кæны!» – хъуыды кæны Фаризæт, зæгъгæ та кодта:

– Мæ сæр ма та кæй цæмæн хъæуы?

– Уый та дын цы ныхас у, мæ гыццыл хæрæфырт? Куыд никæй хъæуы дæ сæр? Нæ къорды хуыздæр хæстон чи у? Стæй хуыздæр разысгарæг дæр?..

– Уæдæ мæ уæд арвит хъæумæ абон... ныртæккæ... – æвиппайды йын йæ ныхас фæлыг кодта Фаризæт.

Бибо йыл йæ цæст æрхаста сæрæй къæхты бынмæ: чызгæн йæ бакаст æмæ йæ хъæлæс дæр уыдысты æнкъард, сагъæсæй семыдзаг. Цардвæлтæрд лæг бамбæрста, ныфсæвæрæн ныхæстæй йын йæ зæрдæ кæй не ссардзæн, æмæ комкоммæ райдыдта:

– Ды та ма мын уый зæгъ: цы мæт бахъардта дæ зæрдæмæ? А-фæстаг рæстæджы бынтон дæхи хуызæн куы нæ уал дæ!..

– Ауадз мæ хъæумæ!

– Цыдæр æмбæхсыс дæ мадыфсымæрæй...

Чызг стыхсти. Зæрдæйы судзæгтæн скалæн нæ уыд Бибойы раз. «Фæлтау мæлæт, – ферттывта сæры, – мæнæ мæ маст куы райсон, уæд...» Уый уыдзæн искуы, фæлæ ныр цы зæгъа? Æмæ, йæ зонд хуыздæр куы ницæуыл фæхæст, уæд афсон кодта:

– Ницы ‘мбæхсын дæуæй, Бибо, ницы. Куыддæр мæ сæрæн нæ уыдтæн иу цалдæр боны. Ныр дзæбæх дæн... Бибо йæ иу цæст æрцъынд кодта, чызгмæ фæрсæджы каст бакодта. Кæмдæр мидбылхудт дæр ахъазыд, фæлæ бæзджын рихитæй æддæмæ нæ разынд. Ногæй къахæджы фарст бакодта:

– Æмæ уæд нæхимæ та цæмæ цæуыс?

– Цæй мадыфсымæр ис дæуæй, йæ хæрæфыртыл чи не ‘ууæнды? Афтæ... Æвзæр фынтæ федтон, æмæ гыццимæ мæ зæрдæ ‘хсайы. Ма фæрынчын уа...

Бибо ныххудти йæ бæзджын хъæлæсæй:

– Уый фæстæ ма цæй хæстон ис дæуæй, фынтæ дæр кæй уырнынц!..

– Цæмæн? Æнæуый дæр æнæпайда нæ уаид мæ ацыд: исты дзæбæх зонæнтæ дын схæссин...

– Байхъус-ма, Фаризæт. Ныр та дæм дзуры дæ мадыфсымæр нæ, фæлæ командир. Дæу ницы хъуыддаг ис нæхимæ. Мæн дзы цы зонæнтæ хъæуы, уыдон та мæнмæ сты. Ныр ацу æмæ баулæф. Акæн æй, Хъасболат, чызджыты мусонгмæ...

– Хъусын дæм, æмбал командир!

– Дæ хъус æм дар, хивæнд ми куыннæ бакæна! – бафтыдта ма йæ ныхасмæ Бибо.

## IV

Уæлвæндаг æрæмбæхстысты партизантæ. Чи дурауон, чи бæласы фæстæ скодта йæхицæн хъавæн бынат. Афтæмæй арæхыс сты фæхæрдгæнæнæй суанг хъæдгæронмæ. Ахæм бардзырд уыд Бибойæ. «Стыр зæххæй» йæм фехъусын кодтой, зæгъгæ, не ‘фсад размæ бырсын куы байдайа, уæд дæуæн та дæ хæс уыдзæн знаджы чъылдымырдыгæй цæвын.

Фаризæтмæ йæхимæ æрбасидти Бибо. Ныллæг мусонг дзаг уыд тамакойы фæздæгæй. Бибо бадти æмæ арф хъуыдыты ныгъуылди. Ныхы ‘нцъылдтытæ ныттынг сты, иу фæкастæй афтæ зынди, цыма бæзджын æрфгуытæ æддæг-мидæг ауадысты. «Тохы хæд размæ алкæмæй зындæр у командирæн», – хинымæры бафиппайдта Фаризæт.

Йæ хæрæфырты къæсæрыл куы ауыдта Бибо, уæд йæ зæрдæйы уаг фæивта. Ныхы ‘нцъылдтытæ, фæндыры тæнтау, фæйнæрдæм алыгъдысты, цæсгом фæрухсдæр, сагъæсæн ыл йæ фæд дæр цыма нал аззад. Хъазгæмхасæн загъта:

– Цæй куыд у, мæ гыццыл хæрæфырт... Ницыуал фынтæ федтай?

Фаризæт йæ мидбылты бахудти:

– Бардзырдмæ æнхъæлмæ кæсæм не ‘ппæт дæр...

– Гъемæ хорз! Раппæлыны аккаг стут, æфсæддон фæтк фидар кæй æххæст кæнут, уый тыххæй. Фæлæ уал нæ мæнæ равдæла... Ды рацæудзынæ мемæ, – йæ ныхас цæхгæр фæзылдта Бибо. –

Фылдæр райс демæ бинтытæ. Цынæ вæйиы карз тохы... Æмæ цæфтæм фæкæсын хъæудзæн. Мæнæ дын уый та мæ лæвар! Бæргæ дын чиныг, гъе æндæр исты зынаргъ дзаума куы балæвар кæнин, фæлæ мæ ахæмтыл нырма ма бадом... Уый рæстæг дæр уыдзæн...

– Хъусын дæм, æмбал командир!

Фаризæт йæ къухмæ райста чысыл дамбаца. Рæсугъд æмæ рог. Раст чызджы аккаг. Куыддæр æм æркасти, афтæ сæры аленчытæ кодтой алыхуызон хъуыдытæ. Æмæ та йын Афæхъойыл банцадысты иууылдæр.

– Ифтыгъд у, ма дын фæирвæзæд! – бафæдзæхста Бибо.

– Æмæ тæссаг у, куы фæирвæза, уæд? Ацы гыццыл мур læджы амардзæн?

– Знæгтæй дæм хæстæг чи ‘рбацæуа, ууыл иу æй суадз æмæ йæм уый фæстæ кæсдзынæ...

– Мæ бар уадз! Стыр бузныг дæ læварæй, Бибо. Мæнæй хуыздæр мадыфсымæр никæмæн ис зæххыл...

...Сфæлмæцыдысты партизантæ. Кæй бон у дыууæ бон æмæ дыууæ ‘хсæвы хъузоны бадын? Бæргæ æнхъæлмæ кæсынц кæрдæгхуыз ракетæмæ, фæлæ нæй æмæ нæй... Æниу куы стæха ракетæ уæлдæфмæ, уæддæр сæххæст кæндзæн Фаризæт йæ дзырд? «Знæгтæн сæ зæвæттæ чи сдæры, уымæй дæ цы нæ уырны? Адымдзæн семæ Германмæ, стæй йæ агур... Нæ, фæлæ ацы тæссарыл у иууылдæр сæ фæндаг. Æндæр ахизæн сын никæуылты ис», – йæхицæн ныфсытæ æвæрдта Фаризæт.

Уымæй чысыл уæлдæр ставд бæласы фæстæ дæлгоммæ ныххуыссыд Бибо. Йæ алфæмблай амыты-уымыты ноджыдæр ссæдз цæхæрцæст læппуйы бадынц сæ хъавæн бынæтты, фæлæ, æвæццæгæн, алкæмæй тынгдæр йæхимидæг тыхсти уый. «Цæмæн бафæстиат махонты размæбырст? Куыд мын фехъусын кодтой, афтæмæй фашистты æрдонгтæ знон изæрæй хъуамæ уыдаиккой ам, тæссарвæндагыл... Цы ‘рцыди, цæмæн къуылымпы кæны хъуыддаг?»

Ноджы ма бирæ ахæм хъуыдытæ æнцой нæ læвæрдтой Бибойæн. Æмæ дыккаг бон, фæсæмбисбон кæдæмдæр ацыд. «Цырддзæст ут, – бафæдзæхста læппутæн, – æз дæр тагъд фездæхдзынæн».

Æцæгдæр, бирæ нæ афæстиат Бибо, æрбаздæхт хъæлдзæгæй.

– Сæр нæ бахъуыд ахсæв, læппутæ, – загъта командир. –

Æцæг мæйдар у, фæлæ нын уый, чи зоны, нæ къух кæмдæр аразгæ дæр кæны...

Раст фыццаг кæркуасæнмæ ‘ввахс дардæй моторы уынæр æрбайхъуыст. Бибо азылд йæ къорды лæппутыл, стæй фидиуæг арвыста иннæтæм дæр, уæхи æрцæттæ кæнут, зæгъгæ.

Уалынмæ фыццаг машинæйы рухс ферттывта. Фаризæтмæ та фегуырдысты йæхи хъуыдытæ. «Чи зоны, дæлæ уыцы машинæйы бады уый дæр. Нæ аирвæздзынæ, налат»...

Машинæ æцæгдæр нæ аирвæзт. Фæндагæн йæ тæккæ нарæджы дыууæйæ бадтысты йæ разы. Уыдон ын йæ размæ баппæрстой гранатты баст æмæ ныллæууыд, бамыр... Йæ фæдыл цы машинæтæ цыд, уыдон дæр ныллæууыдысты. Фашисттæ фæсонт сты, талынджы сæ хъæр, сæ тай-тай райхъуыст. Исдуг ницыуал фæцарæхстысты, фæлæ сын æрæджиау, æвæццæгæн, зондамонæг фæци – машинæмæ стæррæстытæ кодтой иу цалдæрæй æмæ йæ уæлæ цы уыд, уыдон фæйнæрдæм зыввыттытæ райдыдтой. Стæй куы авдæлон, уæд ыл амбырд сты æмæ машинæйæн йæхи дæр дæлвæндаг аппæрстой. Уыцы хъæлæба-хъæрахсты дæр бæрæг уыд, машинæ йæхи къæдзæхтыл куыд хоста, уый.

Йæ хæдуæлвæд дыккаг машинæ размæ феккуырсти. Уый дæр та нæ ауагътой лæппутæ. Бибо фембæрста хъуыддаг æмæ кæрдæгхуыз ракетæ суагъта. Партизанты нæмыгызгъалæнтæ скуыстой. Чи хæдæхстæй, чи гранаттæй – архайдтой рæвдз. Фашисттæ афтæ фергъуыйау сты æмæ исдуг нал зыдтой, цы кæнын сæ хъæуы, уый. Лидзæн дæр сын ничердæм уал уыди, фæстæмæ сын сæ фæндаг æрæхгæдта Хъасболаты къорд, уæлвæндагмæ сæ нæ уагътой иннæ партизантæ, сæ размæ та бадти Бибо...

Тох ахаста сæумæцъæхты онг. Партизантæй цæфтæ уый бæрц нæ уыд, æмæ Фаризæт фылдæр архайдта йæ хæдæхсæй... Стæй йæ хъус дардта Бибомæ æмæ йын æдзух æххæст кодта йæ бардзырдтæ. Мæнæ та ныр дæр иу-цалдæр æмбалимæ фæцæуæг хъæды дзыхмæ. Уыйонг ма чи баирвæзы фашисттæй, уыдонæн акалын кæнынц сæ хотыхтæ æмæ сæ уацайрæгты рæнхъы слæууын кæнынц...

Уалынмæ рауад, Фаризæт бынтондæр æнхъæл кæмæн нæ уыд, ахæм хабар. Дæле хъæуæй хъæды дзыхмæ цы къахвæндаг ис, ууыл æрбахызтысты дыууæйæ æмæ комкоммæ ‘рбараст сты

Фаризæтитырдæм. Разæй чи цыд, ууыл немыцаг афицеры дарæс, йæ къухы урс тырыса. Иннæ йын йæ фæскъæбутмæ наган дары, афтæмæй цæуы йæ фæдыл.

Дисы бахаудтой партизантæ: ныхмæлæууæджы минæвæрттæ уой, æмæ цæмæн у сæ иу æд хотых? Нæхионтæй исчи уа уыцы хотыхджын æмæ хионы хуызæн дæр нæу – йæ уæлæ немыцаг салдаты дарæс...

– Тагъд уæ хотыхтæ акалут æмæ уæ къухтыл хæрдмæ схæцут! – мæсты хъæр сыл фæкодта Фаризæт.

– Æмæ урс тырыса нæ уынут? Булкъон Зибман йæхицæн балæууæндон агуры партизантæм... – дзуапп радта салдат.

– Æмæ дзы уæд дæхæдæг та кæцытæй дæ? – афарста йæ партизантæй чидæр.

– Мæхæдæг?.. Æз та йæ хъахъхъæнгæ кæнын – цæмæй уын мачердæм алидза...

«Чи уа ацы дзæгъæлдзых, ныртæккæ хъазын кæй æндавы?» – ахъуыды кодта Фаризæт. Уæвгæ йын йæ хъæлæс кæйдæр мысын кодта, фæлæ йæ æххæст нæ ахста. Æниу æй уымæ æвдæлгæ дæр нæ кодта. «Сайгæ кæнынц, чидæриддæр сты», – алыг кодта Фаризæт, æмæ йæ хæдæхсæй иу рад ауагъта уæлдæфы. Афицер æмæ салдат тæрсæн æхст куы ницæмæ æрдардтой, уæд та сыл Фаризæт фæхъæр кодта:

– Æз загътон, уæ хотыхтæ акалут æмæ уæ къухтыл хæрдмæ схæцут! Иу къахдзæф дæр ма размæ – уæд уыдзæн уæ мæлæт!

– Алцæмæй дæр дæумæ хъусæг стæм, хорз чызг, æрмæсг нæ уæ раздзог Бибомæ фæхæццæ кæнут. Булкъон Зибман æндæр ницы хуызы разы кæны йæхи уацары радтыныл.

«Хорз чызг!» – хъустæй сæры магъзмæ, уырдыгæй зæрдæмæ фæдис ныццавтой уыцы дыууæ дзырды; бынтон зонгæ хъæлæс... «Ау, чи уа?» Иу цалдæр къахдзæфы ма бакодта, æнæзонгæтæ кæм лæууыдысты, уыцырдæм. Ныр Фаризæт дзæбæх æвзæрста зонгæ цæсгомы æууæлтæ. Кæсæн цæстыты бынæй йæм æрттывтой дыууæ цъæх цæсты. Фаризæт бирæ кæй уарзта, хуры тынтæ-иу зæрдæмæ сæхи кæцæй нывæзтой, уыцы дыууæ цæсты. Ныр æй судзынц сау калмы сау маргæй...

«Æ-æ... мæнæ кæй хъузджы балæстæ»... – ферттывта сæры, – уыдонимæ æрцæудзæн дæ мæлæт дæр». – Рахиз къух санитарон

хызыны куыд ауагъта, уый зонгæ дæр нæ бакодта Фаризæт. Уайтагъд амонæн æнгуылдз дамбацайы мæнгвæдæгыл фæхæст... Уайтагъд хъуыдыты суадон фестад сæры магъз.

Иутæ дзырдтой:

– Уый нæ бакæндзынæ ды, Фаризæт! – Иннæтæ йын амыдтой:

– Бакæс уал æм, чи зоны ницы гæнæг у æцæг!

Иу хатт ма ферттывта сæры: фехса, æви ма фехса?

Уалынмæ та Афæхъойы хъæлæс райхъуыст:

– Фаризæт! Мæ зынаргъ! Ма фехс. Мæхи мæт мæ нæй. Мæнæ дын булкъон аирвæздзæн!..

«Ноджы ма хынджылæг скъæры!» – загъта хинымæр Фаризæт æмæ нал бабыхста:

– Гадзрахатæй цæуæгæн – мæлæт! – йæ мæстджын хъæлæс райхъуыст æмæ мæнгвæдæгыл æрбахæцыд.

Гæрах анæрыд хъæды. Раст уыцы рæстæджы æрбалæууыд Бибо дæр сæ уæлхъус.

– Цы хабар у, Фаризæт, цы ‘рцыди ам?!

– Ай мын цæй тыххæй балæвар кодтай? Дзырд дын нæ радтон, иууыл æлгъагдæр знаджы дзы рафæлдахдзынæн, зæгъгæ? Фæивгъуыдтон...

Афæхъо раздæрау лæууыд йæ бынаты, йæ галиу къухæй хæцыд йæ рахиз цонгыл æмæ сæрыстырæй касти Фаризæтмæ.

Чызг та йæ ногæй систа милмæ.

Бибо фембæрста хъуыддаг æмæ феххæлыд Фаризæтмæ:

– Дæ хорзæхæй, ацы чызг, дæ зонд фæцыд?! Хион æмæ æцæгæлон куынæ уал зоныс...

– Фаризæт хынджылæг нæ кæны, – хъазгæ ‘мхасæн та йæ ныхас баппæрста Афæхъо æмæ, йæ дысæй туг кæм рахъардта, уырдæм æркаст.

– Тагъд лæппуйæн йæ цæф бабæдт!

– Йæ цæф?! – чызг фæрсæджы каст бакодта Бибомæ. Дамбаца фæстæмæ хызыны амбæхста æмæ дзы бинт сласта... Афæхъомæ нымдгæнгæ бакаст... «Хион æмæ æцæгæлоны куы нæуал зоныс», – Бибойы ныхæстæ та ауадысты йæ хъустыл æмæ цыдæр ныфсы стъæлфæнæн срухс йæ зæрдæ.

Иууылдæр кæрæдзи бамбæрстой, йæ алфæмблай цы цыд, уый не ‘мбæрста æрмæстдæр булкъон Зибман...

## V

Хуыссы уæлгоммæ Афæхъо. Цы ‘рцыди ууыл нæ хъуыды кæны. Йæ цæф дæр цыма уыйбæрц нæ риссы. Нæ йæ фæндыд, æруатон уа, уый. Фæлæ йæ Бибо æфсæддон рынчындонмæ тыхæйласæгау æрбакодта.

– Цæй, тагъддæр мын сæнæниз у, мæ хъæбатыр сгарæг! – райдыдта Бибо. – Иннæ хатт зондзынæ, алы ран хынджылæг скъæрын кæй нæ хъæуы...

Цæй хорз... Мах не ‘вдæлы, Хъасболат, штабмæ нæ цæуын хъæуы. Зон æй, Афæхъо: чи дæ фæцæф кодта, уымæй хуыздæр дын ничи схос кæндзæн – бавдæлут æмæ бафидаут!..

Бибо æмæ Хъасболат рацыдысты. Фаризæт бадти æнæдзургæйæ. Бирæ цыдæртæ йæ фæндыд зæгъын, фæлæ цæмæй райдыдтаид, уый нæ зыдта. Æрæджиау лæппу фæрæвдз йæхæдæг:

– Цæй-ма, дохтыр, кæд мын хос кæныс?!

Фаризæт ахуыр уыд Афæхъойы хъазæн ныхæстыл. Ныр дæр хорз æмбæрста, дохтыр æй цæмæн рахуыдта, уый. Æмæ йын æвдадзы хос фæци уыцы дзырдæппарæн. Цæстæнгас фæиртæст пъолæй, æмæ чызг лæппумæ бадзырдта йæ номæй:

– Нæ мæм мæсты кæныс, Афæхъо?

Уымæн та йæ хъазæн ныхас йе ‘взаджы цъуппыл абадт:

– Мæсты дæм кæнын, дард мæм кæй бадыс, уый тыххæй...

Фаризæт сыстад æмæ Афæхъойы сынтæгмæ хæстæг бацыд. Бандоныл æрбадт йæ цуры. Лæппу йæм йæ галиу къух радаргъ кодта. Йæ сæры хил ын рæвдаугæ фæстæмæ дауы.

– Ма змæл, Афæхъо, дæ цонг нæ риссы? – нымдгæнгæ загъта Фаризæт.

Уый уæддæр нæ уагъта йæ хъазæн ныхас:

– Уæд мæ знон бафарстаис: «Цы ран дыл ныххуырсон тæвд нæмыг, кæм дын нæ фæрисдзæн?».

Фаризæт фæкъæмдзæстыг, ницы сдзырдта, æрмæст Афæхъойы худынмæ уый дæр йæ мидбылты бахудт.

– Æз та афтæ ‘нхъæлдтон, æд «лæвар» мæ куы ауынай, уæд мын ныббардзынæ...

– Цæй лæвар, Афæхъо? – нæ йæ бамбæрста Фаризæт.

– Зноны булкъон дæ ферох, урс тырысаджын? Бибойы ныстуан мын уыди. Демæ, дам-иу æй райс... Æвæццæгæн, иууыл гыццыл мæргътæй нæу...

Фаризæт фыццаг хатт бахудти зæрдæбынæй.

– Афæхъо! Ды афтæ дзурыс, цыма, Бибойы загъдау, æцæгæй зокъо тонынмæ уыдтæ!.. Гъе, ахæм хъазæн ныхæстæ кодтай знон дæр... Æз та афтæ фенхъæлдтон, сайгæ мæ кæныс, зæгъгæ: дæхи уд цæмæй фервæзын кæнай, уый тыххæй нæм цыма фæзындтæ уыцы булкъонимæ фæдсафынæн... Ныххатыр мын кæн мæ рæдыд... Афæхъо...

– Æмæ зоныс дæ рæдыд, Фаризæт? – ныхас та ацахста Афæхъо... – Ды уымæй фæрæдыдтæ, æмæ рахиз цонджы нæ, фæлæ чысыл фалдæр зæрдæйы кæй нæ ауагътай тæвд нæмыг... Æрмæст та дын æй, цæй, куыннæ ныббарон? Ды уыцы рæдыд куы нæ ‘руагътаис, уæд...

– Уæуу, мæ боныл! Мæнæ мæхи къухæй мæхи куыд сæфтон... Ныр уæд та... – йæ хъуыды кæронмæ нал загъта Фаризæт, фæлæ йæ Афæхъо бамбæрста.

– Уæд ма ноджыдæр иу цард Райгуырæн бæстæйæн æрцыдаид нывонд. Фæстаг туджы ‘ртахы онг нæ уыдыстæм дзырд?

Фаризæтæн йæ зæрдæ æрбауынгæг æмæ йæ цæстытæ амбæхста Афæхъойæ. «Хъазæн ныхас ыл, æвæдза, хуыздæр фидауы», – бафиппайдта хинымæры чызг. Фæлæ Афæхъо хъазæн ныхас нал кодта:

– Æмбарын дæ, Фаризæт, дæ хæлар фашисты цармы дæ уæлхъус æрбалæууа, уый, кæй зæгъын æй хъæуы, æнцон нæу. Æниу, мæнæн æнцондæр уыд уыцы царм хæссын æнæхъæн æхсæз мæйæ фылдæры бæрц? Фæлæ, кæд хьуыддаг афтæ домдта, уæд та? Хъуыды ма кæныс, хъæдмæ куы цыдыстут, уæд уыцы бон нæ фембæлд? Уый размæ æрбаздæхтæн æз райкомæй... Бæргæ дын куы радзырдтаин уæд æппæт дæр, фæлæ нæ уыд гæнæн... Æмбарыс хабар дæхæдæг...

Фаризæт йæ сæр ныллæг æруагъта, Афæхъойы русмæ йæ рус бахаста, æмæ сæ уынæр нал райхъуыст. Гом рудзынгæй сæм уалдзыгон дымгæ æрбасимдта. Йемæ хъомысджын моторты уынæр æрбахаста. Фаризæт акасти рудзынгæй æмæ федта: зæххæн уæз кæнынц танктæ. Сæ рæхысдзæлхыты бын уымæл фæндаг рæдывстытæ кæны. Хъæбатыр хæстонтæ сыл размæ, Ныгуылæнырдæм, фæбырсынц... Фаризæтæн та йæ зæрдыл æрбалæууыд, иу хатт ын Афæхъо цы науы кой кодта, уый. Диссаджы хъуыдытæ æрзилдух кодтой сæры. Бафæндыд æй, Афæхъойæн сæ куы радзырдтаид,

уый, фæлæ йын куыддæр нæ рауад, æмæ райдыдта Афæхъойæн йæхи ныхæстæй:

– Æз ныртæккæ уыдтæн дæ науы…

– Цавæр нау у, Фари? – нæ бамбæрста Афæхъо.

– Мæнæ Афæхъо капитанæй кæм кусы, Фаризæт та – сæйраг дохтырæй, уыцы нау…

Афæхъо æрымысыд йæ сæнттæ, йæ сæр разыйы тылд бакодта æмæ йæ мидбылты бахудти.

Фаризæт дарддæр дзырдта:

– Капитан æмæ сæйраг дохтыр лæууынц палубæйы, кæрæдзимæ хæрзхæстæг, денджызы æгæрон тыгъдадмæ фæлгæсынц… Нау тындзы размæ, Ныгуылæнмæ. Уылæн – уылæнæй тæссагдæр – сыстынц йæ размæ, лæбурæг æм скæнынц сæхи, фæлæ сæ уый уыциу риуыгъдæн акæрды… Сæйраг дохтыр йæ мидбылты худы: уый разы у хъæбатыр капитанæй, йæ хуыздæр фæндиаг та – йемæ царды фыцгæ денджызы ленк кæнын. Бабыхс-ма, дам, иу чысыл, – зæгъы капитан, – мæ нау уал, дам, уæлахизæй ‘рбаздæха Ныгуылæнæй æмæ уæд… Уæууа, цæй фыддзырд мыл бахæцыд уый! – æрæджиау фæкодта Фаризæт.

Лæппу йын адарддæр кодта йæ ныхæстæ:

– Уæд сæххæст уыдзысты капитан æмæ сæйраг дохтырæн сæ бæллицтæ, афтæ зæгъын фæндыд дæу! О, мæхи Фари, дæуæй хуыздæр чызг нæй дунейыл!

– Дæуæй хуыздæр та – лæппутæй!

Сæ кæрæдзимæ фæкомкоммæ сты исдуг, стæй сæ зæлланг кæл-кæл райхъуыст…

# АРВИСТОН

## ЭЗОПЫ ÆМБИСÆНДТÆ

### 138. Тæрхъустæ æмæ хæфсытæ

Тæрхъустæ бамбæрстой, бынтон тæппуд кæй сты, уый æмæ сфæнд кодтой цæугæдоны сæхи баппарын. Къардиуы сæрмæ æрбацыдысты. Хæфсытæ сын сæ къæхты хъæр куы айхъуыстой, уæд малмæ ныссæрræттытæ ластой. Тæрхъустæй сæ иу ауыдта æмæ йе ‘мбæлттæм дзуры: «Нæхи цæмæн сафæм, махæй ма тæппуддæртæ куы ис?

Адæм дæр афтæ сты: искæй æнамонд хабæрттæ сын ныфсы хос фæвæййынц æмæ сæхи бæллæхтæн хуыздæр фæразын байдайынц.

### 139. Кæсагдзау маргъ æмæ цъиусур

Кæсагдзау маргъ денджызæй кæсаг фæцъортт ласта, фæлæ йæ куы фæцæйныхъуырдта, уæд йæ хурхы ныссагъд, æмæ мардæй денджызы ныххауди. Цъиусур æй ауыдта æмæ загъта: «Гормон, маргъæй куы райгуырдтæ, уæд дæ денджызы цы хъуыддаг уыд?»

Цæмæ арæхсыс, уыцы хъуыддаг куы ныууадзай æмæ æндæрмæ куы бавналай, уæд фыдбылызы амæддаг суыдзынæ.

## 141. Домбай æмæ хæфс

Домбайы хъустыл ауади хæфсы уаст. Афтæ банхъæлдта, цыма йæ фæстæ цавæрдæр стыр цæрæгой ис. Фæкаст æмæ дын мæнæ йæ цуры – хæфс. Домбай йæ йæ дзæмбыйæ æрцъист кодта æмæ йæхицæн дзуры: «Хъæрæй тæрсын нæ хъæуы, фæлæ асæй».

Æмбисонд æвдисы, æрмæстдæр æвзагæй чи кусы, дзæгъæл дзæнгæда цæгъдын йеддæмæ чи ницы зоны, ахæм адæймаджы.

## 142. Домбай æмæ рувас

Домбай базæронд, йæхицæн холы амал кæнынхъом нал уыд æмæ йæ зæрды æрæфтыди хинæй цæуын. Лæгæтмæ бабырыд æмæ рынчынæфсон скодта. Сырдтæ йæм рынчынфæрсæг цæуын байдыдтой. Домбай сæ ахста æмæ хордта. Бирæ сырдтæ бабын афтæмæй. Рувас ын йæ хиндзинад базыдта, лæгæтмæ æввахс бацыд æмæ фæрсы домбайы, куыд дæ, зæгъгæ. «Мæ уаваер хорз нæу», – загъта домбай. – Æмæ мидæмæ цæуылнæ æрбахизыс?»

Рувас ын афтæ: «Бæргæ бахизин, фæлæ уынын: мидæмæ бирæ фæдтæ цæуы, æддæмæ та – иу дæр нæ».

Æмбаргæ адæймаг, цæмæй фыдбылызæй хызт уа, уый тыххæй рагацау бæстон ахъуыды кæны, алцыдæр бахынцы.

### 144. Домбай æмæ зæхкусæг

Домбай зæхкусæджы фосдонмæ бахъуызыди. Хæдзары хицауы зæрды æрæфтыди сырды æрцахсын: фосдоны кулдуар æддæрдыгæй ахгæдта. Домбайæн рацæуæн нал уыд æмæ раздæр фысты фæцагъта, стæй та стуртæм бавнæлдта. Хæдзары хицау фæтарст æмæ кулдуар байгом кодта. Домбай афардæг, уæдæ

цы уыдаид. Хæдзары ‘фсин йæ læджы митæм каст æмæ йæм дзуры: «Адæм дардмæ дæр æмризæджы кæмæй ризынц, уыцы тугдзых сырдыл фосдоны кулдуар куыд сæхгæдтай, гормон?»

Йе ‘нæсæрфат митæй йæхицæй тыхджындæрты чи ракъахы, уымæ фыдбылыз кæсы.

## 190. Хæрæг, сынт æмæ бирæгъ

Хæрæг хызтис уыгæрæны. Йæ рагъ уыд æфхæлдтытæ. Ноджы ма йыл сынт абадт æмæ йын йæ бырынкъæй йæ хъæдгæмттæ цавта. Хæрæг уасыди, фырадæргæй чъыллиппытæ кодта, йæ хицау та иуварс лæууыд æмæ худæгæй мард. Уыцы афон сæ рæзты бирæгъ фæцæйцыд æмæ, æбуалгъ ныв ауынгæйæ, йæхицæн загъта: «Æвæдза, мах æнамонд куыннæ стæм! Адæм нæ куыддæр ауынынц, афтæ нæ сурынтæ байдайынц, фæдис сисынц. Ныр сынт хæрæджы хъизæмарæй мары, йæ хицау та йыл худæгæй мæлы!»

Æмбисонд æвдисы: хæрамзæрдæ адæймæгтæ дардмæ дæр бæрæг дарынц.

## 192. Карк æмæ зæрватыкк

Карк дын калмы æйчытæ куы ссарид æмæ сыл къуыртты куы сбадид. Уалынджы læппынтæ дæр рауагъта. Зæрватыкк æй федта æмæ йын бауайдзæф кодта: «Гъе, æдылы къоппа! Ахæм цотæй цы кæныс? Уыдон куы байрæзой, уæд дын дæхи кæй бабын кæндзысты, уый не ‘мбарыс?»

Фыд-зæрдæ адæймагæн цыфæнды хорзы куы бацæуай, уæддæр дын бæсты нæ ацæудзæни.

## 193. Цъиутæ ахсæг æмæ хæрдмæдзог цъиу

Иу læг цъиутæ ахсынвæнд скодта. Къæппæг куыд сæвæрдта, афтæ йæ хæрдмæдзог цъиу ауыдта æмæ йæ фæрсы, цы ми кæныс, зæгъгæ. Læг ын дзуапп радта: «Сахар аразын, сахар!» – æмæ иуварс ацыди.

Хæрдмæдзог цъиу ыл бауæнды, æввахс бацыди, къæппæджы цур цы къæбæры муртæ уыд, уыдон уидзын байдыдта æмæ, цы зæгъын æй хъæуы, æваст къалатийы смидæг. Лæг æм базгъордта æмæ йæ рацахста. Уæд ын хæрдмæдзог цъиу афтæ: «Гъей, хорз лæг, кæд ахæм сахартæ аразыс, уæд дын дзы бирæ цæрджытæ нæ уыдзæни!»

Æмбисонд æвдисы: паддзахады сæргъы æнаккаг хицæуттæ куы фæлæууы, уæд цæрджытæ сæхи æндæр рæттæм исын байдайынц.

## 194. Цъиутæ ахсæг æмæ къадз

Цъиутæ ахсæг хърихъуппытæн быдыры хыз байтыдта, кæд дзы исчи бахауид, зæгъгæ. Йæхæдæг иуварс ацыд æмæ æнхъæлмæ кæсы. Хърихъуппытимæ хызы бахауди къадз дæр. Лæг æм базгъордта, уæдæ цы. Къадз лæгъстæтæ кæны лæгæн, ма мæ амар, зæгъгæ. Æз, дам, адæмæн пайда куы хæссын, кæлмытæ æмæ æндæр ахæм хилджыты куы цæгъдын. Цъиутæ ахсæг ын дзуапп радта: «Кæд цыфæнды пайда дæ, уæддæр ныр цъаммартимæ дæ æмæ нал аирвæздзынæ».

Махæй алчидæр хъуамæ йæхи иуварс ласа æнаккæгтæй, цæмæй нæхиуыл дæр æнаккаджы ном ма сбада, уый тыххæй.

## 195. Теуа

Адæм теуайы фыццаг хатт куы федтой, уæд дзы фæтарстысты æмæ фæйнæрдæм лидзын байдыдтой – ахæм стыр æмæ æнахъинон сæм фæкасти. Фæлæ сабыр цæрæгуд у, уый куы базыдтой, уæд æм хæстæг бацыдысты. Теуа æппындæр мæсты кæнын нæ зоны, уый бамбæрстой æмæ йыл дзылар дæр бакодтой. Суанг ма дзы сабитæ дæр хъазын байдыдтой.

Алцыдæр ахуырæй у – ахæм у æмбисонды хъуыды.

## ЦИТАТÆТÆ

* * *

Куыд и кæрæдзимæ æрбангом кæнæн бирæгъты æмæ фысты, тугдзых сырдты æмæ сæ амæддæгты? Паддзахад йе ‘ргом не здахы, тæккæ цауддæр тахынæг деликатес кæмæ кæсы, кæнæ цалдæр раны кусгæйæ дæр йæ къухтæм æмхасæнтæ чи кæны, науæд Малышевайы телеравдыст «Здоровье»-йы амындтытæм гæсгæ хостæ балхæнынæн йæ пенси дæр фаг кæмæн нæу, уыдонмæ. Хорз уаид, телеуынæн ахæм равдыст куы саразид: «Куыд и фæцæрæн, дæ пенси 8000 сомы йеддæмæ куынæ уа, уæд». Ноджы хуыздæр та уаид, æппæты къаддæр мызд (5965 сомы) чи исы, уыдонæн цæрын бацамонын.

***Николай Губенко***
*АиФ, 2015, № 47*

* * *

Слестгæнæг комитеты кусæг Владимир Маркин бахаста ахæм фæндон: хъылмахæццæ ностæй базаргæнджыты, дам, банымайын хъæуы лæгмартыл æмæ, дам сын тæрхон дæр хъуамæ хæссæм, лæгмартæн куыд хæссæм, афтæ. Фæлæ закъонтæ куыд æмбæлы, афтæ цæуылнæ æххæст кæнынц, стыр бæллæхтæ цалынмæ æрцæуы, уæдмæ цæмæн фенхъæлмæ кæсынц?

Граждайнаг æхсæнад нæм куынæ фæзына, уæд хицæуттæм адæм нымады никуы уыдзысты. Ноджы фыддæр та уый у, æмæ иуæй-иу хæрзæгъдау адæймæгтæй фæстæмæ иннæтæ дæр адæммæ ахæм цæстæй кæй кæсынц. Уымæ гæсгæ маргхъæстæ спъирттæй иу дæс адæймаджы куы амæлы, уæд сыл тыхсгæ дæр нæ бакæнынц – ома уыдон ничи сты. Æмæ дæсгай минтæ сæфынц уыцы æнæхайыры алкоголæй.

Адæмы хъысмæт фыццаджы-фыццаг хицæуттæй аразгæ у. Уыдон та адæмы нымайынц цавæрдæр цæрæгойты дзугыл, алцæмæн дæр чи бабыхсдзæн, ахæмтыл. Кæддæр Сталин цæйау загъта 1945 азы уæлахизы фæдыл: «Выпьем за долготерпение русского народа. Ибо другой народ мог бы сбросить эту власть, сказав: «Мы вам больше не верим». Сталин хорз зыдта: нæ сæ раппардзысты! Æмæ æз куы фæуынын, сахарты асфальт кæнæ паркты гæрæнтæ ивынц, уый, уæд æй зонын: цы ‘хца сын ра-

дихчынд, уый смидæг уыдзæни кæйдæрты дзыппыты. Къаннæг бизнес дагъытъайлаг куы бакæнынц, чысыл ларектæ æмæ дуканитæ куы сæхгæнынц стыр базаргæнджыты пайдайæн, уæд æй цы бамбарын хъæуы: уыцы æнаккаг митæ чи кæны, уыдон адæмы ницæуыл нымайынц, хонынц сæ быдылотæ. Уымæн æмæ хицæуттæн сæ устытæ ларектæм не згъорынц – царды æппæт хæрзтæ дæр сын ласынц сæ лæггадгæнджытæ.

Æмæ цалынмæ Уæрæсейы æцæг граждайнаг æхсæнад арæзт не ‘рцæуа, уæдмæ уыдзæн афтæ. Граждайнаг æхсæнадæн та йæ бон уаид цаварфæнды тугцъир чиновничы дæр йæ бынатæй разыввытт ласын, йæ давæггаг исбон, йæ хъылма алкоголæй цы дуканитæ байдзаг сты, уыдон конфискаци скæнын, йæхи та йын бирæ азты дæргъы ахæстоны фæдарын. Граждайнаг æхсæнады бон ноджы уаид, тæрхонæй фервæзыны охыл гæртам раттынвæнд чи скæнид, уый дæр 10 азы æмгъуыдмæ ахæстонмæ батæрын.

Паддзахадон структурæйы куыст бæстон бæрæг чи кæна, ахæм æхсæнад нæм цалынмæ нæ фæзына, уæдмæ нæ адæм мæлдзысты хъылмайæ, машинæтæ æмæ хæдтæхджытæ æд адæм сæфдзысты, бирæ æнусты дæргъы нæм цы æвирхъау бæллæхтæ цæуы, уыдонæй нын фервæзæн нæ уыдзæни. Варягтæ нæм куы ‘рбацыдысты æмæ славянтæй, финно-угртæй, вестæй, чудь æмæ мерийæ цагъайрæгтæ куы сарæзтой, уæдæй ардæм удхæрттæй, бæллæхтæй йемыдзаг у нæ истори. Уыдонæй равзæрдис, æгæрон фыдæбæттæ чи бавзæрста, уыцы стыр адæм.

***Михаил Веллер***
*АиФ, 2015, № 51*

* * *

Адæмы фылдæр хай Сталины фыдракæндтæ нæ зоны, кæд уыдон тыххæй тынг бирæ чингуытæ фыст æрцыд, уæддæр. Æз студенттæн фæдзурын, Сталин хæсты размæ Сырх Æфсады разамонджыты кæй фæцагъта, уый: 5 маршалæй æртæйы фехстой, 16 командармæй 14. Корпусты командиртæ уыдысты 62 æмæ дзы 58 амардтой, 201 дивкомæй ныццагътой 122. Хъахъхъæнынады адæмон комиссары хæдивджытæй фæхъуыдис 8, хæстон академиты хицæуттæй та – 13. Бригкомтæй маршалты онг куы нымайæм, уæд хæсты размæ репресситы бахаудтой 412 хæстон разамонæджы.

* * *

Салтыков-Щедрин нæ адæмы тыххæй раст бафиппайдта: «...участвуют во всех пакостях и хохоча приговаривают: ну где такое безобразие видано?!»

***Георги Мирский***
*АиФ, 2015, №46*

* * *

Фæстаг дæс азы æппæты трагикондæр цауыл раздæрау нымайын Беслæны хабар. Схонæн ын ис, æмбал кæмæн нæма уыд, ахæм катастрофæ. Фидæны йын алыхуызон аргъгæнджытæ уыдзæни, фæлæ ныртæккæ фыццаг æмæ бæлвырд æвдисæн у, нæ хицауад ацал-ауал азы йæхи хибар дунейы кæй цæры, уымæн.

***Дмитри Быков***
*АиФ, 2012, № 51*

* * *

Паддзахад хъуамæ йæ адæмы разæнгард кæна фæрнæйдзаг хъуыддæгтæ аразынмæ, сфæлдыстадон куыстмæ – царды кæцыфæнды къабазы дæр. Махмæ та бынтон иннæрдæм у – паддзахад цъист кæны, рæстырдæм чи хæцы, уыдоны фæндтæ, нæхæдæг дæр æмæ нæ кæстæртæ дæр бæстæйæн исты хорзы бацæуой, ууыл нæ архайы, æмæ фидæныл æууæнкæй бавдæлон стæм.

***Олег Басилашвили***
*АиФ, 2012, № 44*

## НОМДЗЫД АДÆЙМÆГТЫ ЦАРДÆЙ

Леонардо да Винчи уарзта хæрзхуыз сылгоймæгты, фыдызгъæл нæ хордта, уыди тыхджын, спорты-иу йæ ныхмæлæуджытыл фæуæлахиз, цæфхад-иу йæ къухтæй асаста, хорз æхста фат æмæ æрдынæй, бæхыл бадынæй, ленк кæнынæй йæ разæй никæй уагъта, хæргæ та тынгдæр кодта хыссæйæ конд минас, уарзта салат дзымариимæ, сæн донимæ хæццæйæ æмæ сæнæфсиры хустæ.

* * *

Англисаг пилот Джеймс Сендерс куыд дзырдта, афтæмæй 1940 азы йæ хæдтæхæджы бадтысты Уинстон Черчилль æмæ йæ цардæмбал Клементина. Ус хъавыди Черчиллы амарынмæ, фæлæ йын Сендерс йæ дамбаца байста. Черчилль æмæ йæ ус æппындæр нæ фидыдтой, чи зоны, «XX æнусы цытджындæр британаг» йæ усыл гадзрахатæй кæй цыд, æндæр сылгоймæгтимæ æмдзæхдон кæй кодта, уый тыххæй.

* * *

Наполеон уыд тынг æнæниз, æмæ йæм-иу кæд хатгай эпилепсийы миниуджытæ фæзынд, уæддæр æй уый цæрын нæ хъыгдардта. Иу версимæ гæсгæ Наполеон Сыгъдæг Еленæйы сакъадахыл амардис ахсæны ракæй. Америкаг эндокринолог Роберт Гринблаты хъуыдымæ гæсгæ та амарди гормоналон низæй. Цæвиттон, куыдфæстæмæ нæлгоймаджы хуыз æмæ миниуджытæ сафын райдыдта æмæ райста сылгоймаджы хуыз æмæ миниуджытæ. Уымæн æвдисæн сты, Бородинойы хæсты размæ йæ къæхтæ тынг кæй рæсыдысты, стæй Дрезденмæ бабырсыны размæ йæ ахсæн фыдрыст кæй кодта, уыдæттæ. Тынг бафæлладі Лейпцигы хæцгæйæ, йæ нервытæ слæмæгъ сты, фыддæр уавæры та Ватерлоойы бахаудис. Иудадзыг кодта хæрзхуыздæр æмæ боныфæстагмæ ссис сылгоймаджы халдих.

Газет «Гардиан» куыд хъусын кæны, афтæмæй Наполеонæн йæ мæлæты фæстæ йæ буар куы акъæртт кодтой, уæд рабæрæг: нæлгоймаджы миниуджытæй йæм ницыуал баззад, цæвиттон, ссис сылгоймаг.

## АНЕКДОТТÆ

* * *

Космосон нау æрбатахт æндæр планетæйæ Зæхмæ. «Уазджытæ» байхъуыстой Уæрæсейы Паддзахадон думæйы депутаты ныхæстæм, Тимотийы зарджытæм, Петросяны юормæ æмæ æрæнкъард сты. Бамбæрстой: нæ та сын бантыст æд-зонд, хъуыдыгæнæг цæрджытæ кæм ис, ахæм цивилизаци ссарын.

* * *

255 азы размæ, 1760 азы 27 августы, императрицæ Елизаветæ рауагъта, паддзахадон кусджытæн гæртæмттæ исыны бар кæй нæй, уый тыххæй закъон. Фæлæ уыцы закъон æххæст кæнын кæд райдайдзысты, уый а дунейыл ничи зоны.

* * *

Уæрæсейы ма иунæг олигарх баззад æмæ дын Путинмæ куы бацæуид. Дзуры йын:

– Владимир Владимирович, кæддæр læварæмхасæн цы завод балхæдтон, уый фæстæмæ паддзахадæн радтон, фæсгорæты мын цы æртæуæладзыгон хæдзар ис, уый сабиты рæвдауæндонæн балæвар кодтон, хъалонтæ иууылдæр бафыстон мæхи æмæ мæ хæстæджыты тыххæй. Ныр курын æмæ мын бар ратт фæсарæнтæм ацæуын.

Путин:

– Æмæ рагон уырыссаг æгъдау рох фæкодтай? Балцы цæуыны размæ иуцъус абадын фæхъæуы.

* * *

Иу сылгоймагæн йæ раздæры læг ракуырдта сæ сыхæгты æрыгон чызджы. Уæд дын сылгоймаг дæр куы бавдæлид æмæ уыцы чызгæн йæ фыдмæ куы смой кæнид. Цæвиттон, йæ раздæры лæгæн йæ усы мад ссис.

* * *

Чызг фæсæмбисæхсæв æрбацыди сæхимæ. Дзуры йæ фыдмæ:

– Нæмгæ мæ ма фæкæн. Мæхи хорз дардтон куывды. Иууылдæр нызтой, æз нæ нызтон, чызджытæ се ‘ппæт дæр лæппутимæ батæ кодтой, æз та иу хуыпп дæр не скодтон, салаттæ хордтон, фæкафыдтæн... Уæдмæ бон дæр æрбарухс æмæ, куыд уыныс, афтæмæй мæнæ дæ цуры бадын. Дæ чызг зонды къуыбылой у, зонды къуыбылой... Æнхъæлдæн, мæ цæмæй дæр бафæрсинаг дæ...

– ДÆ КЪАБА КÆМ И?

* * *

Кæсын мæ гыццыл чызгæн аргъау: «Царди-уыди иу læг. Уыдис ын æртæ фырты. Хистæр зондджын уыд. Уый кæстæр – цауддæр, æртыккаг та – бынтон æдылы...»

– Нана, æмæ уыцы лæппутæн сæ фыд рынчын уыди?
– Уый та дын чердыгон ныхас у?
– Уæдæ йæ лæппутæ куыдкæстæрæй æдылыдæр цæмæн кодтой?

* * *

Иу лæгæн балæвар кодтой тутицъиу. Уыди тынг рæсугъд, фæлæ иудадзыг загъд кодта, стæй æвзæртæ дзырдта:

– Дæ ус дæр, дæ усы мад дæр, дæхæдæг дæр афтæ уфтæ!

Лæг ын амыдта, ма кæн, мæ къона, нæ фидауы загъд кæнын, æвзæртæ дзурын худинаг у. Къалати дæр-иу бамбæрзта, фæлæ уæддæр æнæхайыры цъиу йæ кæнон нæ уагъта. Уæд дын æй лæг уазалгæнæны куы баварид. Иу дæс минуты уырдыгæй уынæртæ æмæ загъд-замана хъуысти, стæй уат æрсабыр. Хæдзары хицау уазалгæнæны дуар байгом кодта, æмæ дын тутицъиу сабырæй дзурын куы байдаид:

– Ныххатыр мын кæнут, æз раст нæ уыдтæн, фæсмон кæнын мæ митыл. Дæ ус дæр, дæ усы мад дæр, дæхæдæг дæр иттæг хорз адæймæгтæ стут, æз та ницæйаг, НЫББАРУТ МЫН!!!

Хæдзары хицауæн йæ зæрдæ суынгæг æмæ фæлмæн хъæлæсæй афтæ:

– Цæй, ницы кæны, царды алцы дæр æрцæуы, ферох кæнæм нæ мæстытæ.

Уæд æм тути ноджы фæлмæндæрæй дзуры:

– Ныббар мын... Бафæрсын аипп ма уæд, фæлæ МÆНÆ УАЗАЛГÆНÆНЫ ЦЫ КАРК ИС, УЫЙ ТА УЫН ÆВЗÆРÆЙ ЦЫ РАКОДТА?

* * *

Гæды гномыл* сæмбæлди. Фæрсы йæ:

– Чи дæ, цы дæ?

– Æз дæн гном. Адæмæн алы æвзæр митæ кæнын: сæ дзауматæ сын халын, хъæрахст сисын æхсæвыгæтты, хуыссын сæ нæ уадзын. Ды та чи дæ?

Гæды ахъуыды кодта, стæй æрæджиау афтæ:

– Уæдæ æз дæр гном дæн...

---

* Гном – европейаг мифологийы адæймагæнгæс цæрæгуд, дæлæмæдзыд, фыдконд, цæры дæлзæхх, йе та хъæды кæнæ хæхты. Ис ын даргъ боцъо, хъазы кæнæ сæгъы къæхтæ...

*Цъары фæрстыл*

*2. Цъары фæрстыл – польшæйаг скульптор* ***Малгожата Ходаковскаяйы*** *конд фонтантæ.*

* * *


| | |
|---|---|
| *Шеф-редактор* | *Ирида КОДЗАТИ* |
| *Корректор* | *Заира КАРАЦЕВА* |
| *Дизайн* | *Залина ГУРИЕВА* |
| *Компьютерный набор* | *Марина КИРГУЕВА* |

*Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алания.*

*Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00107 от 10 декабря 2014 г.*

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

*Журналмæ цы къухфыстытæ цæуы, уыдон редакци рецензи нæ кæны, стæй сæ авторгæн фæстæмæ нæ дæтты.*

*Учредитель и издатель:*
*Министерство культуры РСО-Алания.*
*362040. г. Владикавказ, ул. Джанаева, 20.*

*Адрес редакции: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста 11.*
*E-mail редакции: mahdug@mail.ru; http: // www.mahdug.ru.*
*Тел.: гл. редактор – 25-09-64; зам. гл. редактора, отдел прозы – 25-20-52; отдел поэзии, корректор – 25-09-74; бухгалтерия – 25-22-47.*

*Подписано к печати 05.02.16. Формат издания 60x84 1/16. Бум. офсет. № 1. Гарнитура шрифта Myzl. Печать офсетная. Усл. п. л. 8,37. Учетно-изд. л. 7,27. Тираж 1100 экз. Заказ № 56. Цена свободная.*
*Выход из печати 30 февраля 2016 г.*

*Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис»*
*РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.*

Индекс 73247